Цæгат Ирыстоны Ахуырад æмæ наукæйы министрад

**Дзадзаты Р.М.**

# ИРОН НЫХАСЫ РÆЗТЫЛ КУЫСТ
# кæстæр къорд

(3–4-аздзыд сабитæн)

Дзæуджыхъæу
2009

74.268.1
Д 16

Методическое пособие подготовлено в рамках проекта «Теория и практика полилингвального образования на Кавказе» кафедры ЮНЕСКО Северо-Осетинского государственного педагогического института.

Руководитель проекта – доктор филологических наук, профессор **Т.Т. Камболов**

ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

Д 16 **Дзадзаева Р.М. Развитие осетинской (иронской) речи как родной (младшая группа):** Методическое пособие. – Владикавказ: *ИП* Валиева И.С., 2009, – 108 с.

74.268.1

© МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ РСО–А, 2009

© Дзадзаева Р.М., 2009

© *ИП* Валиева И.С., 2009

Настоящее методическое пособие разработано сотрудниками кафедры ЮНЕСКО СОГПИ в соответствии с базовыми принципами «Концепции осетинского национального образования». Конспекты созданы на основе «Примерной общеобразовательной программы воспитания, обучения и развития детей раннего и дошкольного возраста» под редакцией Л.А. Парамоновой, включающей базисное содержание образовательного процесса в дошкольных учреждениях и предусматривающей вариативность ее реализации. Выбор этой программы, обусловлен наличием в ней наработок по деятельности двуязычного детского сада. Создавалась эта программа как основа для региональных и авторских методических разработок, поэтому она и получила название «Примерной». В разработанных конспектах национально-региональный компонент включается в образовательное пространство ДОУ как полноправная составляющая часть обучения и развития ребенка.

В целях создания единого образовательного пространства в детском саду был разработан единый перспективно-тематический план. Тематическое единство прослеживается во всех видах занятий, а также в других режимных процессах. Организационная форма всех занятий – подгрупповая, основанная на свободной деятельности ребенка в образовательной среде. Основным методом обучения дошкольников на занятиях является дидактическая игра.

Изучение каждой темы начинается на занятиях по ознакомлению с окружающим миром, проводимых в начале каждой недели. Далее, в рамках остальных видов учебной и воспитательной деятельности, происходит расширение и углубление представлений по изучаемой теме.

Авторский коллектив рассчитывает на конструктивное сотрудничество со своими коллегами и просит направлять все замечания и пожелания по настоящему методическому пособию по адресу:

362003, РСО-Алания г. Владикавказ, ул. К. Маркса, д. 36, Северо-Осетинский государственный педагогический институт, кафедра ЮНЕСКО.

Телефон: (8672) 53-89-73

# ПЕРСПЕКТИВОН-ТЕМАТИКОН ПЪЛАН КÆСТÆР КЪОРДÆН (ИРОН ÆВЗАГ)

| Мæй | Темæ | Мырон культурæ | Дзырдуатон куыст | Ныхасы грамматикон арæзт | Ныхасы рæзтыл куыст. Баст ныхас |
|---|---|---|---|---|---|
| **Сентябрь** | Бинонтæ<br>Рæвдауæндон | Мыртæ раст дзурыныл архайын. Сабиты фæлтæрын мыртæ сыгъдæг дзурыныл: дывæр мыртæ раст дзурын: лæ**пп**у, лæ**пп**ын; чыз**г**, ма**д**, фы**д**. | Сабиты зонгæ кæнын сæ бинонтимæ: *нана, баба, мад, фыд.*<br>*Рæвдауæндон; рæвдауæг, хъомылгæнæг.* | Сабиты ахуыр кæнын номдартæ ивгъуыд æмæ нырыккон афоны мивдисджытимæ раст бæттыныл: *Нана лæууы; баба цæуы. Нана лæууыди; баба ацыди.*<br>*Рæвдауæг уат æфснайы.*<br>*Рæвдауæг уат бафснайдта.* | Сывæллæтты ахуыр кæнын фæрстытæн æххæст дзуапп дæттын.<br>*Баба цы ныссагъта? Баба ныссагъта бæлас.*<br>*Нана цы æртыдта бæласæй?*<br>*Нана бæласæй æртыдта фæткъуытæ.* |
| **Октябрь** | Фæззæг<br>Халсартæ<br>Дыргътæ | Сабиты фæлтæрын хицæн дзырдтæ раст дзурыныл: **джитъ**ри-ми**тъ**ри;<br>**къ**абуска, фæт**къ**уы. | Зонын халсарты нæмттæ. Дыргъты нæмттæ. Цавæр бæлæстыл зайынц, кæм зайынц халсартæ: *фæткъуыбæлас; хуым.* | Сывæллæтты ахуыр кæнын номивджытæ ивгъуыд æмæ нырыккон афоны мивдисджытимæ раст бæттыныл. *Нана æмæ баба ныссагътой булкъ.*<br>*Æз æртыдтон булкъ.*<br>*Ды бахордтай фæткъуы. Æз хæрын фæткъуы.* | Сабиты ахуыр кæнын хъомылгæнæджы фæрстытæн æххæст хъуыдыйæдтæй дзуапп дæттын. Архайын цыбыр æмдзæвгæ хъомылгæнæгимæ дзурыныл. «Рæвдауæндон».<br>*Дæ мад дæ кæдæм æрбахуыдта?*<br>*Мæ мад мæ æрбахуыдта рæвдауæндонмæ.* |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Ноябрь** | Фæззæг.<br>Нæ цæрæнбынат<br>Буары хæйттæ.<br>*(адæймаджы; цæрæгойы.)* | Сыгъдæг дзурын дзырдтæ хъæрæй, сабыр-гай, тагъд.<br>Сыфтæр сыбар-сыбур, тæрхъус сæпп-сæпп, **къ**ах лæууы – лæууы.<br>**Къ**ух къæрцц-**къ**æрцц кæны. | Бафидар кæнын халсартæ æмæ дыр-гъты нæмттæ; цавæр хæринæгтæ сæ кæнынц: *(борщ; салат; адджын дон; вареннæ, джем.)*<br>Нæ цæрæнбынат: *(хъæу, хæдзар, кæрт, уынг.)*<br>Адæймаг æмæ цæрæ-гойты буары хæйттæ. | Сывæллæтты сюжетон нывмæ гæсгæ ахуыр кæнын фæрстытæн **чи? цы? цы кусы? кæм лæууы?** дзуапп дæттыныл.<br>Æмбарын хъомыл-гæнæджы ныхас æмæ йæ фæстæ дзурын. | Архайын хъомылгæнæджы фæстæ 2–3 хъуыдыйады дзурын нывтæм, кæннод предметтæм кæсгæйæ.<br>*«Мæнæ мæ хæдзар. Мæ хæдзар у рæсугъд.*<br>*Ис нын стыр кæрт. Кæрты хъазынц сабитæ».*<br>Ахуыр кæнын цыбыр æмдзæвгæтæ. |
| **Декабрь** | Хъазæнтæ<br>Зымæг | Сабиты фæлтæрын ирон æвзаджы мыртæ раст æмæ сыгъдæг дзурыныл: *(хъыст-хъыст; къæс-къæс; цъæх-цъæхид.)* | Сывæллæтты зонгæ кæнын, сæ алфамбы-лай цы хъазæнтæ ис, уыдонимæ. Зонын сын сæ нæмттæ.<br>Зонгæ кæнын сабиты миногонтимæ: *(урс, уа-зал, хæмпус, фæлмæн.)* | Сывæллæтты фæлтæрын номдартæ иууон нымæцæй бирæон нымæцмæ ивыныл:<br>машинæ – машинæ**тæ**;<br>пурти – пурти**тæ**;<br>миты гæлæбу – миты гæлæбу**тæ**;<br>къалиу – къалиу**тæ**;<br>хъазæн – хъазæн**тæ**. | Сывæллæтты ахуыр кæнын хъазæнтæм кæсгæйæ фарстытæн дзуапп дæттыныл: *(цы? цы кусы? кæм? кæцæй?)*<br>*Цы у?* Тæрхъус. *Цы кусы?*<br>Тæрхъус хæры уырыдзы?<br>*Кæм цæры?* Тæрхъус цæры хъæды. Кæцæй рацыд тæрхъус?<br>Тæрхъус рацыд хъæдæй.<br>*Кæцæй райстай хъазæн?*<br>Хъазæн райстон тæрхæгæй. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Январь** | Цæрæгойтæ Зымæг Ног азы бæрæгбон | Сабиты фæлтæрын мыртæ раст фæзмыныл: Фæлтæрæн: «Чи куыд зары?».<br>арс – э-э-э, э-э-э.<br>сæгъ – м-э, м-э.<br>хъаз – хъа-хъа | Бафидар кæнын дзырдуаты цæрæгойты æмæ сæ цæрæнбынæтты нæмттæ: *рувас; бирæгъ; арс; тæрхъус; æхсæрæг; лæгæт; хуыкком, мæра.*<br>Зонгæ кæнын миногонтимæ: *ног, цъæхцъæхид, цыргъ, фæлмæн, судзинау.* | Сывæллæтты зонгæ кæнын хайыгтæ **о** æмæ **нæ**-имæ:<br>*Арс фынæй кæны?*<br>*О. Арс фынæй кæны.*<br>*Рувас дæр фынæй кæны?*<br>*Нæ. Рувас фынæй нæ кæны.* | Сывæллæтты ахуыр кæнын хъомылгæнæджы фæстæ æххæст хъуыдыйæдтæй дзурын, нывтæ æмæ предметтæм кæсгæйæ. Ахуыр кæнын хъомылгæнæгимæ цыбыр æмдзæвгæтæ: «Æхсæрæг», «Заз бæлас». æ.а.д. |
| **Февраль** | Мигæнæнтæ æмæ хæринаг Дарæс, мебель | Сабиты фæлтæрын кæнын мыртæ сыгъдæг æмæ раст дзурыныл.<br>Архайын дзырдтæ хъæрæй, сабыргай æмæ дæргъвæтин дзурыныл: *къ-къаабаа; ззаз; ззымæг; уаззал. скъ**аа**пп; къæдз**ии**л.* | Сабиты зонгæ кæнын мигæнæнты нæмттимæ; ирон хæринæгтимæ.<br>Бафидар кæнын дарæсы нæмттæ æмæ сæ хæйттæ.<br>Зонын мебелы нæмттæ: *(стъол; фынг; бандон; сынтæг; диван; къæлæтбандон.)* | Сывæллæтты дарддæр зонгæ кæнын номивджытимæ. *(Æз, ды, мах, сымах).*<br>**Мах** бахордтам дзыкка.<br>**Æз** райстон цайдан.<br>**Сымахæн** радтой адджын дон.<br>Дарддæр ахуыр кæнын хъуыдыйæдтæ аразыныл.<br>*«Нана тебæйы сфыхта дзул».* | Архайын хъомылгæнæджы фæстæ цыбыр аргъауы мидис радзурын.<br>Ахуыр кæнын цыбыр æмдзæвгæйы ныхæстæ хъомылгæнæгимæ. 3-4 хъуыдыйадæй радзурын зонгæ предметты тыххæй.<br>*Цы у? Цæйас у? Кæй хъæуы? Цавæр хæйттæй арæзт у?* |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Март** | Мадæлты бон<br>Професси<br>Транспорт | Ирон æвзаджы мыртæ раст дзурын фæлварын фæлтæрæн «Æвзаг»-æй пайда кæнгæйæ. «Къаппа-къуппа». Мыртæ раст дзурын: **къ**æбыла. | Зонгæ кæнын сабиты номдартæ æмæ миногонтимæ: цъæххос; сырх дзуар; судзин, дохтыр, тæвдбарæн. Лæвар, мады бæрæгбон; фæлмæнтæдзураг; уарзæгой. Цалх, руль – аразæн, кæбинæ, шофыр, гуыффæ. | Зонгæ кæнын сабиты нырыккон æмæ ивгъуыд афоны мивдисджытимæ: «Мæдинæ кæуы. Мæдинæ куыдта. Дохтыр тæвд бары. Дохтыр сбарста тæвд. Машинæ тулы фæндагыл. Машинæ тылди фæндагыл». | Сывæллæтты ахуыр кæнын сюжетон нывмæ кæсгæйæ цыбырæй 2–3 хъуыдыйадæй радзурын нывы сюжет. Сæ алфамбылай цы архайд цæуы, уыдоны тыххæй хъомылгæнæджы фарстытæм гæсгæ радзурын.<br>Ахуыр кæнын цыбыр æмдзæвгæтæ. |
| **Апрель** | Уалдзæг | Сывæллæтты дарддæр фæлтæрын<br>мыртæ раст фæзмыныл.<br>Сауцъиу – цъиу-цъиу.<br>къогъо – ззз.<br>хæдтæхæг – гуыв-гуыв. | Бахæссын сывæллæтты дзырдуатмæ дзырдтæ: уалдзæг; къуыбар; кæрдæг, дидинæг, дидинсыф, зæнг. Сауцъиу; зæрватыкк; бæлон, сырддонцъиу. | Сывæллæтты дарддæр<br>зонгæ кæнын номивджытæ æмæ мивдисджыты бастдзинадимæ. Æз æртыдтон дидинæг. Радтон дидинæг дæуæн. Ды дидинæгæн ратыдтай йæ дидинсыфтæ. Æз фæтæргай дæн. | Ахуыр кæнын сабиты нывтæ, кæннод предметтæм кæсгæйæ 2–3 хъуыдыйады хъомылгæнæджы фæстæ дзурыныл. Цыбыр æмдзæвгætæ ахуыр кæнын хъомылгæнæгимæ.<br>Æмдзæвгæ «Уалдзæг». Чеджемты Геор |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Май** | Сæрд | Сывæллæтты фæлтæрын кæнын мыр *хъ* раст дзурыныл. | Сырх дидинæг, стыр дидинæг, бирæ сыфтæ Дарддæр сабиты зонгæ кæнын, сæ алфамбылай цы зайæгойтæ ис, уыдонимæ. Сæрды кæрты цы хъазæнтимæ фæхъазæм, уыдонæн дæр зонын сæ нæмттæ. | Сабиты ахуыр кæнын хъуыдыйæдтæ раст аразын, хъомылгæнæджы фарстытæм лæмбынæг хъусгæйæ. Цавæр бон у? Хъ-арм бон, хур бон. Цы кусы лæппу кæрты? Лæппу хъа-зы машинæйæ. Цы кусы чызг? Чызг гæппытæ кæны. | Сабиты ахуыр кæнын хъомылгæнæджы фæстæ æмдзæвгæйы ныхæстæ дзурын æмæ архайдæй рав-дисын. «Пурти». Уырымты Петя |

**1-аг ахуыры сахат**
**Темæ: «БИНОНТÆ».**

**Нысантæ:**

– Сывæллæтты ахуыр кæнын нывтæм гæсгæ фарст сæвæрын æмæ йын дзуапп раттыныл: «*Чи у? Цы ми кæны?»*

Кусын мыртæ раст дзурыныл.

– Ахуыр кæнын сабиты салам дæттыныл, бузныг зæгъыныл.

– Бинонтæм уарзондзинады æнкъарæнтæ парахат кæнын.

**Дзырдтæ:** *бинонтæ, рæсугъд, тымбыл пурти, зæронд, гыццыл, рахæссын, сæвæрын.*

**Цæстуынгæ æрмæг:** хъазæн чындз, къоппы предметон нывтæ – бинонтæ: мад, фыд, нана, дада, хо, æфсымæр; рæсугъд стыр пурти.

### Ахуыры сахаты нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, уæ райсом хорз! Зæгъут-ма иумæ: «Æгас цу!» Кæсут-ма, мæнæ нæ хъазæн чындз. Йæ ном хуыйны Мæдинæ. Чи у ацы хъазæн чындз, сывæллæттæ?

**С.** Мæдинæ.

**Хъ.** Зæгъут-ма Мæдинæйæн: «Дæ бон хорз, Мæдинæ!» Базонгæ ут. Зæгъут Мæдинæйæн уæ нæмттæ. (*Сывæллæттæ иугай дзурынц сæ нæмттæ.)*

**Хъ.** Кæсут-ма, хъазæн чындз Мæдинæ нын цыдæртæ æрбахаста йæ гыццыл дзæкъулы. Фенæм-сæ, цымæ, цы сты? **(***Хъомылгæнæг иугай исы дзæкъулæй къамтæ. Къамы: мад бады æмæ хуыйы.)*

**Хъ.** Цымæ чи у Мæдинæйæн ацы ус?

**С.** Мæдинæйы мад.

**Хъ.** Цы кусы Мæдинæйы мад?

**С.** Бады. Хуыйы.

**Хъ.** Мæнæ ай та – Мæдинæйы фыд. Фыд сугтæ сæтты. Ай та чи у Мæдинæйæн, сывæллæттæ? *(Равдисы фыды ныв.)*

**С.** Йæ фыд.

**Хъ.** Йæ фыд та цы ми кæны?
**С.** Фыд сугтæ сæтты.
**Хъ.** Мæнæ ай та у Мæдинæйы нанайы ныв. Мæдинæйы нана зæронд у?
Зæгъут-ма иумæ: «Нана у зæронд». *(2–3 хатты.)*
**Хъ.** Ацы къамы уынут Мæдинæйы дадайы. Кæй дада у? Дада зæронд у?
**С.** Мæдинæйы дада. Дада у зæронд. (*Архайын æххæст хъуыдыйæдтæй дзуапп дæттыныл ахуыр кæнын.)*
**Хъ.** Мæдинæйæн ма, сывæллæттæ, ис хо æмæ æфсымæр. *Равдисы хо æмæ æфсымæры нывтæ.*
**Хъазт «Базон-базон, чи у?»**
**Хъ.** Æз уæм æвдисдзынæн нывтæ, сымах та мын дзурдзыстут, кæй нывтæ сты, уый. *(Нывтæ – фæйнæгыл фидаргонд, сывæллæттæ сæ куыд уыной, афтæ.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, адон сты Мæдинæйы мад, фыд, дада, нана, хо æмæ æфсымæры нывтæ. Иу ныхасæй та сæ хонæм – бинонтæ.
Зæгъæм-ма иумæ: «Бинонтæ, бинонтæ, бинонтæ». *(2–3 хатты.)*
**Дзырдтæй хъазт.**
*Хъомылгæнæг зæгъы дзырд, сабитæ та йæ фæлхат кæнынц:* Мæдинæ, мад, фыд, хо, æфсымæр, нана, дада, бинонтæ.
**Хъ.** Сывæллæттæ, къоппы ма ноджыдæр цыдæр ис. Цы у, цымæ? *Сабитæ иугай ысгорынц.*
**С.** Пурти.
**Хъ.** Цæйас у?
**С.** Стыр.
**Хъ.** Цавæр у? (*Хъомылгæнæг сисы пурти, равдисы йæ.)*
**С.** Тымбыл, рæсугъд.
**Хъ.** Ахъазæм ацы тымбыл рæсугъд пуртийæ? (*Сывæллæттæ разыйы дзуапп дæттынц.)*
**Змæлгæ хъазт «Пурти».**
**Хъ.** *(пурти зæххыл æртъæпп кодта).* Кæсут-ма, хæрдмæ куыд схъиуы. Сымах уыдзыстут *«пуртитæ».* Уæ къухтæй уæ астæутыл æрхæцут. Æз, «пурти» – гæпп-гæпп-гæпп, зæгъгæ, куы зæгъон æмæ пурти зæххыл куы æртъæпп кæнон, уæд сымах дæр гæппытæ кæнут пуртийау æмæ дзурут: *пурти, гæпп-гæпп-гæпп!*

**Хъ.** Хорз хъазт у, фæлæ уал пурти ногæй сæвæрæм, Мæдинæйæн та йæ нывтæ раттæм. Радав, Алан, нанайы ныв. Нана æрыгон у æви зæронд?
**А.** Зæронд.
*Афтæ алы сывæллонæн дæр раттын ныхасы бар.*
**Хъ.** Мæдинæйæн чи сты адон?
**С.** Йæ бинонтæ.
**Хъ.** Бузныг Мæдинæ! Дæ бинонтимæ нæ кæй базонгæ кодтай, уый тыххæй.
**С.** Хæрзбон. Нæ иннæ фембæлдмæ уал.

**2-аг ахуыры сахат**
**Темæ: «БИНОНТÆ».**

**Нысантæ:**

– Сывæллæтты разæнгард кæнын иронау дзурынмæ.
Ахуыр сæ кæнын хи царды нывтæй исты хабæрттæ дзурынил.
– Бафидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ ивгъуыд темæйæ.
– Уарзондзинады æнкъарæнтæ гуырын кæнын сабиты зæрдæты сæ ныййарджытæм.

**Дзырдуат:** *хæдзармæ, уазæгуаты, æмбæлы уæм, æххуыс кæнын.*
**Рафæлхатын дзырдтæ:** *бинонтæ, мад, фыд, нана, дада, хо, æфсымæр, зæронд.*
**Цæстуынгæ æрмæг:** хæдзары макет æд бинонтæ; сюжетон ныв «Бинонтæ». Сюжетон ныв «Кафæг лæппу».
**Ахуыры сахаты нывæст**
**Хъ.** Уæ бон хорз, сывæллæттæ! (*Сывæллæттæ салам дæттынц хъомылгæнæгæн.)*

**Æнгуылдзтæй хъазт «Бинонтæ»**
**Хъ.** Абон нæ Мæдинæ ахондзæн сæ хæдзармæ. Цæуæм уазæгуаты. Сывæллæттæ, Мæдинæ кæимæ цæры хæдзары?
*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц.*
**Хъ.** Цомут, бахойæм сæм дуар æмæ бафæрсæм: «Кæй хæдзар у? Чи цæры хæдзары?» Базонæм, чи цы архайы бинонтæй, уый.

*Сывæллæттæ дзуапп дæттынил архайынц хъомылгæнæджы æххуысæй.*

**Хъ.** Ранымайут-ма иу хатт, бинонты уæнгтæй кæй зонут. Къоста, Мæдинæйы дада кæм ис? **(***Амоны ныв «Бинонтæ»-м.)*

**Къ.** *(амоны)*. Мæнæ ай у Мæдинæйы дада.

**Хъ.** Фатимæ, йæ дада зæронд у?

**Ф.** О, йæ дада у зæронд.

**Хъ.** Зауыр, радзур, цы кусы дада?

**Зауыр.** Дада бады бандоныл.

**Хъ.** Нанайы тыххæй-ма нын радзур, Людæ, ды. Цы кусы нана?

**Людæ.** Нана у зæронд. Нана авдæн узы.

**Хъ.** Мад та цы кусы, Ирæ?

**Ирæ.** Мад хъуг дуцы.

**Хъ.** Чи ма ис Мæдинæйы бинонтæй?

**С**. Хо æмæ æфсымæр.

**Фæлтæрæн.** Мыртæ [а – у] раст дзурынил кусын.

**Хъ.** Æрбакæсут-ма, нæ гыццыл гаги фæкуыдта. Куыд кæуы. Афæзмæм-ма йæ иумæ: «Уа-уа-уа, уа-уа-уа, уа-уа-уа». Нана узы сывæллоны æмæ йын зары: «А-а-а». Цæй-ма, аххуыс кæнæм нанайæн, мах дæр азарæм гагийæн.

Цæуы, цæуы æдзухæй,
Фæузæм æй нæ къухæй,
Фæлæ æнцад куы ’рлæууы,
Уæд та гаги ыскæуы: «уа-уа-уа».
А-а-а, а-а-а – аузæм, а-а-а – азарæм ын.

**Хъ.** Бафынæй ис гыццыл сывæллон, ныр нæ фæллад суадзæм. Райсут пурти æмæ цомут кæртмæ.

**3-аг ахуыры сахат**
**Темæ: «НÆ РÆВДАУÆНДОН».**

**Нысантæ:**

– Бафидар кæнын сабиты ныхасы дзырдтæ: *рæвдауæндон, хъомылгæнæг, базонгæ уæм, дæ ном, мæ ном.*

– Сывæллæтты ахуыр кæнын хъомылгæнæджы ныхасмæ лæмбынæг хъусын, йæ фарстытæн дзуапп дæттын.

Æххæст кæнын хъомылгæнæджы хæслæвæрдтæ: *рауай, райс, радав, сбадут…*

– Сабитæм гуырын кæнын уарзондзинады æнкъарæнтæ рæвдауæндон æмæ рæвдауæндоны кусджытæм.

**Цæстуынгæ æрмæг:** сюжетон ныв «Рæвдауæндон», стыр рæсугъд пурти, хъазæнтæ: авдæн æд «сывæллон», хъазæн чындз, гæды, куыдз.

**Ахуыры сахаты нывæст**

**Хъ.** Уæ бон хорз, сывæллæттæ! Сабитæ, зæгъут-ма, сымах райсомæй раджы кæдæм фæтындзут?

*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц.*

**Хъ**. Æрбакæнынц уæ рæвдауæндонмæ, сабиты хæдзармæ.

*Сывæллæттæ 2–3 хатты иумæ дзурынц ног дзырд.*

**Хъ.** Азæ, кæимæ æрбацыдтæ рæвдауæндонмæ, сабиты хæдзармæ.

**А**. Æз æрбацыдтæн мæ нанаимæ.

**Хъ**. Марат, дæу та чи æрбакодта абон рæвдауæндонмæ?

**М**. Мæн æрбакодта мæ мад.

*Афтæ алы сывæллонмæ дæр фарст раттын æмæ йын йæ дзуапмæ байхъусын.*

**Хъ**. Кæугæ та уæ чи кодта ардæм цæугæйæ?

*Сывæллæтты дзуапмæ байхъусын.*

**Хъ**. Цы фæкусут рæвдауæндоны?

**С.** Фæхъазæм, фæзарæм, бахæрæм æмæ схуыссæм.

*Сывæллæттæ дзурынц иугай.*

**Хъ.** Цæй æмæ сахуыр кæнæм æмдзæвгæ нæ рæвдауæндоны тыххæй.

**Нæ рæвдауæндон**

Уарзæм мах нæ рæвдауæндон,
Уайæм ардæм алы бон.
Мах нæ тъизæм, нæ кæуæм.
Хъомылгæнæгыл цин кæнæм. *(2–3 хатты.)*

*Хъараты Ирæ*

**Сюжетон ныв «Нæ рæвдауæндон»**

**Хъ.** Сабитæ, æрбакæсут-ма мæнæ ацы нывмæ. Цы уынут нывы?

**С**. Нывы ис стыр хæдзар. Бæрзонд хæдзар.
**Хъ**. Кæй у ацы стыр бæрзонд хæдзар?
*Сывæллæтты дзуаппытæм байхъусын æмæ хатдзæг кæнын.*
**Хъ.** Ацы хæдзар у сывæллæттæн арæзт. Хонæм æй рæвдауæндон.
*2–3 хатты дзурынц сывæллæттæ иумæ, стæй та – иугай:* «Сабиты хæдзар».
**Хъ.** Чи ис рæвдауæндоны? Цы кусынц сывæллæттæ? Цæмæй хъазынц сывæллæттæ?
*Афтæ нывы алы архайды тыххæй дæр сæрмагонд фæрстытæ раттын сабитæм æмæ сын сæ дзуаппытæм лæмбынæг байхъусын.*
**Хъ.** Райсут, сывæллæттæ, рæсугъд стыр пурти æмæ цомут кæртмæ. Æз дæр уемæ ахъаздзынæн абон пуртийæ.

**4-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «ФÆЗЗÆГ».**

**Нысантæ:**
– Зонгæ кæнын сывæллæтты фæззыгон æрдзы ивддзинæдтимæ.
– Ахуыр кæнын сывæллæтты схемæтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ аразын, номдартæ æмæ миногонтæй пайда кæнын.
– Базонгæ кæнын ног дзырдтимæ: *къæвда, æнкъард, хъæлдзæг, дымгæ, уазал.* [Хъ], [къ] раст æмæ сыгъдæг дзурынил архайын.
– Æрдзы рæсугъддзинæдтæм æвзæрын кæнын уарзондзинады æнкъарæнтæ.
**Дзырдуат:** *дымгæ дымы, уазал бон, бур, сырх, цъæх, зонтик, фæззыгон дарæс.*
**Цæстуынгæ æрмæг:** 2 гæххæттын зиллаччы, æнкъард æмæ хъæлдзæг цæсгæмттæ сыл нывгонд, афтæмæй;
Фæззыгон æрдзы нывтæ; бæласы сыфтæртæ: бур, цъæх, сырх – фæйнæ 2.

**Ахуыры сахаты нывæст**
**Хъ.** Уæ бон хорз, сабитæ. Акæсут-ма рудзынгæй кæртмæ. Цавæр у боныхъæд? Хур кæсы?

**С.** Нæ.
**Хъ.** Къæвда уары?
**С.** О, уары къæвда.
**Хъ.** Цы уынут кæрты?
**С.** *(радыгай).* Бæлæстæ.
**Хъ.** Цыхуызæн сты бæлæсты сыфтæртæ?
**С.** *(радыгай).* Бур, сырх, цъæх.
**Хъ.** Къæвда куы фæуары, уæд æз æнкъард фæкæнын. Хур бон та хъæлдзæг вæййын.

**Дидактон хъазт «Хъæлдзæг, æнкъард».**

**Хæслæвæрд.** Мæнæ стъолыл цы зиллæччытæ ис, уыдонæй сæ иуыл нывгонд ис хъæлдзæг цæсгом, иннæйыл та – æнкъард цæсгом.

**Хъ.** Æз кæуын – сымах мæм равдисут, æнкъард цæсгом цы зиллаккыл нывгонд ис, уый. Худын – уæд та мæм равдисут, хъæлдзæг цæсгом цы зиллаккыл нывгонд ис, уый. (*Цалдæр хатты фæлварынц, стæй хъомылгæнæг фæрсы.)*

**Хъ.** Боныхъæдмæ кæсгæйæ, сывæллæттæ, зиллæччытæй кæцы равдисын хъæуы?
**С.** Æнкъард цæсгомы ныв. **(***Сæхæдæг дæр æрæнкъард сты.)*
**Хъ.** Цæмæн?
**С.** Уары къæвда. У уазал. Хур йæхи бамбæхста. **(***Дзурынц радыгай.)*
**Хъ.** Ралæууыд фæззæг. Зæгъут-ма иумæ: *ралæууыд фæззæг. (2–3 хатты.)*

**Хъазт «Хур кæнæ къæвда».**

*Хъомылгæнæг дзуры «хур», сабитæ рог гæппытæ кæнынц. Къæвда – уæд та сабитæ сæ къухтæ сæ сæртыл æвæрынц æмæ сæ къæхтæ бæрзонд исынц, рацу-бацу кæнынц. Сабитæ хъазынц. Уалынмæ чидæр дуар хойы. Хъомылгæнæг рауади æмæ фæстæмæ хъазæн чындзимæ æрбаздæхт.*

**Хъ.** Мæнæ нæм чи æрбацыд? Сабитæ, хъазæн чындз Мæдинæ куы у. Кæсут-ма, цы сыгъдæг у. Йæ уæлæ та цы ис?
**С.** Къурткæ, худ, хæлаф, цырыхъытæ…
**Хъ.** Мæнæ ацы нывтæй равзарут фæззæджы цы дарæс скæнæм, уыдон. *(Сывæллæттæ иугай исынц пъалто, къаба, кофтæ, хъарм хæлаф, худы нывтæ хъомылгæнæджы стъолæй.)*

**Хъ.** Ацы дарæс хонæм фæззыгон. *(2–3 хатты дзурынц.)*
**Хъ.** Хетæг, ды цавæр дарæс скодтай абон?
**Хетæг.** Æз скодтон хæлаф, къурткæ, худ. Фæззыгон дарæс.
**Хъ.** Кæсут-ма, Мæдинæ цы æрбахаста *(равдисы сывæллæттæм сыфтæртæ).* Адон цы сты? Цас сты?
**С.** Сыфтæртæ. Бирæ сыфтæртæ.
**Хъ.** Цыхуызæн сты сыфтæртæ?
**С.** Бур, сырх, цъæх. (*Дзурынц иугай.)*
**Хъ.** Цымæ, Мæдинæ кæм æрæмбырд кодта ацы сыфтæртæ?
**С.** Кæрты.
**Хъ.** Кæртмæ та кæцæй æртахтысты сыфтæртæ? Цъиутæ сты? Гæлæбутæ сты?
**С.** Сыфтæртæ хауынц бæлæстæй.
**Хъ.** Уары къæвда. У уазал. Сыфтæ хауынц зæхмæ. Цавæр афæдзы афон ралæууыд, сабитæ?
*(Кæд сæ бон нæ уа дзуапп раттын, уæд хъомылгæнæг дзуапп дætты йæхæдæг, сывæллæттæ та дзурынц йæ фæстæ: «Ралæууыд фæззæг».)*
**С.** Фæззæг.
**Хъазт**
**Хъ.** Райсут фæйнæ дыууæ сыфтæры æмæ æрлæуут зылды. Къухтæ бæрзонд сисут, сыфтæртæ тилгæйæ зарæм иумæ зарæг:

Мах – зæлдаг сыфтæртæ,
Къалиутыл – нæ цард.
Фæззæджы дымгæтæ
Мах фæхæссынц дард.

*Сыфтæртæ тилгæйæ иу зылд æркæнынц, стæй сæ цыма дымгæ дард фæхаста, афтæ азгъордтой æмæ хъомылгæнæджы амындмæ гæсгæ зæххыл æрбадтысты алы рæтты.*
**Хъ.** Æркæсут нывтæм. Цы уынут? (*Иугай фæрсы сывæллæтты æмæ архайы, цæмæй йын йæ фæрстытæм æххæст хъуыдыйæдтæй дзуапп дæттой.)* Цы уыныс, Аллæ, ацы нывы? *Равдисы ныв.*
**А.** Хур йæхи бамбæхста.
**Хъ.** Батрадз, кæм бамбæхста хур йæхи? (*Кæд сывæллæттæн зын у дзуапп раттын, уæд хъомылгæнæг домы, цæмæй йæ фæстæ дзурой.)*

**Хъ.** Дзурæм иумæ, сывæллæттæ: «Хур йæхи бамбæхста мигъты фæстæ».
*Афтæ алы нывы мидис дæр радзурын иумæ.*
**Хъ.** *Фæйнæгыл афæдзы афонмæ гæсгæ схемæтæ бафидар кодта æмæ дзуры:*
1. Фæззæг боныхъæд фæуазал вæййы. (*Равдисы схемæ: мигътæ сæхгæдтой хур.)*
2. Фæуары къæвда. (*Схемæ: уары къæвда, зонтик.)*
3. Цъиутæ атæхынц хъарм бæстæтæм. *(Тæхынц цъиутæ, бæлæсты сыфтæ хауынц.)*
4. Адæм скæнынц хъарм фæззыгон дарæс. (*Худ, хæлаф, кофтæ, къурткæ, пъалто.)*

**Кæронбæттæны**

**Хъ.** Сывæллæттæ, райсут уæ сыфтæртæ æмæ сæ æвæрут мæнæ ацы урс гæххæттыл. Кæсут-ма, цы рæсугъд гауыз скодтам сыфтæртæй. Ацы гауыз нын у фæззæджы лæвар.

**5-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «ФÆЗЗÆГ».**

**Нысантæ:**

– Сывæллæтты зонгæ кæнын лæппынвос æмæ мадæл фосы хицæндзинæдтимæ, сæ цæрæнбынæтты нæмттимæ. Базонгæ сæ кæнын фæззыгон æрдзы фæзындтытимæ.
– Архайын сывæллæтты ныхас фæхъæздыгдæр кæныныл ног дзырдты руаджы.
– Æвзæрын кæнын уарзондзинады æнкъарæнтæ æрдзы рæсугъддзинæдтæм.

**Дзырдуат:** *арс, арсы лæппы, хъуг, род, лæгæт.*
**Цæстуынгæ æрмæг:** хъазæнтæ: арс, хъуг, род, арсы лæппын, хæдзар æмæ хъæды макеттæ.

**Ахуыры сахаты нывæст**

*Бакæсын Чеджемты Георы æмдзæвгæ* ***«Фæззыгон сыфтæртæ»*** *æмæ ныхæстæм гæсгæ хъазт саразын.*

ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

**«Фæззыгон сыфтæртæ»**
Мах – зæлдаг сыфтæртæ,
Къалиутыл – нæ цард.
Фæззæджы дымгæтæ
Мах фæхæссынц дард.
Мах тæхæм, тæхæм, тæхæм.
Бæлæстæн хæрзбон зæгъæм.

**Хъ.** Сывæллæттæ, афæдзы афонтæй кæцыйы фезгъæлынц бæлæсты сыфтæртæ?
**С.** Фæззæджы.
**Хъ.** Цыхуызæн сты сыфтæртæ? Фæззæг хорз у æви æвзæр?
**С.** Хорз у! *(Домын æххæст хъуыдыйæдтæй дзуаппытæ.)*
**Хъ.** Цæмæй хорз у фæззæг?
**С.** Æрдз вæййы рæсугъд; сцæттæ сты фæткъуы, кæрдо…
**Хъ.** Æвзæр та цæмæй у фæззæг?
**С.** Арæх фæуары къæвда.
**Хъ.** Нана æмæ бабайы хуымты та цы æрзади?
**С.** Картоф, цæхæра, къабуска.
**Хъ.** Иу ныхасæй сæ хонæм, халсартæ. Зæгъут-ма иумæ: *«Картоф, цæхæра, къабуска сты халсартæ».* **(***2–3 хатты дзурынц иумæ, стæй иугай нымайынц халсартæ.)*
**Хъ.** Бæлæстыл та цы зайы?
**С.** Кæрдо, фæткъуы.
**Хъ.** Кæрдо æмæ фæткъуы та сты дыргътæ. Зæгъут иумæ: «Дыргътæ, дыргътæ зайынц бæласыл». **(***2–3 хатты дзурынц.)*
**Хъ.** Мæдинæ цыдæр æнкъард у. Цавæр боныхъæд у абон? **(***Сабиты æргом здахы кукламæ.)*
**С.** Уары къæвда. Уазал ын у, æвæццæгæн.
**Хъ.** Рæвдауæндонмæ цæугæйæ уæ чи суазал?
**С.** Æз – нæ, æз дæр – нæ.
**Хъ.** Алан, цæуылнæ суазал дæ?
**С.** Æз скодтон пъалто, худ, хæлаф, батинкæтæ.
**Хъ.** Къæвда куы уары абон, дæ дзаумæттæ цæуылнæ схуылыдз сты, Фатимæ?
**С.** Мæ мад мын зонтик балхæдта.

**Хъазт**

**Хъ.** Байхъусут мæм лæмбынæг. Æз уын дзурдзынæн æмдзæвгæ, сымах та фæзмдзыстут къæвдайы æртæхты. *(Хъомылгæнæг дзуры, сабитæ та хъазынц, цыма æртæхтæ сты, уыйау гæппытæ кæнынц, уарын куыд тынгдæр кæны, афтæ уыдон дæр сæ гæппытæ фæтагъддæр кæнынц. Стæй сæ къухтæ сæ сæртыл авæрынц, цыма къæвдайæ æмбæхсынц, уыйау, æмæ афтæмæй сæ бынаты згъорынц.)*

Иу æртæх, дыууæ, æртæ –
Сабыргай, сындæггай
Уары, уары – къæп-къæп-къæп –
Уары дон æртæхгай.
Фемæхст уарын: сæх-сæх-сæх,
Саби, рæвдз дæхи æмбæхс!

*Чеджемты Геор*

**Хъ.** Цыдæр уынæр цæуы къуымæй. Кæсут-ма, мæнæ арсы лæппын. Цымæ, ам цæмæн и? Æрсытæ фынæй куы кæнынц. Сывæллæттæ, цы у? *Равдисы хъазæн арс. Кæд нæ зоной дзуапп, уæд хъомылгæнæг дзуапп дæтты йæхæдæг.* Арсы лæппын. Зæгъут-ма иумæ: «Арсы лæппын». *(2–3 хатты дзурынц.)* Куыд уасы арсы лæппын? Афæзмут æй. *(«Э-э-э-э.)*

*Хъомылгæнæг цыма арсы лæппыны фæрсгæ кæны, уыйау ын йæ хъусы цыдæртæ дзуры.*

**Хъ**. Сывæллæттæ, арсы лæппын йæ мады агуры. Чи у йæ мад?

**С.** Стыр арс.

**Хъ**. Чи уæ зоны, кæм цæрынц æрсытæ?

**С.** Хъæды. (*Домы æххæст дзуапп.)*

**Хъ.** Ацагурæм стыр арсы хæдзар. Мæнæ ацы хæдзары цæры арс? **(***Хойынц дуар, хæдзарæй хъуысы: му-му-му.)* Хъусут, ахæм хъæлæсæй та чи уасы?

**С**. Хъуг.

**Хъ.** Хъугæн ис  лæппын. Хонæм æй род. Зæгъут иумæ: «Род». Райсут-ма хъазæн род уæ къухмæ. Куыд уасдзæн род йæ мадмæ, сывæллæттæ? **(***Му-му-му, ныллæг хъæлæсæй уасынц сабитæ.)*

**Хъ.** Чи уасы? *(Ставд,  бæрзонд хъæлæсæй уасы: «Му-му-му».)*

**С.** Хъуг.

**Хъ.** Куыд уасы хъуг? Афæзмут-ма йæ иу хатт.
*Сывæллæттæ фæзмынц хъуджы уаст бæрзонд хъæлæсæй.*
**Хъ.** Цавæр у хъуг? Кæм цæрынц хъуг æмæ род, сабитæ?
*Равдисын сæм нывтæ.*
**С.** Хъуг у стыр.
**Хъ.** Род та цæйас у?
**С.** Род у гыццыл.
**Хъ.** Куыд уасы хъуг?
**С.** Хъæрæй: му-му-му!
**Хъ.** Род та куыд уасы?
**С.** Ныллæг хъæлæсæй: му-му-му!
**Хъ.** Сывæллæттæ, кæд хъуг æмæ род хæдзары цæрынц, уæд цавæр цæрæгойтæ сты? (*Кæд сын зын уа дзуапп раттын, уæд хъомылгæнæгимæ иумæ дзурынц: «Хъуг æмæ род сты хæдзарон цæрæгойтæ».*)
**Хъ.** Арсы лæппын та кæм цæры?
**С.** Хъæды.
**Хъ.** Цавæр цæрæгойтæ сты мадæл арс æмæ йæ лæппын? Кæм цæрынц?
**С.** Хъæды.
**Хъ.** Цомут хъæдмæ. Афæзмут-ма иу хатт, стыр арс куыд уасы, уый.
**С.** *(хъæрæй дзурынц).* «Э-э-э».
**Хъ.** Арсы лæппын та куыд уасы?
**С.** «Э-э-э». *Ныллæг хъæлæсæй фæзмынц лæппын арсы. Хъомылгæнæг баиу кодта дыууæ хъазæны.)* Кæсут-ма, арс æмæ йæ лæппын куыд бацин кодтой кæрæдзиуыл.
**Хъ.** Цы хорз у, арсы лæппын йæ мады кæй ссардта. Ныууадзæм сæ хъæды. Æрсытæ хъæддаг цæрæгойтæ сты, уадз æмæ хъæды цæрой. Ныртæккæ у фæззæг. Фæззæг та æрсытæ сæ лæгæттæм бырсынц æмæ æнæхъæн зымæг фынæй фæкæнынц. Нæ хъуг æмæ род та хæдзарон цæрæгойтæ сты, хъуамæ хæдзары цæрой.

**6-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «ХАЛСАРТÆ».**

**Нысантæ:**

– Ахуыр кæнын сывæллæтты хъомылгæнæджы æххуысæй хиныхæстæй дзурыныл.

– Бафидар кæнын, халсарты тыххæй цы зонындзинæдтæ райстой, уыдон.

Базонгæ кæнын сывæллæтты ног дзырдтимæ: *къабуска, уырыдзы, булкъ, хъæдындз, халсар.*

Мыртæ *къ, хъ* раст дзурыныл архайын дзыхæйдзургæ хъазты руаджы.

– Парахат кæнын сабиты зонындзинæдтæ халсарты пайдайы тыххæй адæймагæн.

**Рагагъоммæ куыст:** сывæллæтты акæнын цæхæрадонмæ, фенын сын кæнын, халсартæ цæвæртæ сты, кæм зайынц, уый. Хуымы æрæмбырд кæнын уырыдзытæ.

**Цæстуынгæ æрмæг:** булчъы аргъауæй нана æмæ бабайы фæлгонцтæ, куклаты театр булчъы аргъаумæ гæсгæ.

**Ахуыры сахаты нывæст**

**Хъ.** Уæ райсом хорз, сывæллæттæ. Мæнæ мæ алыварс гауызыл æрбадут, абон уын куклаты фæрцы равдисдзынæн аргъау «Булкъ». Йæ ныхæстæ та йын дзурдзыстæм иумæ.

**Хъ.** Цардысты баба æмæ нана. Кæм цардысты баба æмæ нана?

**С.** Хæдзары.

**Хъ.** Ралæууыд фæззæг, баба æмæ нана æмбырд кæнынц картоф, хъæдындз, цæхæра. Цы æмбырд кæнынц баба æмæ нана?

**С.** Картоф, хъæдындз, цæхæра.

*Хъомылгæнæг иугай халсартæ исы «хуымæй».*

**Хъ.** Цы ма баззад хуымы? (*Амоны булкъмæ æмæ хъусы сывæллæтты дзуаппытæм.)*

**С.** Булкъ.

**Хъ.** Булкъ æрзадис кæм?

**С.** Хуымы. (*Домы æххæст хъуыдыйæдтæй дзуапп.)*

**Хъ.** Равдисут-ма, сывæллæттæ, хуымы цæйас булкъ æрзад?

**С.** Хуымы æрзад стыр булкъ.

*Хъомылгæнæг æмæ сывæллæттæ иумæ дзурынц: «Хуымы æрзад стыр булкъ» æмæ æвдисынц къухтæй.*
**Хъ.** Баба схæцыд булкъыл.
**С.** Булкъ стонын  нæ комы.
**Хъ.** Баба кæмæ фæдзырдта?
**С.** Баба фæдзырдта нанамæ. *(Афтæ кæронмæ дзурын сабитимæ иумæ аргъау.)*
**Хъ.** Баба æмæ нана хуымæй цы æрæмбырд кодтой?
**С.** Картоф, булкъ, цæхæра, къабуска. (*Иугай сæ æвæрынц тæбæгъы.)*
**Хъ.** Иу ныхасæй сæ хонæм – халсартæ. Дзурæм иумæ – халсартæ *(стæй иугай алы сывæллон дæр дзуры –* ***халсартæ****.)*
**Хъазт «Чи фылдæр халсартæ æрæмбырд кæндзæн»**
*Хъазты мидис.* Хъомылгæнæг сывæллæтты дыууæ къордыл адих кодта, радта сæм фæйнæ дзæкъулы. Сывæллæттæ лæууынц уаты иу кæрон, халсартæ та сты иннæ кæрон. Хъомылгæнæджы амындмæ гæсгæ сывæллæттæ дзæкъултæм иугай æмбырд кæнынц халсартæ. Кæцы къорд  фылдæр халсартæ æрæмбырд кæна, уый рамбылдта.
**Дзырдтæй хъазт «Джитъри-митъри, къабуска»**
*Хъазты мидис.* Сабитæ зылды лæууынц, фыццаг сывæллонæн хъомылгæнæг дзæкъулæй иу халсар сисыны бар дætты.Уый йæ сисы *(зæгъæм, картоф)* æмæ йæ иннæтæм æвдисы. Хъомылгæнæг æмæ сабитæ иумæ дзурынц:
Джитъри-митъри, къабуска.
Светæ картоф систа дзæкъулæй.
**Хъ.** Цы систай, Светæ?
**С.** Картоф. (*Домын æххæст дзуапп.)*
**Хъ.** Картоф цы у?
**С.** Халсар. (*Картоф у халсар.)*
**Хъ**. Светæ, кæм зайы картоф?
**С.** Хуымы. *(Картоф зайы хуымы.)*
*Цалынмæ алы сывæллон дæр радзура йæ халсары тыххæй, уæдмæ хъазынц.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, иу хатт-ма зæгъут, цы сты картоф, джитъри, пъæмидор, хъæдындз? (*Равдисы халсартæ иугай.)*

**С.** Халсартæ.
**Хъ.** Кæм зайынц халсартæ?
**С.** Халсартæ зайынц хуымы.
**Хъ.** Нана æмæ баба цы æрæмбырд кодтой сæ хуымæй? Ранымайут-ма сын сæ нæмттæ иу хатт.
**С.** Халсартæ: къабуска, хъæдындз, джитъри, пъæмидор.
**Кæронбæттæн**
**Хъ.** Хорз бахъуыды кодтат, сабитæ, халсарты нæмттæ, стæй, кæм зайынц, уый дæр. Хæрзбон. Нæ иннæ фембæлдмæ уал.

**7-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «ДЫРГЪТÆ».**

**Нысантæ:**

– Архайын дыргъты тыххæй радзурын, хъомылгæнæджы фæрстытæм лæмбынæг хъусгæйæ : «*Цæмæй? Цавæр тæф кæны? Цы хуызæн у?»*

Иуузон нымæцы номдартæй аразын бирæон нымæцы номдартæ.

– Дарддæр фæлварын номдар æмæ миногон сæ кæрæттæм гæсгæ раст бæттыныл; мыртæ *гъ, къ* раст æмæ сыгъдæг дзурыныл.

Сывæллæтты ныхас ног дзырдтæй хъæздыг кæнын: *донджын, адджын, туаг, дыргътæ.*

– Архайын дыргъты пайдайы тыххæй зонындзинæдтæ парахатдæр кæныныл.

**Рагагъоммæ куыст:** дыргъдонмæ акæнын сабиты æмæ сын бавдисын дыргътæ.

**Цæстуынгæ æрмæг:** чыргъæд дыргътимæ, хъæбæр гæххæттæй конд банкæтæ пластилинæй сæрстæй, пластилин.

**Ахуыры сахаты нывæст**

**Хъазт «Джитъри-митъри»** *(сабитæн зонгæ у)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, цавæр лæвæрттæ нын ракодтой баба æмæ нана сæ цæхæрадонæй?

**С.** Картоф, пъæмидор, джитъри, булкъ, уырыдзы.
**Хъ.** Иу ныхасæй та сæ куыд схондзыстæм?
**С.** Халсартæ.
**Хъ.** Кæм æрзадысты халсартæ?
**С.** Халсартæ зайынц хуымы. (*Гæнæн кæд ис, уæд равдисын халсартæ хуымы, кæннод халсартæн сæ нывтæ.)*
**Хъ.** Нана æмæ баба та нын æрбарвыстой лæвæрттæ. Æрзилут уаты къуымты æмæ ссарут уыцы лæвæрттæ. (*Сывæллæттæ архайынц дзаг чыргъæд хъомылгæнæджы цурмæ бахæссыныл.)*
**Хъ.** Цы ссардтат?
**С.** Чыргъæд. (*Кæд нæ зонынц «чыргъæд» зæгъын, уæд хъомылгæнæг йæхæдæг дзуры.)*
**Хъ.** Цы ис чыргъæды? (*Домы, цæмæй сабитæ равдисой дыргътæ иугай.)*
**С.** Фæткъуы, кæрдо, сæнæфсир, чылауи.
**Хъ.** Кæм зайынц?
**С.** Бæласыл.
**Хъ.** Иу ныхасæй та сæ хонæм – дыргътæ. (*Иумæ дзурынц 2–3 хатты – «дыргътæ», уыйфæстæ алы сывæллон дæр дзуры хицæнæй: дыргъ – дыргътæ.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, басмудут-ма дыргътæм, хорз тæф кæнынц?
**С.** О. (*Сывæллæттæ иугай исынц дыргъ æмæ йын дзурынц йæ ном.)*
**Хъ.** Цы райста Зæринæ чыргъæдæй?
**С**. Фæткъуы.
**Хъ.** Цыхуызæн фæткъуы?
**С.** Сырх.
**Хъ.** Куыд тæф кæны?
**С.** Хæрздæф ис фæткъуыйæн.
**Хъ**. Фæткъуыйы тæф цæмæй бамбарæм?
**С.** Фындзæй.
**Хъ.** Йæ хуыз та йын цæмæй федтай?
**С.** Цæстытæй йын федтон йæ хуыз.
**Хъ.** Хетæг, райс чыргъæдæй кæрдо. Цыхуызæн у кæрдо?
**С.** Бур кæрдо.
**Хъ.** Куыд тæф кæны кæрдо та?

**С.** Кæрдо дæр кæны хæрздæф.
**Хъ.** Кæрдойы хуыз, Хетæг, цæмæй уыныс?
**Х.** Цæстытæй.
**Хъ.** Йæ тæф ын цæмæй æмбарыс?
**Х.** Фындзæй.
**Хъ.** Цавæр у кæрдо йæ адмæ гæсгæ?
**Х.** Кæрдо у адджын.
**Хъ.** Йæ ад ын цæмæй рабæрæг кодтай, Светæ?
**Св.** Ахордтон дзы.
**Хъ.** Дыргъæн, сывæллæттæ, йæ ад æмбарæм æвзагæй. Нана æмæ баба дыргътæ цæмæй тонынц бæласæй? (*Равдисын ныв: нана æмæ баба фæткъуытæ тонынц.)*
**С.** Къухтæй.
*Алы сывæллонмæ дæр хъомылгæнæг фæрстытæ дæтты, цалынмæ дыргътæ нæма фесты, уæдмæ. Сабитæ дзуаппытæ дæттынц, куыд арæхсынц, афтæ.*

**Хъазт «Базон адмæ гæсгæ»**

*Сывæллон йæ цæстытæ бацъынд кодта, афтæмæй йæм хъомылгæнæг дæтты дыргъ. Сывæллон хъуамæ адмæ гæсгæ базона дыргъы ном.*

**Улæфты минут. Хъазт «Рæгъæд фæткъуы»**

Фæткъуы, фæткъуы,
Рæгъæд фæткъуы.
Дымгæ дымы?
О! Дымгæ дымы.
Фæткъуы хауы зæхмæ?
О! Фæткъуы хауы зæхмæ.

*Сывæллæттæ сæ кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ зылды сындæггай цæуынц, чысыл фæстæдæр сæ цыд фæтагъд кæнынц, стæй азгъорынц.*
*Чи фæкæла, уый куыд «рæгъæд фæткъуы» хауы зæхмæ «бæласæй».*

**Скæнæм адджын дæттæ дыргътæй**

*Хъомылгæнæг стъолыл æрцæттæ кодта алы сывæллонæн дæр гæххæттын банкæ пластилинæй сæрстæй, кърандæстæ.*
**Хъ.** Ныр та, сабитæ, ацы банкæты кæндзыстæм адджын дæттæ алыхуызон дыргътæй. Цавæр дыргътæ ис нæ чыргъæды?
**С.** Фæткъуы, кæрдо, чылауи, алтъами.
**Хъ.** Кæй уæ цавæр дыргъæй фæнды, уымæй кæны адджын дон. Уый тыххæй та уæ хъуамæ алчидæр йæ банкæйыл скæна, цы дыргъæй кæны адджын дон, уый ныв. Кæсут, мæнæ афтæ *(амоны,*

*куыд).* Райсут уæ кърандæстæ æмæ сныв кæнут уæ банкæтыл. *Чи нæ арæхса, уымæн феххуыс кæнын.*

Бузныг, абон уæ алчи йæ нанайæн скодта адджын дон, фæззæг нын цы дыргътæ балæвар кодта, уыдонæй. Ныр нал ферох кæндзыстут дыргътæн сæ ад, сæ тæф, сæ нæмттæ.

**8-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «НÆ ЦÆРÆНБЫНАТ».**

**Нысантæ:**

– Бафидар кæнын сывæллæтты дзырдуаты миногонтæ *«бæрзонд», «ныллæг»,* дзырдтæ: *хъæу, уынг, горæт, Дзæуджыхъæу.*

– Сывæллæтты ахуыр кæнын фæрстытæ *кæдæм?* æмæ *кæцæй?*-æн дзуаппытæ дæттыныл. Парахат кæнын сабиты хъуыдыкæнынад.

– Уарзондзинады æнкъарæнтæ æвзæрын кæнын сабитæм сæ цæрæнбынæттæм.

**Цæстуынгæ æрмæг:** сюжетон нывтæ: «Нæ горæт», «Хъæуккаг хæдзар», хъазæн чындз.

**Рагагъоммæ куыст:** сабитимæ абалц кæнын уынгмæ æмæ сæ базонгæ кæнын йæ арæзтимæ, цæмæн афтæ хуыйны. Радзурын сын æмткæй райсгæйæ нæ цæрæнбынаты тыххæй.

## Ахуыры сахаты нывæст

*Хъомылгæнæг дзуры, йæ къухы хъазæн чындз, афтæмæй.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, ацы хъазæн чындзыл амбæлдтæн тыргъы. Баурæдта мæ æмæ мæ бафарста, кæдæм æрбафтыд, уымæй. Мæнмæ гæсгæ йын сымах бон у феххуыс кæнын. Зæгъут-ма йын, кæм ис, уый.

**С**. Рæвдауæндоны, горæты.

*Хъомылгæнæг ныхас кæны сабитимæ сюжетон ныв «Нæ горæт»-мæ гæсгæ.*

**Хъ.** Сабитæ, лæмбынæг-ма æркæсут нывмæ. Заремæ, цы уыныс ныв?

**З**. Хæдзæрттæ.

**Хъ**. Сослан, цавæр сты хæдзæрттæ?
**С**. Стыр.
**Хъ.** Бæрзонд хæдзæрттæ *(амоны къухæй).* Фатимæ, цы ма уыныс ноджыдæр ныви?
**Ф**. Гыццыл хæдзар.
*Хъомылгæнæг ныллæг хæдзар къухæй амоны æмæ фæрсы хъазæн чындзы.*
**Хъ**. Кæцы у адонæй дæ хæдзар? *Амоны нывмæ.*
**С.** Нæ зонын. *(Хъомылгæнæг дарддæр дзуры нывы мидисыл.)*
**Хъ**. Геор, цы ма ис нывы?
**С**. Бæлæстæ. Дидинджытæ.
**Хъ**. Зæлинæ, сывæллæттæ та кæм хъазынц?
**З**. Кæрты. (*Æххæст хъуыдыйæдтæй дзуаппытæ домын.)*
**Хъ**. Кæй уынут кæрты?
**С**. Сывæллæтты.
**Хъ**. Цы ми кæнынц кæрты сывæллæттæ?
**С**. Хъазынц. (*Домын æххæст хъуыдыйæдтæй дзуаппытæ.)*
**Хъ.** *(дзуры хъазæн чындзмæ).* Ацы кæрты дæр никуы уыдтæ, Мæдинæ?
**М**. Нæ зонын.
**Хъ**. Цавæр хæдзары цæрыс, Мæдинæ?
**С**. Ныллæг хæдзары.
**Хъ**. Цы ис уæ кæрты та?
**М**. Карк, дзибатæ, хъуг.
**Хъ**. Цæхæрадон уæм ис?
**С**. Ис.
**Хъ**. Ноджы ма уæм цы ис, Мæдинæ?
**С**. Хъуг, куыдз, гæды.
**Хъ**. Кæм цæры, сывæллæттæ, нæ хъазæн чындз?
**С**. Нанайы хæдзары.
**Хъ.** Нæ уазæг ссыд хъæуæй, æмæ уымæн нæ базыдта йæ хæдзар. Кæдæм ссыд хъазæн чындз?
**С**. Горæтмæ.
**Хъ**. Кæм цæрут сымах та?
**С**. Горæты.
**Хъ**. Горæты та цавæр хæдзæрттæ ис?

**С**. Бæрзонд.

**Хъ.** Хъæуы та, сывæллæттæ, ис ныллæг хæдзæрттæ. Цавæр хæдзæрттæ ис хъæуы?

**С.** Ныллæг. (*Сывæллæттæ иумæ дзурынц æмæ амонынц къухæй ныллæг хæдзар.)*

**Хъазт «Бæрзонд – ныллæг»**.

*(Сывæллæттæ лæууынц тымбылæй æмæ хъомылгæнæджы фæзмгæйæ амонынц: бæрзонд – ныллæг.*

**Хъ.** Дзырд *бæрзонд* куы зæгъон, уæд къухтæ уæлæмæ ивазæм, мæнæ афтæ *(амоны)*. Дзырд *ныллæг* куы зæгъон, уæд та æрбадут бандæттыл.

**Дидактикон хъазт «Аразæм хъæу»**.

*Стъолыл – темæимæ баст алыхуызон сюжетон нывтæ.*

*Хъазты мидис.* Сывæллæттæ хъомылгæнæджы стъолæй исынц хъæуккаг æмæ горæтаг хæдзæртты нывтæ.

**Хъ.** Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут, цы нын радзырдта хъазæн чындз Мæдинæ йæ цæрæнбынаты тыххæй. Цавæр хæдзары цæры?

**С**. Ныллæг. Хъæуккаг хæдзары.

**Хъ**. Йæ бинонты-ма нын ранымай иу хатт, Сослан.

**С**. Мад, фыд, нана, баба, хо, æфсымæр.

**Хъ**. Чи цæры сæ кæрты?

**С**. Карк, дзибатæ, гæды, куыдз.

*Сабитæ нывтæ фидар кæнынц амонæн фæйнæгыл. Хъомылгæнæг хъазæн чындзы скафын кодта йæ къухты.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, кæсут, куыд цин кæны нæ уазæг, базыдта йæ цæрæнбынат, йæ хъæу. Кæм цæры хъазæн чындз?

**С**. Хъæуы. (*Домын æххæст дзуаппытæ.)*

**Хъ**. Цавæр хæдзары?

**С**. Ныллæг хæдзары.

**Хъ.** Мах та цæрæм горæты. Сывæллæттæ, нæ горæты цавæр хæдзæрттæ ис?

**С**. Бæрзонд хæдзæрттæ.

**Хъ.** Нæ горæты ном хуыйны Дзæуджыхъæу. Куыд хонæм нæ горæт? Дзурут, сабитæ, мемæ: *«Дзæуджыхъæу (2–3 хатты)*. Нæ горæт у тынг рæсугъд».

Мæдинæ цы хъæуы цæры, уый ном та – *Ногир*. Зæгъæм иумæ:

*«Дзæуджыхъæу, Ногир» (2–3 хатты)*. Ныр та уын бакæсдзынæн æмдзæвгæ нæ горæты тыххæй.

**Нæ горæт**

Хæхтæй нæ горæт бæрзонддæр,
Фæзтæй нæ горæт хæрзконддæр.
Хурау нæ горæт æрттиві,
Ногмæ йæ дарæстæ иві….

*Чеджемты Геор*

**Хъ.** Цæй, ныр нæ иннæ фембæлдмæ. Ацы æмдзæвгæ та сахуыр кæндзыстæм нæ иннæ ахуырты рæстæг.

**9-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «АДÆЙМАДЖЫ БУАРЫ ХÆЙТТÆ».**

**Нысантæ:**

– Ныффидар кæнын сывæллæтты дзырдуаты адæймаджы буары хæйтты нæмттæ, цæмæн хъæуынц æмæ сæм куыд зилын хъæуы.
– Фæлтæрын мыртæ *къ, тъ, хъ, чъ* сыгъдæг дзурыныл.
Сывæллæтты дзырдуаты ныффидар кæнын дзырдтæ: *сыгъдæг, чъизи, буары хай.*
– Архайын буары хæйттæ сыгъдæг дарыныл, химæ зилыныл.

**Цæстуынгæ æрмæг:** хъазæн чындз Мæдинæ; предметон нывтæ æмæ гыццыл сау зиллæччытæ, гæххæттæй чындз.

**Рагагъоммæ куыст:** бафæрсын сывæллæтты, райсомæй се ’ппæт дæр сæхи æхсынц æви нæ.

**Ахуыры сахаты нывæст**

**Хъ.** Уæхи ныхсадтат? *Сывæллæттæ дæттынц алыхуызон дзуаппытæ.*
**Хъ.** Уæ къухтæ ныхсадтат?
**С.** О, нæ къухтæ ныхсадтам.
**Хъ.** Уæ хъустæ сыгъдæг сты?
**С.** О, нæ хъустæ дæр сыгъдæг сты.
**Хъ.** Уæ рустæ æхсад сты?

**С.** О, ныхсадтам нæ рустæ дæр.
*Æнæнхъæлæджы чидæр дуар æрбахоста. Хъомылгæнæг акасти æмæ йемæ æрбакодта цыдæр пехцел чызджы.*
**Хъ.** Чи та нæм æрбацыд, чи?
**С.** Хъазæн чындз Мæдинæ.
**Хъ.** Мæнæ цы æнæзылд у, æнæхсад. Ай нæхи Мæдинæ куы у! Йæ къах æмæ йæ къух кæмæн сдзæбæх кодтам, уый. Базыдтат ма йæ? Æз æй нал базыдтон.
*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц.*
**Хъ.** Цымæ, кæм уыди? Мæ хъусы мын бадзырдта, кæрты змисы хъазыдтæн, зæгъгæ. Цы счъизи кодта Мæдинæ?
**С.** Йæ къухтæ, йæ рустæ, йæ къæхтæ. *Сывæллæттæ дзурынц иумæ.*
**Дидактикон хъазт**
**«Цы счъизи кæнæм арæхдæр, кæрты хъазгæйæ?»**
*Хъазты мидис.* Хъомылгæнæг бафидар кодта амонæн фæйнæгыл гæххæттын чындз.
**Хæслæвæрд.** Стъолæй райсут фæйнæ иу сау зиллаччы, бафидар сæ кæнут, кæрты хъазгæйæ арæхдæр цы счъизи кæнут, чындзы буары уыцы хæйттыл.
*Сывæллæттæ зиллæччытæ фидар кæнынц.*
**Хъ.** Светæ, кæм бафидар кодтай дæ зиллакк?
**С.** Чындзы русыл.
**Хъ**. Цæмæн йæ русыл?
**Св.** Чъизи къухæй асæрфта йæ рустæ.
**Хъ.** Заремæ, кæм бафидар кодтай ды та дæ зиллакк?
**С.** Чындзы къухыл æй бафидар кодтон.
**Хъ.** Цæмæн йæ къухыл?
**С.** Змисы хъазыди æмæ счъизи кодта йæ къухтæ.
*Радыгай алы сывæллонæн дæр раттын ныхасы бар.*
**Хъ.** Тынг хорз, сывæллæттæ, цæй, ныр та хъазгæ акæнæм.
**Улæфты минут**
*Хъомылгæнæджы амындмæ гæсгæ сабитæ хъазынц, фæзмынц æй, афтæмæй.*
Къухтæ, къухтæ, айрæзут! *(къухтæ исынц хæрдмæ.)*
Къухтæ, къухтæ, атæхут! *(къухтæ фæйнæрдæм акæнынц.)*

Къухтæ, къухтæ, амбæхсут! *(къухтæ фæсчъылдым амбæхсынц.)*
Къухтæ, къухтæ, кæм ыстут? *(равдисынц сæ къухтæ хъомылгæнæгмæ.)*
Мæнæ сты!
Мæнæ сты мæ къухтæ, *(иугай амонынц сæ буары хæйттæ æмæ сын дзурынц сæ нæмттæ.)*
Мæнæ сты мæ хъустæ.
Мæнæ сты мæ цæстытæ.
Мæнæ ис мæ фындз.
Мæнæ ис мæ дзых.

**Хъ.** Буармæ зилын хъæуы, цæмæй йыл микъройы гыццыл лæппынтæ ма ныххæцой, æмæ ма фæрынчын уæм. Уадз æмæ «Пехцелкæ»-Мæдинæ дæр зона, буармæ куыд зилын хъæуы, уый.

*Хъомылгæнæджы амындмæ гæсгæ сабитæ, цыма сæхи ’хсынц, ахæм фезмæлдтытæ кæнынц æмæ дзурынц ныхæстæ иумæ.*

Дон, дон, дон, ныхс мын мæ къухтæ,
Дон, дон, дон, ныхс мын  мæ хъустæ,
Дон, дон, дон, ныхс мын мæ рустæ,
Дон, дон, дон, ныхс мын мæ фындз.

**Хъ.** Мах дон æмæ сапонæй нæхи сыгъдæг ныхсæм. Кæсут-ма, нæ «Пехцелкæ» Мæдинæ дæр ныхсадта йæхи. (*Равдисы хъазæн чындз Мæдинæйы сыгъдæгæй, йæ сæрыхъуынтæ рæсугъд фастæй.)*
Афтæ сыгъдæгæй æмбæлы уазæгуаты ацæуындæр. Цомут иумæ.

**10-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «АДÆЙМАДЖЫ ÆМÆ ЦÆРÆГОЙТЫ УÆНГТÆ».**

**Нысантæ:**

– Сывæллæтты дарддæр зонгæ кæнын адæймаг æмæ цæрæгойты уæнгтимæ, сахуыр сын кæнын сæ нæмттæ.
– Фæлтæрæнтæ кæнын, иууон нымæцы номдартæй бирæон нымæцы номдартæ аразын; нымæцтæ 1-æй 4-онг нымайын, [хъ], [къ] раст дзурыныл архайын.

– Сабиты разæнгард кæнын сæ буар сыгъдæг дарыныл.

**Дзырдуат:** къух, къах, цæст, дзых, хъус, фындз, дзæмбы, мукъу, къабаз.

**Цæстуынгæ æрмæг:** алыхуызон хъазæнтæ æмæ сæ хицæн хæйттæ. Алы сывæллонæн дæр «сырх дзуар»-дохтыры нысан, хъазæн телевизор, темæимæ баст сюжетон ныв.

### Ахуыры сахаты нывæст

**Хъ.** Уæ бон хорз, сывæллæттæ, абон уын киноныв равдисдзынæн иу фыдуаг лæппуйы тыххæй. Сбадут. (*Бандæттæ зылдæй æвæрд.* *(Хъомылгæнæг астæуæй æрбады.*) Лæмбынæг кæсут æмæ хъусут. (*Хъомылгæнæг «телевизоры экраныл» бафидар кодта ныв æмæ дзуры):*

– Цардис иу лæппу. Уыдис æм бирæ алыхуызон хъазæнтæ. Алы бон дæр ын йæ мад æмæ йæ фыд æлхæдтой ног хъазæн. Лæппу-иу йæ хъазæнтæ уайтагъд асæстытæ кодта æмæ-иу сæ къуыммæ баппæрста. Хъазæнтæн сæ зæрдæ фæхудт æмæ загътой:
*Хъомылгæнæг кæсы æмдзæвгæйæ скъуыддзаг.*

…Цæмæн та нæ баппæрстай
Чъизийæ къуыммæ.
Нæ иуæн цæст æппæрст,
Нæ иннæ – уæнгсаст.
Зон: иу бон дæ райсдзыстæм иууыл нæ маст,
Æрцæудзыстæм бырæттæм, бырæттæм марзт.

*Дауыраты Зоя*

**Хъ.** Кæсут, мæнæ сты уыцы лæппуйы хъазæнтæ. (*Амоны къопмæ.*) Сывæллæттæ, бырæттæм сæ акалæм? (*Сабиты æргом здахы цъæл хъазæнтæм.)*

**С.** Нæ.

**Хъ.** Кæсут мæнæ *(æвдисы æнæкъах хъазæн чындз).* Тæригъæд у бырæттæм æппарынмæ. Сабитæ, фæнды уæ, æмæ сæ сдзæбæх кæнæм? Махæй исты куы фæриссы, уæд нæ чи адзæбæх кæны?

**С.** Дохтыр нæ адзæбæх кæны.

**Хъ.** Чи нæ адзæбæх кæны, Геор?

**Г.** Дохтыр.

**Хъ.** *(сывæллæттæй алкæй риуыл дæр фидар кæны «сырх дзуар»,*

*дзурынц иумæ 2–3 хатты, стæй алы сывæллон дæр хицæнæй*).
*«Сырх дзуар»* кæй дарæсыл вæййы фидаргонд?
**С.** Дохтыры дарæсыл.
**Хъ.** Цы вæййы дохтыры дарæсыл?
*«Сырх дзуар» – дзурынц иумæ сывæллæттæ.*
**Сюж/хъазт «Дохтыр»**
**Хъ.** Абон мах дæр стæм дохтыртæ. Равзарут саст хъазæнтæ. Цавæр хъазæн райстай, Сослан?
**С.** Æз райстон арс.
**Хъ.** Цы хъуаг у арс, æркæс лæмбынæг.
**С.** Къах.
**Хъ.** Арсæн ис дзæмбы, хъазæн чындзæн та – къах. Цы райстай, Ирæ, ды та?
**И.** Тæрхъус.
**Хъ.** Цы хъуаг у дæ тæрхъус?
**И.** Нæй йын цæст.
**Хъ.** Ды та, Светæ, цы райстай?
**С.** Къæбыла.
**Хъ.** Дæ къæбыла цы хъуаг у?
**С.** Хъус.
**Хъ.** Сабитæ, къух, къах, дзæмбы, хъус, цæст – уыдон сты адæймаджы æмæ цæрæгойты уæнгтæ. Зæгъут, цы ис хъазæн чындзæн? Арсæн та?
**С.** Чындзæн – къухтæ, къæхтæ, цæсгом. Арсæн: мукъу, дзæмбы, къæдзил.
**Хæслæвæрд.** Алчидæр уæ, бандоныл цы къопп лæууы, уым ссарæд, йæ хъазæн цы уæнг хъуаг у, уый. (*Сывæллæттæ агурынц, чи ссары, уый та йæ хъомылгæнæгмæ бахæссы.)*
**Хъ.** Мах дохтыртæ стæм. Ирæ, дæ хъазæн чындзæн цы адзæбæх кæндзынæ?
**И.** Сдзæбæх ын кодтон йæ къух.
**Хъ.** Сослан, рахæсс хъазæн чындзы къах.
**С.** Мæнæ йæ къах. *Радта йæ хъомылгæнæгмæ.*
**Хъ.** Светæ, къæбылайæн йæ хъус ссардтай?
**С.** Мæнæ къæбылайы хъус.
**Хъ.** Къæбылайы хъус бахуыйын хъæуы. *Хъомылгæнæг судзин æмæ æндах райста æмæ бахуыдта къабылайæн йæ хъус.*

**Хъ.** Дæ къæбылайæн, Светæ, цы адзæбæх кодтам?
**С.** Йæ хъус ын адзæбæх кодтам.
*Афтæ алы сывæллон дæр хъомылгæнæджы æххуысæй «дзæбæх кæны» йæ хъазæн.*
**Хъ.** Цы хъазæнтæ «сдзæбæх» кодтам, уыдон æвæрæм ацы стъолыл. *(Амоны, амонæн фæйнæджы цур цы стъол лæууы, уымæ.)* Тынг хорз дохтыртæ стæм. Куыд хорз «адзæбæх кодтам» нæ хъазæнты. Ныр нæ хъазæн чындзæн ис къухтæ æмæ къæхтæ. *(Сывæллæттæ дæр дзурынц хъомылгæнæджы фæстæ.)*
**Хъ.** Цал къахы ис хъазæн чындзæн? Махæн та? Цал къухы ис хъазæн чындзæн? Махæн та? *(Сывæллæттæ дзуапп дæттынц алы фарстæн дæр.)*
*Хъомылгæнæг амоны арсы дзæмбымæ.*
**Хъ.** Арсæн дæр къæхтæ ис? *(Кæд нæ зоной дзуапп, уæд хъомылгæнæг йæхæдæг дзуры. Арсæн ис дзæмбы. Зæгъут-ма: «Дзæмбы».)*
**С.** Нæ, дзæмбытæ.
**Хъ.** Цал дзæмбыйы ис арсæн? Ранымайæм сæ.
*(Хъомылгæнæг æмæ сывæллæттæ нымайынц, арсæн цал дзæмбыйы ис, уый.)*
**С.** Арсæн ис цыппар дзæмбыйы.
**Хъ.** Ранымайæм-ма сæ иу хатт: иу, дыууæ, æртæ, цыппар.
*Хъомылгæнæг æмæ сывæллæттæ та иумæ дзурынц: «Арсæн ис цыппар дзæмбыйы; цыппар дзæмбыйы».*
**Хъ.** Сабитæ, къæбылайæн та цы адзæбæх кодтам?
**С.** Йæ хъус.
**Хъ.** Цал хъусы ис къæбылайæн? *(Нымайынц та иумæ: иу, дыууæ.)*
**С.** Дыууæ хъусы.
**Хъ.** Заремæ, ды та дæ тæрхъусæн цы сдзæбæх кодтай?
**С.** Йæ цæст ын сдзæбæх кодтон.
**Хъ.** Цал цæсты ис тæрхъусæн? *(Нымайынц та иумæ: иу, дыууæ.)*
**С.** Дыууæ цæсты.
**Хъ.** Цал дзæмбыйы ис куыдзæн, арсæн, тæрхъусæн? *(Сабитæ иугай нымайынц.)*

**Хъазт «Буары хæйттæ цалгæйттæ сты?»**

**Хъ.** Сывæллæттæ, æз уын амонын буары хæйттæ, сымах та дзурут æмæ амонут, цалгæйттæ сты, уый. Мæнæн ис иу сæр, дæуæн та, Светæ?

**С.** Мæнæн дæр ис иу сæр.

**Хъ.** Мæнæн ис дыууæ къахы, дæуæн та, Фатимæ?

**Ф.** Мæнæн дæр ис дыууæ къахы. *(Афтæ алы сывæллон дæр дзуры æмæ амоны, буары хæйттæ цал сты, уый.)*

**Хъ.** Бузныг, сывæллæттæ, хъазæнтæ сдзæбæх кодтам, æмæ сæ ныр быræттæм нал аппардзысты. Фыдуаг лæппумæ дæр сæ нал ратдзыстæм. Уадз æмæ мæнæ хъазæнты уаты цæрой нæ иннæ хъазæнтимæ.

Хæрзбон. Нæ иннæ фембæлдмæ.

## 11-æм ахуыры сахат
## Темæ: «ХЪАЗÆНТÆ».

**Нысантæ:**

– Зонгæ кæнын сывæллæтты, цы хъазæнтæ нæм ис, уыдонимæ.

– Ахуыр кæнын номдар иууон нымæцæй бирæон нымæцмæ ивынил цæстуынгæ æрмæджы руаджы, фæрстытæн *кæм? цæм?*-æн дзуапп дæттын; пайда кæнын базон-базонтæй.

Номивæг: *мæнмæ-дæумæ*-йæ пайда кæнын.

– Архайын, цæмæй сабитæ сæ хъазæнтæм зилой.

**Дзырдуат:** хъазæнтæ; стъолыл, тæрхæгыл, скъаппы бын, къоппы, стыр – гыццыл.

**Цæстуынгæ æрмæг:** хъазæн машинæтæ, хъазæн чындз, тæрхъус, арс æмæ гæдыйы нывтæ, пурти.

### Ахуыры сахаты нывæст

**Хъ.** Уæ бон хорз. Сывæллæттæ, базонут-ма, мæ къухы цавæр хъазæн ис, уый.

Урс, фæлмæн æмæ хæмпус
Даргъ – йæ рихи, хъил – йæ хъус,
Хъæды къудзибын цæры

Æмæ бирæгъæй тæрсы.
Уый цы у?

**С.** Тæрхъус.

*Сывæллæттæн кæд зын уа дзуапп ссарын, уæд сын хъомылгæнæг йæхæдæг зæгъы.*

**Хъ.** Рахæссут хъазæнты къуымæй тæрхъус æмæ зæгъут, ацы тæрхъус цæйиас у?

**С.** Стыр.

**Хъ.** Цыхуызæн у тæрхъус?

**С.** Тæрхъус у урс.

**Хъ.** Сывæллæттæ, барæвдаут тæрхъусы, зарæг ын акæнут. *Хъомылгæнæг фыццаг зары йæхæдæг, стæй сывæллæттимæ иумæ.*

Дæ кæрц, тæрхъус –
Фæлмæн, хæмпус.
Дæ рихи – даргъ, дæ хъус – хъилхъус.
Æрцу нæм ардæм ды, тæрхъус. *(2 хатты.)*

*Хъомылгæнæг æмæ сывæллæттæ тæрхъусы куыд рæвдауынц, уый æвдисынц.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, мæнæ ацы пурти дæр у хъазæн. Кæсут-ма, пуртийæ куыд хъазын хъæуы. (*Дзуры æмæ æвдисы.)*

**Хъазт**

Пурти зæххыл – тъæпп, тъæпп, тъæпп.
Пурти зæххæй – гæпп, гæпп, гæпп
Æз йæ фæстæ – сæпп, сæпп, сæпп.
Уый та ногæй – гæпп, гæпп, гæпп.

*Уырымты Петя*

*Хъомылгæнæг домы сывæллæттæй, цæмæй алчидæр райса исты хъазæн.*

**Хъ.** Батрадз, цавæр хъазæн дæм ис?

**Б.** Мæнмæ ис арс.

**Хъ.** Кæцæй райстай хъазæн арс?

**Б.** Къоппæй.

**Хъ.** Арс райстай къоппæй, зæгъ-ма йæ иу хатт.

**Б.** Арс райстон къоппæй.

**Хъ**. Светæ, кæм бады хъазæн чындз.

**Св.** Чындз бады бандоныл.
**Хъ.** Аринæ, ды та ацы тæрхъус кæцæй рахастай?
**А.** Тæрхъус рахастон стъолы бынæй.
**Хъ.** Цы нæм ис нæ хъазæнты къуымы?
**С.** Бирæ хъазæнтæ.
**Хъ.** Раст у, сабитæ, машинæ, арс, тæрхъус, хъазæн чындз, пурти – уыдон иууылдæр сты хъазæнтæ. Бирæ хъазæнтæ *(2 хатты дзурынц сывæллæттæ – бирæ хъазæнтæ.)*
**Хъазт «Иу – бирæ»**
**Хъ.** Мæнмæ *ис* иу хъазæн. Сывæллæттæ, сымахмæ та?
**С.** Махмæ ис *бирæ* хъазæнтæ.
**Хъ**. Колямæ ис машинæ. Мæнæ стъолыл та ис цы? Цал сты?
**С**. Машинæтæ. Бирæ машинæтæ: *иу, дыууæ, æртæ.*
**Хъ**. Мæнмæ ис пурти. Уæртæ къуымы та цы ис? *(Домы, цæмæй саби иугай банымайа пуртитæ.)*
**С**. Пуртитæ. *Иу, дыууæ, æртæ, цыппар.*
**Хъ.** Хорз базыдтат дзырдтæ иу æмæ бирæ-йы нысаниуæг. Хъазæнтæ нæ хъазынмæ хъæуынц. Бузныг, сывæллæттæ, иннæ ахуыры сахаты уæ базонгæ кæндзынæн æндæр хъазæнтимæ.

**12-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «ЗЫМÆГ НÆ КÆРТЫ».**

**Нысантæ:**

– Ахуыр кæнын сывæллæтты хъомылгæнæджы фæрстытæн æнæхъæн хъуыдыйæдтæй дзуапп дæттыныл.

– Архайын номдар, миногон æмæ мивдисæгæй хъуыдыйады мидæг пайда кæнын. Парахат кæнын сабиты хъуыдыкæнынад.

– Æрдзы рæсугъддзинæдтæм сабиты æргом здахын, архайын, цæмæй сæ алфамбылай æрдз бауарзой.

**Дзырдуат:** мит тайы, уазал, зиллакк, армытъæпæн; сюжетон ныв «Зымæг нæ кæрты».
**Æрмæг:** сюжетон ныв «Зымæг нæ кæрты»; алы сывæллонæн дæр – фæйнæ 3 тымбылæджы.

**Рагагъоммæ куыст:** саразын сæрмагонд экскурситæ æрдзы хъæбысмæ. Зымæг æрдзы цавæр ивддзинæдтæ æрцæуы, уыдон амонын. Цавæр у мит? Митæй цавæр хъæзтытæ фæкæнынц сабитæ? Миты гæлæбу æрцахсынил афæлварын; хъомылгæнæг агъуыстмæ бахæссы тæбæгъы мит, цæмæй сывæллæттæ феной, куыд тайы, уый.

### Ахуыры сахаты нывæст

**Хъ.** Уæ райсом хорз. Зæгъут-ма, сывæллæттæ, афæдзы афонтæй кæцы у?

**С**. Зымæг.

**Хъ**. Къæвда уары? Хур кæсы?

**С**. Уары мит.

**Хъ**. *(дзуры æмæ амоны*):

Мит уары, мит уары,
Лæппу аразы хæдзар.
Ис ын рудзынг, ис ын дуар.

*(къухы æнгуылдзтæй уæлдæфы «хæдзары» нывцымæ кæны, афтæ равдисы.)*

**Хъ**. Цы скæнæн ис митæй?

**С.** Хæдзар, митæг, миты къуыбылой *(кæд нæ зоной, уæд хъомылгæнæг йæхæдæг дзуры).*

*Амонæн фæйнæгыл цы сюжетон нывис, уымæ сабиты æргом здахы.*

**Хъ**. Æркæсут мæнæ ацы нывмæ – *«Зымæг нæ кæрты»*.

**Хъ**. Алинæ, кæй уыныс нывы?

**Ал**. Сывæллæтты.

**Хъ.** *(амоны чызг æмæ лæппуйы нывтæм)*. Чи сты мæнæ адон та?

**С**. Чызг æмæ лæппу.

**Хъ**. Цы кусынц чызг æмæ лæппу?

**С**. «Санкæтыл» бырынц.

**Хъ.** Сывæллæттæ, «санкæ» иронау хонæм *дзоныгъ*. Зæгъæм-ма иумæ – *дзоныгъ. 2–3 хатты, стæй алы саби дæр йæхæдæг дзуры.)*

**Хъ**. Митыл цæмæй бырынц чызг æмæ лæппу?

**С**. Дзоныгъæй. *(Домын æххæст дзуаппытæ.)*

**Хъ**. Кæрты уары мит. Сывæллæттæ цавæр дарæс скодтой?

**С**. *(иугай ранымайынц алыхуызон дарæстæ).*

**Хъ**. Кæртмæ куы ацæуæм, уæд цæмæй хъаздзыстæм?
**С**. Миты къуыбылæйттæй, дзоныгътæй.
**Хъазт «Миты къуыбылæйттæ»**
**Хъ.** *(миты къуыбылæйттæ цыма æппары сабитыл, афтæ архайдæй амоны æмæ дзуры):*
– Суазал сты мæ къухтæ, мæ къæхтæ æмæ сæ куыд ахъарм кæнон. *(Сабитæ дæр, цыма миты къуыбылæйттæй хъазынц, ахæм змæлдтытæ кæнынц æмæ дзурынц хъомылгæнæгимæ иумæ):*

| | |
|---|---|
| Къухтæ, къухтæ – къæрцц-къæрцц-къæрцц | *(къухтæй æмдзæгъд* |
| Къæхтæ, къæхтæ – тъæпп-тъæпп-тъæпп. | *кæнынц;* |
| Къухтæ, къухтæ – тъупп-тъупп-тъупп. | *пъолыл къæхтæй* |
| Къæхтæ, къæхтæ – сæпп-сæпп-сæпп. | *тъæпп-тъæпп кæнынц.)* |

*Астемыраты Изет*

**Хъ.** *(дарддæр та амоны нывмæ).* Геор, мæнæ ацы лæппу та цы ми кæны?
**Г**. Аразы «снеговик».
**Хъ.** Геор, «снеговик» иронау хонæм *митæг (иумæ дзурынц 2–3 хатты).* Цæмæй аразынц митæг?
**С**. Митæй.
*Домын æнæхъæн хъуыдыйад аразын.*
**Хъ**. Митæг аразынц митæй. Митæй ма цы скæнынц?
**С**. Къуыбылæйттæ.
**Хъ**. Цал къуыбылойы скодта лæппу? Анымай сæ, Сашæ.
**С**. Æртæ. (*Домын æххæст дзуаппытæ.)*
**Хъ.** *(амоны митæгæн йæ фындз, йæ дзых, йæ цæстытæм).* Цы ма йын скодтой митæгæн?
**С**. Цæстытæ, фындз, дзых, къухтæ.
**Хъ.** Цæмæй сæ скодтой, уый уын радзурон, сабитæ? **(***Радзурын Чеджемты Г. æмдзæвгæйæ скъуыддзаг, митæгмæ амонгæйæ.)*

**Митын дада**
Йæ цæстытæ – дуртæй конд.
Йæ къухтæ та – къæцæлтæй.
Чи фæуайы йæ рæзты,
Уымæ хъæлдзæг фæхуды.

*Чеджемты Геор*

*Хъомылгæнæг домы, цæмæй сывæллæттæ дæр йемæ дзурой æмдзæвгæйы ныхæстæ.*

**Дидактикон хъазт «Сараз митæг»**

*Геометрион фигурæтæй аразын митæгтæ. Хъуамæ алы сывæллон дæр равзара, цавæр геометрион фигурæ хъæуы митæг скæнынæн, уый. Чи нæ арæхса, уымæн хъомылгæнæг йæхæдæг æххуыс кæны. Уæдмæ чидæр «рудзынг æрбахойы», къуырцц-къуырцц цæуы.*

**Хъ.** Чидæр нæм рудзынг хойы. (*Байгом кодта рудзынг æмæ райста митæг. Стъолыл æй æрæвæры.*) Чи нæм æрбацыд, сывæллæттæ, уазæгуаты?

**С**. Митæг.

**Хъ**. Цæмæй арæзт у?

**С**. Митæй.

**Хъ**. Андзæвут-ма митæгыл: цавæр у?

**С**. Митæг у уазал.

**Хъ.** Ныр та андзæвут уæхи конд митæгтыл. Зæгъут-ма, кæцы митæг уазалдæр у?

**С**. Митæй конд митæг уазалдæр у.

**Хъ**. Цымæ, цæмæн? Диссаг, ацы дон та кæцæй февзæрд? Æнхъæлдæн, нæ митæг тайы. Цæмæ райдыдта, цымæ, тайын митæг? *(Рахаста тæбæгъы мит.)*

*Райсы миты тæпп йæ армы, стæй йæ сабитæм равдисы. Миты бæсты армы – доны æртах.Сабитæй алкæй къухы дæр миты тæпæн. Тайынц сын.*

**Хъ.** Нæ агъуысты хъарм у. Хъармы мит тайгæ кæны.

*Алы сывæллоны армытъæпæны дæр миты тæпп, æрмттæ æрбангом кодтой, стæй сæ байгом кодтой æмæ кæсынц сæ къухтæм.*

**Хъ**. Светæ, цы ис дæ къухы?

**Св**. Мит.

**Хъ**. Хетæг, дæуæн дæр дæ къухы мит ис?

**Х**. Батади мæ мит.

**Хъ.** Хъармы æцæгдæр мит тайгæ кæны. Рæвдз уæ дарæс акæнут æмæ митæджы кæртмæ хæсгæ, цалынмæ иууылдæр нæ атад, уæдмæ.

**13-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «ЗАЗ БÆЛАС».**

**Нысантæ:**

– Схемæмæ гæсгæ архайын цыбыр радзырдтæ аразын.– Пайда кæнын ныхасы номдартæ æмæ мивдисджытæй.

Мыртæ сыгъдæг æмæ раст дзурынил ахуыр кæнын æмдзæвгæты руаджы.

– Цымыдисæй дзурын заз бæласы тыххæй.

**Дзырдуат:** *къæс-къæс кæны, хъыст-хъыст кæны, цъæх-цъæхид къалиу, заз бæлас, бæгънæг.*

**Цæстуынгæ æрмæг:** дзæкъул алыхуызон хъазæнтимæ, хъазæн чындз.

**Æрмæг:** заз бæлас; схемæтæн нывтæ, гæххæтт фæндаг аразынæн.

**Рагагъоммæ куыст:** уæгъд рæстæг сахуыр кæнын Гусалты З. æмдзæвгæ «Миты гæлæбу»-йæ скъуыддзаг.

**Ахуыры сахаты нывæст**

**Æнгуылдзтæй хъазт «Мит уары»**

**Хъ.** Уæ бон хорз, сывæллæттæ. Абон тынг уазал бон у. Хур йæхи бамбæхста мигъты фæстæ, фæлæ махæн уазал нæу. Сывæллæттæ, цæуылнæ нын у уазал? (*Алыхуызон дзуаппытæ дæттынц.)*

**Хъ.** Раст зæгъут. Уазалæй нæ хъахъхъæны нæ дарæс. Равдисут-ма, мит куыд фæуары, уый. *Сывæллæттæ амонынц къухы æнгуылдзтæй, миты гæлæбу куыд зилдух кæны уæлдæфы, уый, стæй дзурынц хъомылгæнæгимæ иумæ æмдзæвгæйы рæнхъытæ.*

Миты урс хæмпус гæлæбу
Уæлæ арвæй ’ртахтис.
Уазал урс-урсид гæлæбу
Абадтис мæ армыл…

*Гусалты Замирæ*

**Хъ.** Абон мæм мæнæ постхæссæг радта ацы стыр къонверт. Байгом æй кæнæм æмæ фенæм, цымæ дзы цы ис. *Хъомылгæнæг байгом кодта къонверт, систа дзы нывтæ æмæ сæ амонæн фæйнæгыл иугай бафидар кæны.*

**1 ныв.**

**Хъ.** Зæринæ, цы уыныс ацы нывы?

**З.** Миты гæлæбутæ.

**2 ныв.**

**Хъ.** Алинæ, ды та цы уыныс мæнæ ацы нывы?

**А.** Бæлæстæ. *Домы æххæст дзуаппытæ.*

**3 ныв.**

**Хъ.** Хетæг, ды та ацы нывы цы уыныс?

**Х.** Пъалто, батинкæтæ, хъуырбæттæн.

**4 ныв.**

**Хъ.** Ды та, Олег, цы уыныс ацы нывы?

**О.** Дзоныгъ, хæдзар, митæг.

*Хъомылгæнæг ма иу хатт амоны дыккаг нывмæ.*

**Хъ.** Цы уынут, сывæллæттæ, ацы нывы?

*Сывæллæттæ иумæ дзуапп дæттынц – бæлæстæ.*

**Хъ**. Алик, цыхуызæн бæлæстæ ис нывы?

**Ал**. Сау, цъæх.

**Хъ**. Зымæг цавæр бæлас вæййы цъæх?

**С**. Елкæ.

**Хъ.** «Елкæ», сывæллæттæ, иронау хонæм – заз бæлас. Зæгъæм-ма иумæ – *заз – заз бæлас.* **(***Амоны нывтæм.)*

**Хъ**. Афæдзы афонтæй нæм кæцы у?

**С**. Зымæг. *(Домын æххæст дзуаппытæ.)*

**Хъ.** Бæлæстæ «раластой» сæ «дарæс». Лæууынц «бæгънæгæй», зæгъæм иумæ: «Бæлæстæ зымæг лæууынц *бæгънæгæй».*

**Хъ**. Заз та цыхуызæн у?

**С**. Заз у цъæх.

**Хъ**. Боныхъæд та цавæр у?

**С**. Бон у уазал.

**Хъ**. Нæ уæлæ цы скæнæм уазал бон?

**С**. Хъарм дарæс. *(Æххæст дзуапп домын сабитæй.)*

**Хъ**. *(амоны нывмæ).* Сывæллæттæ кæрты цæмæй хъазынц?

**С.** Миты къуыбылæйттæй, бырынц дзоныгъæй, аразынц митæгтæ, хæдзæрттæ.

**Хъазт «Миты къуыбылæйттæ»**

**Хъ.** Сывæллæттæ, искуы фехъуыстат, миты гæлæбутæ къахы бын куыд зарынц, уый?

*Хъомылгæнæг скодта гæххæттæй фæндаг, хъуымацæй йæ бамбæрзта, сывæллæттæй алчи дæр бацæуы гæххæттын фæндагыл иу кæронæй иннæмæ, сæ къæхты уынæрмæ лæмбынæг хъусынц, афтæмæй.*

**Хъ.** Куыд зарынц миты гæлæбутæ уæ къæхты бын? Байхъусут сæм лæмбынæг. Иу хатт ма бацæут фæндагыл. Куыд зарынц? *Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц.*

**Хъ**. Афæзмæм-ма сæ иумæ.

Къæс-къæс-къæс-къæс – гæлæбу.
Хъыст-хъыст-хъыст-хъыст – хæмпус мит.
Къæс-къæс-къæс-къæс – гæлæбу,
Хъыст-хъыст-хъыст-хъыст – хæмпус мит. *(2–3 хатты дзурынц иумæ.)*

*(къухтæй æмдзæгъд кæнынц; пъолыл къæхтæй тъæпп-тъæпп кæнынц.)*

*Цыдæр «уынæр» фæцыди. Хъомылгæнæг рахаста хъазæн чындз.*

**Хъ.** Мæнæ нæм Мæдинæ иуварсæй касти. Цыдæр уæззау хæссинаг æм ис *(амоны дзæкъулмæ).*

**Хъазт «Базон-базон, цы ис дзæкъулы?»**

Хъомылгæнæг сывæллæттæн иугай исын кæны дзæкъулæй предметтæ, уыдон сын дзурынц сæ нæмттæ.

**Хъ**. Алик, цы систай дзæкъулæй?

**А**. Гыццыл хъазæн тæрхъус.

**Хъ**. Ды та, Заремæ, цы систай дзæкъулæй?

**З**. Хъазæн арс.

**Хъ**. Оксанæ, ды та цы систай дзæкъулæй?

**О.** Фæрдгуытæ. *(Алы сывæллонæн дæр ныхасы бар раттын.)*

**Хъ.** Хъазæнтæ нын цæмæ æрбахаста Мæдинæ, уый иннæ ахуыры сахат базондзыстут. Ныр та ма мæнæ ацы заз бæласмæ иу хатт æркæсæм. Цыхуызæн у заз?

**С**. Цъæх.

**Хъ.** Йæ къалиутæ сты цъæх-цъæхид. Иумæ-ма зæгъæм: *«Заз бæласæн ис цъæх-цъæхид къалиутæ» (2–3 хатты).*

Замманай рæсугъд *цъæх заз бæлас.* Бафидар æй кæнæм мæнæ нæ амонæн фæйнæгыл æмæ йын азарæм. Байхъусут уал мæнмæ, стæй иумæ азардзыстæм зарæг «Заз бæлас». (*Чеджемты Геор)*

Заз бæлас, заз бæлас,
Алы аз нæм цу æгас.
Бирæ уарзынц сабитæ,
Дæ цъæх-цъæхид къалиутæ. *(2 хатты)*
**Хъ.** Цæй, ныр цомут, кæрты нæхи аирхæфсæм.

**14-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «НОГ АЗЫ БÆРÆГБОН».**

**Нысантæ:**

– Бæрæгбоны æрцыдмæ ахуыр кæнын æмдзæвгæтæ æмæ зарджытæ.

– Ахуыргæнæджы фæрстытæн æххæст хъуыдыйæдтæй дзуапп дæттынил ахуыр кæнын сабиты.

– Фæрстытæ *кæцæй? цæмæн? цæуыл*?-æн дзуаппытæ дæттынил архайын.

Мыр [*цъ, хъ, къ*] сыгъдæг дзурын.

– Урсбоцъо Дадамæ уарзондзинады æнкъарæнтæ æвзæрын кæнын сабиты зæрдæты.

**Дзырдуат:** *урсбоцъо Дада, лæвæрттæ, æрттиваг хæрдгæхуыдтæ, стъалы, бæласы цъупп, бæрæгбон, Ног аз.*

**Æрмæг:** *заз бæлас, хъазæнтæ, бæмбæг,* дзæкъул алыхуызон лæвæрттимæ.

**Рагагъоммæ куыст:** сахуыр кæнын уæгъд рæстæг Чеджемты Г. æмдзæвгæ «Заз бæлас».

**Ахуыры сахаты нывæст**

**Хъ.** Уæ райсом хорз. Байхъусут мæм, сывæллæттæ, лæмбынæг æмæ базонут, мæ къухы цы ис, уый.
У фæлмæн, хæмпус,
Хуызæй та у урс?
*Сабитæ сæ хъуыдытæ дзурынц.*
**Хъ**. Афæдзы афонтæй та кæцы у?
**С**. Зымæг.
**Хъ**. Зымæг та цы фæуары?
**С**. Мит.
**Хъ**. Мит та цыхуызæн у?

**С**. Мит у урс, уазал, хæмпус, фæлмæн.
**Хъ**. Фæнды уæ фенын, мæ къухы цы ис, уый?
**С**. О, фæнды нæ.
*Хъомылгæнæг байгом кодта йæ арм.*
**Хъ**. Мæ къухы цы ис, сывæллæттæ, мит?
**С**. Ватæ.
**Хъ.** «Ватæ» иронау хуыйны – *бæмбæг.* Зæгъæм-ма йæ иумæ – бæмбæг *(2–3 хатты). Стæй алы сывæллонæн дæр йæ армы æвæры бæмбæджы мур.*
**Хъ**. Цыхуызæн у бæмбæг?
**С**. Урс.
**Хъ.** Цавæр у бæмбæг? (*Алы сабийæн дæр бæмбæджы тæпп ратты йæ къухмæ.)*
**С**. Фæлмæн, хæмпус.
**Хъ**. Хъарм у æви уазал? Рог у æви уæззау?
**С**. Хъарм. Рог. *(Домын æххæст дзуапп.)*
*(Бæмбæгмæ куы æркæсой, уæд та сæм раттын фæйнæ миты тæппы, абарынæн.)*
**Хъ.** Бафу-ма кæнут уæ бæмбæджы муртыл, цымæ цы кæндзысты.
**С**. Фу, фу, фу. *(Бæмбæджы муртæ фæйнæрдæм тæхынц.)*
**Хъ.** Цы фесты бæмбæджы муртæ? (*Атахтысты.)*
– Ныр та миты тæппытыл бафу кæнут. Цы фесты?

**Хъазт «Миты гæлæбу»**
Миты урс хæмпус гæлæбу
Уæлæ арвæй ’ртахтис.
Сатæг урс-урсид гæлæбу
Абадти мæ армы.
Уазал у, хæмпус у
Миты урс гæлæбу.
*Гусалты Замирæ*

*Сывæллæттæ хъомылгæнæджы ныхæстæ фæлхат кæнынц æмæ миты гæлæбутау зилдух кæнынц сæ бынаты.*
**Хъ.** Уæртæ нæ заз бæласы уаты астæу слæууын кæнæм, махмæ æнхъæлмæ кæсы. Зæгъут-ма иу хатт, заз бæлас цыхуызæн у? Ферох мæ и.

**С**. Цъæх.
**Хъ.** Фæнды уæ, æмæ нæ заз бæлас бæрæгбон арæзт скæнæм?
**С**. О, фæнды нæ.
**Хъ.** Æрæджы Мæдинæйы диссæгты дзæкъулы цы хъазæнтæ ссардтам, уыдонæй йæ срæсугъд кæнæм. Сослан, радав-ма скъаппæй къопп. (*Сывæллон рахаста хъомылгæнæгмæ къопп, уый йæ байгом кодта.)*
**Хъ.** Сабитæ, иугай исут хъазæнтæ æмæ сæ ауындзут заз бæласы къалиутыл, сæ нæмттæ сын дзурут, афтæмæй. Ирæ, цы æрцауыгътай заз бæласы къалиуыл?
**И.** Фæрдгуытæ. **(***Æнæхъæн хъуыдыйæдтæй дзуапп раттынып архайын.)*
**Хъ**. Казик, ды та цы ныссадздзынæ заз бæласы цъуппыл?
**К.** Ныссадздзынæн стъалы. (*Домын фæрстытæн æххæстæй дзуапп дæттын.)*
**Хъ.** Кæсут-ма мæнæ ацы æрттиваг хæрдгæхуыдтæм дæр, ауындзын сæ бæласы къалиутыл. Куыд рæсугъд æрттивынц. Зæгъæм-ма иумæ: *«Æрттиваг хæрдгæхуыдтæ ауындзын къалиутыл». (2–3 хатты.)*
**Хъ.** Стъалы дæр æрттивы бæласы цъуппæй. Зæгъæм та иумæ: *«Стъалы æрттивы бæласы цъуппæй». (2–3 хатты.)*
*Хъомылгæнæг æмбарын кæны дзырдтæ: «æрттиваг», «хæрдгæхуыдтæ» æмæ «æрттивы бæласы цъуппæй стъалы»-йы нысан. Алы сывæллон дæр хъуамæ йæ хъазæны ном зæгъа æмæ йæ æрцауындза заз бæласы къалиуыл.*
**Хъ.** Кæсут, куыд æрттивы нæ заз бæлас. Алик, радав-ма бæмбæджы гуцъула. **(***Хъомылгæнæг æмæ сывæллæттæ бæмбæг мургай тонынц æмæ йæ заз бæласы цъæх къалиутыл ранæй-ран æвæрынц.)*
**Хъ.** Заз бæлас бæрæгбонхуыз райста. Ныр ын нæ зарæг кæронмæ акæнæм.

**Заз бæлас**
Заз бæлаз, заз бæлас.
Алы аз нæм цу æгас,
Бирæ уарзынц сабитæ
Дæ цъæх-цъæхид къалиутæ.

Митын Дада, мах дæ уарзæм,
Алы бон нæм цу æгас.
Бирæ уарзынц сабитæ
Дæ дзæкъулы адджынтæ.

*Чеджемты Геор*

*Сабитæ заз бæласы алыварс зилынц æмæ зарынц.*

**Хъ.** Кæсут-ма, мæнæ Урсбоцъойы лæвæрттæ æрбахæццæ сты. Сабитæ, заз бæласы зæрдæмæ йæ рæсугъд дарæс фæцыди, Урсбоцъойæн та нæ зарæг йæ зæрдæмæ фæцыд æмæ уын мæнæ бæрæгбоны лæвæрттæ æрбарвыста. Урсбоцъоджын та чи у? Исчи уæ федта Урсбоцъоджыны йæ сырх голлагимæ? (*Сабитæм байхъусын æмæ кæронбæттæны хатдзæг скæнын.)*

**Хъ.** Ахуыры сахаты фæстæ байгом кæндзыстæм дзæкъул. Ныр та уал хæрзбон зæгъут.

**15 ахуыры сахат**
**Темæ: «ЗЫМÆГ ÆМÆ ЦÆРÆГОЙТÆ».**

**Нысан:**

– Бафидар кæнын сывæллæтты зонындзинæдтæ зымæгон æрдзы ивддзинæдты тыххæй.

– Æрдзурын, зымæг цæрæгойтæ сæхи куыд дарынц, ууыл: цы хæрынц æмæ зымæгиуат кæм кæнынц.

Сæвзæрын кæнын сывæллæтты зæрдæйы уарзондзинады æнкъарæнтæ цæрæгойтæм.

**Ног дзырдтæ:** æхсæрæг, къудзи, лæгæт, бæласы мæра, хуыкком, фæлмæн.

**Цæстуынгæ æрмæг:** сюжетон ныв «Зымæг хъæды», арс, тæрхъус æмæ æхсæрæджы нывтæ, кæнæ та хъазæнтæ.

**Рагагъоммæ куыст:** бавдисын æмæ æрдзурын, цæрæгойтæ зымæгиуат кæм кæнынц, уыцы бынæттыл.

**Ахуыры сахаты нывæст**

**Æнгуылдзтæй хъазт «Мит уары»** *(12-æм ахуыртæй)*

**Хъ.** Уæ бон хорз, сывæллæттæ. Ныртæккæ у зымæг. Кæрты уары мит. У уазал. Нæ хъазæнтæ сты хъарм уаты. Цæмæй махæн дæр уа хъарм, уый тыххæй нæ уæлæ цы скодтам?

**С.** Пъалто, хъарм хæлаф, хъарм худ, хъарм батинкæтæ. *Иугай дзурынц сабитæ зымæгон дарæсы нæмттæ).*
**Хъ.** Кæм уыдис дæуæн хъарм дарæс, Алан?
**А.** Мæ мад мын сæ балхæдта. (*Чидæр дуар «æрбахоста».)*
**Хъ.** Мæнæ та нæ хъазæн чындз Мæдинæ. Цавæр дарæс скодта Мæдинæ дæр? (*Сывæллæттæ иугай нымайынц хъазæн чындзы дарæс.)*
**Хъ.** Иу ныхасæй та сæ хонæм – *зымæгон дарæс.* (*Хъомылгæнæг домы сабитæй æххæст хъуыдыйæдтæй дзуаппытæ.)*
**Хъ.** Цавæр дарæс скодта хъазæн чындз?
**С.** Мæдинæ скодта *зымæгон дарæс.*
**Хъ.** Мæдинæйæн дæр æмæ махæн дæр, сывæллæттæ, тас нæу уазалæй. Мæнæ мæм цыдæр фыстæг радта нæ хъазæн чындз. *(Хъомылгæнæг байгом кодта къонверт, систа фыстæг æмæ кæсы уыци-уыци.)*
Урс фæлмæн кæрц дары,
Хъæды къудзибын цæры
Æмæ бирæгъæй тæрсы.
**Хъ**. Цы у уый, сывæллæттæ?
**С**. Тæрхъус.
**Хъ.** Ацагурут нæ хъазæнты астæу тæрхъус. (*Ссардтой йæ æмæ йæ хъомылгæнæгмæ рахастой.)* Цавæр кæрц ис тæрхъусæн? Уæ къухæй йыл андзæвут. (*Кæд сæ бон нæу дзуапп раттын, уæд сын хъомылгæнæг æххуыс кæны.)* Дзурут иумæ: *фæлмæн, хæмпус, урс кæрц.* Цæргæ та, сывæллæттæ, тæрхъус кæны хъæды *къудзиты бын.*
**Хъ**. Кæм цæры тæрхъус, сывæллæттæ?
**С**. *(иумæ дзурынц).* Къудзийы бын, хъæды.
*(Хъомылгæнæг домы, цæмæй алы сывæллон дæр зæгъа дзырдбаст «къудзийы бын».)*
**Хъ.** Арсен, райс тæрхъус æмæ йæ сæвæр тæрхæгыл иннæ хъазæн тæрхъустимæ. (*Сывæллон æххæст кæны хъомылгæнæджы хæслæвæрд.)*
*Хъомылгæнæг та кæсы уыци-уыци:*

Хъæды цæры, уарзы мыд.
Зымæг фынæй кæны лæгæты.

**Хъ.** Цы у, цымæ? (*Сывæллæттæ кæд нæ арæхсой, уæд хъомылгæнæг йæхæдæг дзуапп дæтты æмæ домы, цæмæй сывæллæттæй исчи рахæсса хъазæн арс.)*
**Хъ**. Цы у? (*Амоны арсмæ.)*
**С**. Арс.
**Хъ**. Кæм цæры арс?
**С**. Арс цæры хъæды.
**Хъ.** Арс, сывæллæттæ, зымæг фынæй фæкæны мæнæ афтæ *(фæзмы арсы)***:** «пф-пф-пф». Куыд фынæй кæны арс?
**С.** Пф-пф-пф. (*Фæзмынц сывæллæттæ дæр, арс куыд фынæй кæны, уый.)*
**Хъ.** Арс зымæг цы хæдзары фæфынæй кæны, уый хонæм лæгæт *(æвдисы лæгæты ныв).* Куыд хонæм арсы хæдзар?
*(Сывæллæттæ дзурынц иумæ – лæгæт, стæй иугай дзурынц, нывмæ амонгæйæ: «Арс фынæй кæны лæгæты».)*
**Хъ.** Байхъусут-ма дарддæр, цымæ, цы уа? Ацы цæрæгой дæр цæры хъæды. Ис ын фæлмæн хæмпус къæдзил. Уарзы æнгузтæ, æхсæртæ. Цæры бæласы мæрайы. Хонæм æй, сывæллæттæ, æхсæрæг *(æвдисы сывæллæттæн æхсæрæджы ныв).* Зæгъæм-ма иумæ: «*Æхсæрæг. Æхсæрæг цæры бæласы мæрайы».* Зелим, куыд хонæм ацы цæрæгойы? Ссар нын хъазæн «æхсæрæг».
**З**. Æхсæрæг. *(Рахæссы хъазæн.)*
**Хъ.** Фатимæ, кæм цæры æхсæрæг? (*Хъомылгæнæг йæхæдæг æххуыс кæны сывæллæттæм дзуапп дæттынмæ, домы, цæмæй йемæ дзурой.)*
**С**. æмæ **Хъ**. *Æхсæрæг цæры бæласы мæрайы.*
**Хъ.** Райсут уæдæ хъазæн æхсæрæг дæр æмæ йæ сæвæрут тæрхæгыл иннæ хъазæнтимæ. (*Сывæллæттæ райстой хъазæн, зæгъынц ын йæ ном æмæ йæ æвæрынц тæрхæгыл.)*
**Хъ.** Зæгъут-ма, сывæллæттæ, тæрхæгыл цавæр хъазæнтæ сæвæрдтам? Кæм цæрынц?
**С**. Тæрхъус, арс, æхсæрæг. Цæрынц хъæды.
**Хъ.** Цавæр кæрцытæ сын ис? (*Сывæллæттæй иугай домын дзуапп дæттын æнæхъæн хъуыдыйæдтæй, кæм хъæуа, уым æххуыс кæны хъомылгæнæг.)*
**С.** Хъарм, фæлмæн, хæмпус, кæрц ис тæрхъусæн.

– Хъарм хæдзары-лæгæты хуыссы арс.
– Хъарм фæлмæн къæдзилæй йæхи бамбæрзы æхсæрæг.

**Хъ.** Хъæды цæрæгойтæ дæр скодтой хъарм дарæс, ис сын хъарм цæрæнбынæттæ æмæ сын ныр уазалæй тас нал у. Æз та зонын æмдзæвгæ æхсæрæджы тыххæй. Байхъусут-ма йæм æмæ йæ бахъуыды кæнут.

*Бафæлварын сывæллæттимæ иумæ цыппаррæнхъон сахуыр кæнын наизусть:*

Æхсæрæг, æхсæрæг,
Мæ чысыл хæлар.
Кæм дын ис æхсæвæр?
Кæм дын ис хæдзар?

*Чеджемты Геор*

Бузныг, сывæллæттæ, нæ иннæ ахуыры сахат кæронмæ сахуыр кæндзыстæм наизусть. Ныр та ахъазæм.

«Гæпп-гæпп-гæпп» – *фæзмынц тæрхъусы.*
«Сæпп-сæпп-сæпп» – *фæзмынц бирæгъы.*
«Пф-пф-пф» – арс фынæй кæны – *фæзмынц арс.*

## 16-æм ахуыры сахат
## Темæ: «ХÆДЗАРЫ МИГÆНÆН ДЗАУМАТÆ».

**Нысантæ:**

– Сфидар кæнын иумæйаг дзырд *«мигæнæн»*-ы нысан.
– Ныхасы рæзтыл кусгæйæ пайда кæнын вазыгджын дзырдтæй; фарст *цæм?*-æн раст дзуапп дæттыныл архайын.
Мыртæ [с – ц] раст дзурын.
– Архайын, цæмæй сабитæ сæ мигæнæнтæм зилой æмæ сæ сæ бынæтты æвæрой.

**Дзырдуат:** *цайдан, сæкæрдон, цайцымæн агуывзæ, тæбæгъ, къуырф, уæлæнгай, уидыг.*

**Æрмæг:** хъазæнтæ – *кукла* æмæ *хъазæн тæрхъус*: 3 хайы дихгонд цайдан; *тебæ, гæххæттæй цайдан, къуырф тæбæгъ, 2 цайцымæн хъазæн къусы, пец-макет;* куклаты уатæй *скъапп, стъол.*

## Ахуыры сахаты нывæст

**Хъ**. Уæ бон хорз!

*Кукла хъазæн пецы цур лæууы. Пецыл – тебæ, цайдан. Стъолыл – къуырф тæбæгъ; скъаппы – цайцымæн агуывзæтæ. Хъомылгæнæг дзуры Цæрукъаты А. æмдзæвгæйæ скъуыддзаг:*

«Мæдинæмæ бакæсут уæртæ,
Рæсугъд хæдзар скодта кæрты:
Хæдзар у цыма æцæгæй –
Стъолæй, пецæй, уæд тæрхæгæй…»

**Хъ.** Хæстæг-ма балæууæм, сывæллæттæ, Мæдинæмæ. Цы тыхст хуыз ис хъазæн чындзæн.

*Сывæллæттæ æмæ хъомылгæнæг кæсынц хъазæн чындзмæ æмæ, йæ алыварс цы дзаумæттæ ис, уыдонмæ.*

**Хъ**. Цы кусы хъазæн чындз Мæдинæ? (*Æфснайы.)*

**Хъ.** Æз зонын, абон хъазæн чындзмæ уазæг кæй æрбацæудзæн, уый. Мæдинæ алы дзаума дæр æвæры йæ бынаты, цæмæй хæдзар уа æфснайд.

**Хъ**. *(хъомылгæнæг амоны тебæмæ).* Цы у?

**С**. Тебæ.

**Хъ**. Цæмæн хъæуы тебæ, сывæллæттæ?

**С**. Чъири фыцынмæ.

**Хъ**. Хъæрмхуыпп дæр тебæйы фæфыцæм?

**С**. Тебæйы ма нана фæфыцы дзул дæр.

**Хъ**. *(амоны тæбæгъмæ.)* Цы у?

**С**. Тæбæгъ.

**Хъ.** Цæйас тæбæгъ у? *Стыр.* Стыр къуырф тæбæгъ. Цавæр тæбæгъ у? *(2–3 хатты – къуырф тæбæгъ.)*

*Дуар чидæр «хойы». Хъомылгæнæг ракаст. Йæ къухы хъазæн тæрхъус æмæ тъорт æрбахаста.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, мæнæ Мæдинæйы уазæг. Цы у? Кæцæй æрбацыд?

**С**. Тæрхъус. Тæрхъус æрбацыд хъæдæй.

**Хъ.** Тæрхъус нын тъорт æрбахаста. Тъортимæ та цай цымын хъæуы. Цæй æмæ скæнæм цай.

*Хъомылгæнæг хъазæн чындз йæ къухы дары æмæ дзуры.*

**Хъ.** Мæдинæ тыхсы, цай цæм скæна, уый нæ зоны. Сымах та зонут, сывæллæттæ, цай цæм скæнын хъæуы, уый?

**С**. Чайниччы.
**Хъ.** «Чайник» иронау хонæм – *цайдан.* Иумæ-ма зæгъæм – *цайдан.* (*Алы сывæллон дæр хицæнæй дзуры*: «Цай-цайдан, цай-цайдан». *2–3 хатты та иумæ дзурынц.)*
**Хъ**. Кæм ис цайдан? Равдисут æй.
**С.** Пецыл. Мæнæ ис цайдан. *(Сывæллæттæ равдисынц пецыл цайдан.)*
*Хъомылгæнæг райста цайдан. Æвдисы йын йæ хæцæн, йæ сæр, йæ фындз.*
**Хъ.** Мæнæ уын – цайданæн йæ хæцæн, цæмæй нæ къухтæ ма басудзæм. Мæнæ уын йæ сæр. Цайданæн йæ сæр у æхгæнгæ. Мæнæ – йæ фындз. Ардыгæй кæлы дон цайцымæн агуывзæмæ.
**Хъ**. *(амоны цайданмæ)*. Ацы мигæнæн у *цайдан.*
*Цалдæр хатты сывæллæттæ иумæ дзурынц – «цайдан».*

**Дидактикон хъазт «Хъазæн чындзы уазæгæн цай бацымын кæнæм»**

**Хъ.** Сбадын кæнут тæрхъус æмæ хъазæн чындзы. Æз сын цай æркæнон цайданæй. Цæм цымдзысты цай?
**С**. Цайцымæн агуывзæтæй.
**Хъ**. Кæм сты цайцымæнтæ? Рахæссут сæ.
**С.** Скъаппы. Мæнæ сты *(рахæссынц сæ цайцымæнтæ).*
*Хъомылгæнæг цыма цай æркодта къусты, афтæ цайдан æркъул кодта.*
**Хъ**. Цæмæй æркодтон къусы цай? (*Цайданæй.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, цы ныккæнын хъæуы цайыл, цæмæй адджын уа?
**С**. Сæкæр.
**Хъ**. Кæм ис сæкæр? Рахæссут.
**С**. Мæнæ сæкæры къус. *(Рахастой сæкæрдон.)*
**Хъ.** Сæкæры къус нæ, фæлæ *сæкæрдон.* Зæгъут-ма иумæ – *сæкæрдон, сæкæр – сæкæрдон. (2–3 хатты.)*
**Хъ.** *(тæрхъусы дзæмбы атъыста сæкæры)*. Сывæллæттæ, цайыл сæкæр къухæй кæнын хъæуы?
**С**. Уидыгæй. *(Домы æххæст хъуыдыйæдтæй дзуаппытæ.)*
**Хъ**. Цавæр уидыгæй? (*Гыццыл.)*
*Хъомылгæнæг уидыгæй æркæны сæкæр къусы, азмæста йæ.*

**Хъ**. Ацымут цай.

*Сывæллæттæ хъомылгæнæджы æххуысæй къухтæй амонынц æмæ дзурынц:*

«Цай æркодтам, сызмæстам æй уидыгæй. Цымæм цай. Мæнæ цы адджын у!»

**Хъ.** Адджын цай уыди, сывæллæттæ? Хъазæн чындз æмæ тæрхъус сымахæн бузныг зæгъынц. Ныр хъазæн чындз Мæдинæ зондзæн, цай цæм рафыцын хъæуы, уый. Сымах та бахъуыды кæндзыстут, цай цымынæн цы мигæнæнтæ райсын хъæуы скъаппæй, уыдон.

*Хъомылгæнæг æвдисы мигæнæнтæ – сывæллæттæ сæ дзурынц: цайдан, уидыг, цайцымæн агуывзæ, сæкæрдоны сæкæр.*

**Хъ**. Нæ уазæг тæрхъусы зæрдæмæ нæ цайдан фæцыд. Балæвар ын кæнæм цайдан.

**Хъазт «Конструктор»**

*Сывæллæттæ аразынц цайдан хицæн хæйттæй.*

**Хъ.** Цы рæсугъд цайдан скодтат, сывæллæттæ! Балæвар æй кæнут нæ тæрхъусæн. Уадз æмæ хъæды йæ лæппынтимæ алы бон дæр цай цыма. Мах дæр ахуырты фæстæ нæхицæн цай скæндзыстæм æмæ мæнæ тæрхъусы лæвар тортимæ бацымдзыстæм.

**Хъ**. Сывæллæттæ, зæгъут бузныг тæрхъусæн.

**17-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «ХÆРИНАГ».**

**Нысантæ**:

– Бафидар кæнын сывæллæтты ныхасы цайцымæн мигæнæн дзауматы нæмттæ.

– Базонгæ кæнын сывæллæтты хиирхæфсæн хъазт *«Гино, гино, кæм уыдтæ?»*-имæ. Сæ хъуыдыкæнынад сын парахат кæнын.

Фæлварын хъазты ныхæстæ дзурын хъомылгæнæгимæ.

– Архайын фæрстытæн æххæст хъуыдыйæдтæй дзуапп дæттыныл; мыр [с] сыгъдæг дзурын.

– Хæринаггæнæджы куыстæн аргъ кæнын æмæ сабиты разæнгард кæнын арфæйы ныхæстæ ракæныныныл.

**Дзырдуат:** *ссад, хыссæ, гуыл.*

**Цæстуынгæ æрмæг:** *хъазæн чындз, стыр хъазæн гæды, ссады голлаг, ссадæй конд алыхуызон хæринæгтæ, æхсыр, дзидза, кæсаг, айк, къалбас, къафетт, тъорты нывтæ.*

### Ахуыры сахаты нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, нæ хъазæн чындз Мæдинæмæ та уазæг æрбацыд, æвæццæгæн.

*Хъазæнты къуымы – хъазæн чындз, фынгыл – цайдан, цайцымæн къус, уидыг, сæкæрдон.*

**Хъ**. *(амоны фынгмæ).* Цы сты мæнæ адон?

**С**. Цайдан, къус, уидыг…

**Хъ**. Цæмæн хъæуынц ацы мигæнæнтæ?

**С**. Цай цымынмæ, цай фыцынмæ, сæкæр дарынæн.

**Хъ**. *(амоны хъазæн гæдымæ).* Ай та цы у, сывæллæттæ?

*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц: гино, гиса, гæды. Хъомылгæнæг та амоны гæдыйы голлагмæ.*

**Хъ**. Мæнæ ай та цы у?

**С**. Дзæкъул. Голлаг.

**Хъ**. Геор, бафæрс-ма гæдыйы, цы ис йæ голладжы.

**Г**. Гино, цы ис дæ голладжы?

**Хъ.** Фатимæ, ды дæр æй бафæрс: «Цы ис дæ голладжы?»

*Гæдыйы бæсты дзуры хъомылгæнæг.*

**Хъ**. Мæ голладжы та ис ссад.

**Хъ**. Цы ис гинойы голладжы, сывæллæттæ?

**С**. Ссад. Гинойы голладжы ис ссад. *(Равдисын ссад.)*

**Хиирхæфсæн хъазт: «Гино, гино, кæм уыдтæ?»** *Астемыраты Изетæйы тæлмац.*

**Хъ.** Гæды ссадæй цы кæны, сабитæ, уый зонут? Байхъусут-ма уæдæ.

**Хъ.** Гино, гино, кæм уыдтæ? *(Гинойы бæсты дæр дзуры хъомылгæнæг.)*

**Г.** Куыройы. Ссады голлаг – ме ’ккойы. (*Дзæкъул йе ’ккой авæры.)*

**Хъ**. Ссадæй та цы кæныс, гино?

**Г**. Гуылтæ дзы скæндзынæн. (*Дзуры хъомылгæнæг.)*

**Хъ**. Кæимæ сæ хæрдзынæ?
**Г**. Иунæгæй сæ хæрдзынæн. (*Дзуры та хъомылгæнæг.)*
**Хъ**. Иунæгæй сæ ма хæр. Махæн дæр дзы авæр.
**Хъ.** Ссадæй, сабитæ, цы скæндзæн гино? (*Сывæллæттæ иумæ дзурынц: гуылтæ. Хъомылгæнæг домы æххæст хъуыдыйадæй дзуапп дæттын фæрстытæн.)*
**Хъ.** Зæгъ-ма ды, Майæ: *«Гино ссадæй скæндзæн гуылтæ».*
– Ды дæр, Геор, зæгъ: *«Ссадæй гино скæндзæн гуылтæ».*
**Хъ**. Нана та ссадæй цы скæны?
*Сывæллæттæй алчидæр нымайы, ссадæй конд хæринæгтæй цы зонынц, уыдон.*
**Хъ.** Ссадæй конд хæринæгтæ бахъуыды кодтат æви нæ, уый сбæрæг кæндзынæн хъазты руаджы.
**Дидактикон хъазт «Равзар хæринæгтæ»**
*Хъазты мидис.* Сывæллæттæн байуарын алыхуызон хæринæгты нывтæ. Равзарын иу къопмæ ссадæй конд хæринæгты нывтæ. Сывæллæттæ иугай æвзарынц нывтæ. Чи рæдийа, уымæн та æххуыс кæнынц иумæ.
**Хъ.** Хорз бахъуыды кодтат ссадæй конд хæринæгтæ. Ссадæй гæды гуылтæ кæнын зоны, мах дæр-ма нæхи ацахуыр кæнæм.
*Фæлварынц хыссæ кæныны архайд равдисыныл æмæ дзурынц, цы ми кæнынц, уый.*

Ссад æркодтам кæхцы,
Айзæрстам ыл цæхх,
Ссадыл дон ныккодтам,
Змæнтæм æй дзæбæх.
Иу цыбыр рæстæгмæ
Рауад нæм хыссæ.

**Хъ.** Цы нæм рауад, сабитæ? Фæлмæн хæмпус хыссæ. (*Дзуапп дæтты йæхæдæг.)*
**С**. Фæлмæн, хæмпус хыссæ. *(Дзурынц сабитæ иумæ.)*
**Хъ.** Хыссæйæ та кæнæм гуыл мæнæ афтæ *(иу армытъæпæн иннæйыл æвæры æмæ сывæллæттимæ иумæ дзуры).*
**Хъ.** *Мæнæ афтæ – иуырдæм,*
*Мæнæ афтæ – иннæрдæм, (2 хатты)*
*Мæнæ афтæ гуыл кæнæм.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, ныр нæ хъазæн чындз Мæдинæ адджын гуылтæ кæндзæн йæ уазджытæн.
Бузныг уын. Цæй, ныр арæвдз кæнæм нæхи æмæ цомут кæртмæ.
Гино æмæ Мæдинæ дæр немæ цæуынц.

**18-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «ДАРÆС».**

**Нысантæ:**

– Базонгæ кæнын сывæллæтты иумæйаг дзырд *«уæлæдарæс»*-ы нысанимæ.

– Архайын хъомылгæнæджы фæрстытæ *кæуыл? цæуыл?*-æн æнæхъæн хъуыдыйæдтæй дзуапп дæттыныл.

Иууон нымæцы номдартæй бирæуон нымæцы номдартæй аразыныл архайын.

Бафидар кæнын сывæллæтты ныхасы дзырдтæ: *æгънæг, æфцæггот, уæлæдарæс, дыс;* мыр [гъ] сыгъдæг дзурыныл архайын.

Сæ уæлæдарæсмæ зилын ахуыр кæнын сабиты.

– Архайын, цæмæй сабитæ, дарæс чи хуыйы, уыцы адæймагæн арфæйы ныхæстæ ракæной.

**Цæстуынгæ æрмæг:** хъазæн чындзæн уæлæдарæс: *хæдон, пъалто, къаба, хæлаф, юбкæ, кофтæ*, предметон нывтæ уæлæдарæсæй.

Хъазынæн: хъазæн чындзы пъалто æнæ æгънæджытæй, хæдон æнæ æфцæггот, къаба æнæ иу дыс.

### Ахуыры сахаты нывæст

**Хъ.** Уæ бон хорз! (*Равдисы хъазæн чындз Мæдинæйы.)* Æрбакæсутма, цы ис Мæдинæйы уæлæ, сывæллæттæ?
**С**. Къаба.
**Хъ.** Цыхуызæн къаба ис Мæдинæйыл? (*Домын сывæллæттæй æххæст дзуаппытæ.)*
**С**. Мæдинæйыл ис сырх къаба.
**Хъ.** Æркæсут æм лæмбынæг. Цы ис Мæдинæйы къабайыл? (*Амоны дзыпмæ.)*

**С**. Къабайæн ис дзыпп.

**Хъ**. Мæнæ ай та цы у къабайæн? (*Равдисы дыс.)*

**С**. Дыс.

**Хъ.** Къабайæн ис дзыпп æмæ дыстæ. Кæуыл ма ис ноджы къаба?

**С**. Мæныл, мæныл. *(Иугай дзурынц чызджытæ.)*

**Хъ.** Мæнæ ай та цы у? *(Хъазæн чындзы скъаппæй райсы хæдон æмæ йæ равдисы.)*

**С**. Хæдон.

**Хъ**. Цы ис хæдонæн дæр? Æркæсут æм лæмбынæг.

*(Сывæллæттæ дæттынц алыхуызон дзуаппытæ дзыпп, æгънæг.)*

**Хъ.** *(æвдисы æфцæггот).* Ай та цы у хæдонæн? Чи йæ зæгъдзæн? *Сывæллæттæ дæттынц алыхуызон дзуаппытæ.*

**Хъ.** Ай хуыйны, сывæллæттæ, *æфцæггот.* Иумæ йæ зæгъæм – *æфцæггот*. **(***Уый фæстæ та иугай алы сывæллон дæр хицæнæй дзуры – æфцæггот.)*

**Нывтæм гæсгæ куыст**

*Хъомылгæнæг байуары сывæллæттæн уæлæдарæсы нывтæ. Алы сывæллон дæр дзуры йæ нывы тыххæй.*

**Хъ.** Зæгъæм: *мæ нывы ис юбкæ, сау юбкæ, юбкæ дары чызг.* Дæуæн та, Юрик, цы ис дæ нывы?

*(Сывæллон дзуапп дæтты, кæд нæ арæхса, уæд ын æххуыс кæны хъомылгæнæг æмæ домы, цæмæй æххæст дзуаппытæ дæттой. Дзуры алы сывæллон дæр.)*

**Ю**. Хæдон.

**Хъ**. Цы ис хæдоныл та?

*Сывæллон дзуапп дæтты; хъомылгæнæг æй æххæст кæны.*

**Хъ**. Хæдоныл ис *дзыппытæ, æфцæггот, дыстæ.*

**Хъазт «Цы хъуаг у дарæс?»**

**Хъ.** Сывæллæттæ, нæ хъазæн чындз Мæдинæйæн бахуыдтой уæлæдарæс. Мæнмæ гæсгæ дзы алкæмæн дæр цыдæр нæ фаг кæны. (*Бафидар кæнын уæлæдарæс амонæн фæйнæгыл.)*

Пъалтойæн нæй *æфцæггот* æмæ *æгънæджытæ.*

Къабайæн нæй *иу дыс*.

Хæдоныл нæй *дыстæ*.

**Хъ**. Цы нæ фаг кæны дарæсæн?

*(Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц. Хъомылгæнæг сæ раст кæны.)*

**Хъ.** Мæдинæйы пъалтойыл, сывæллæттæ, цы бахуыйын хъæуы?
**С.** Æфцæггот, æгънæджытæ. (*Домын æххæст дзуаппытæ дæттын хъомылгæнæджы æххуысæй.)*
**Хъ**. Къабайыл та цал дысы бахуыйын хъæуы?
**С**. Иу дыс.
**Хъ**. Хæдоныл та цал дысы вæййы?
**С**. Дыууæ дысы.
**Хъ.** Ноджы ма цы вæййы хæдон æмæ къабайыл? (*Дзыппытæ.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, абон цы дзаумæттæ федтам, уыдон хонæм *уæлæдарæс.* Уый тыххæй æмæ сæ скæнæм нæ уæлæ. Бахуыйынц сыл *æфцæгготтæ, дыстæ, æгънæджытæ, дзыппытæ.*
Зæгъут-ма иу хатт: *«Уæлæдарæс. Æфцæггот, дыстæ, дзыпп, æгънæджытæ».*
**Хъ.** Мæдинæ дæр ныр зондзæн, уæлæдарæс куыд хуыйынц æмæ цавæртæ вæййынц, уый. Ныр та нæ иннæ фембæлдмæ.

**19-æм ахуыры сахат**
Темæ: «Дарæс».

**Нысантæ:**
– Бафидар кæнын сывæллæтты зонындзинæдтæ уæлæдарæсы тыххæй.
– Ахуыр кæнын цыбыр æмдзæвгæ хъомылгæнæгимæ; хъæлæсы уагмæ гæсгæ æмбарын кæнын хъæрон æмæ фарстон хъуыдыйæдтæ.
– Мивдисджытæ *æркæнын* æмæ *скæнын-ы* нысан æмбарын кæнын архайд æвдисгæйæ.
Мыртæ [цъ] – [чъ] сыгъдæг æмæ раст дзурыныл архайын.
Разæнгард кæнын сабиты искæй куыстæн аргъ кæныныл.
**Дзырдуат:** *зивæггæнаг, зыгъуыммæ, скъуыд, цъындатæ, худ.*
**Цæстуынгæ æрмæг:** хъазæн чындз, сюжетон ныв «Хъазæн телевизор»; уæлæдарæс æмæ къахыдарæс афæдзы афонтæм гæсгæ. 3 къоппы – сырх, бур, цъæх.

**Ахуыры сахаты нывæст**
**Хъ.** Уæ райсом хорз! Сывæллæттæ, телевизормæ кæсын уарзут? *Сывæллæттæ дзуапп дæттынц.*

**Хъ**. Цавæр кинонывтæм фæкæсут?
**С**. Аргъæуттæм.
**Хъ.** Абон телевизоры равдисдзысты иу чызджы. Чи у? Цавæр чызг у, уый базонын уæ кæд фæнды, уæд æрбадут уæ бандæттыл æмæ лæмбынæг кæсут æмæ хъусут.
*Хъомылгæнæг рагацау телевизоры экраныл бафидар кодта сюжетон ныв «Чызг уаты астæу лæууы, йæ сæрыл – худ, йæ иу къахыл – батинкæ, иннæ къахыл та – цъында. Уаты алы къуымты йæ дарæс – хæлиутæ. Хъомылгæнæг телевизоры экраныл ныв байгом кодта æмæ дзуры æмдзæвгæ.*

**Цъындатæ**

Чызг, цæмæн баппæрстай цъындатæ
Чъизийæ къуыммæ?
Сæ иу у ыскъуыдтæ,
Иннæ – зыгъуыммæ.
Зон, иубон дæ райсдзæни цъылын сæ маст, –
Æрцæудзысты бырæттæм,
Бырæттæм марзт!

*Дауыраты Зоя*

**Хъ**. Сывæллæттæ, цы уынут нывы?
*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц.*
**Хъ.** Чызгæн йæ уат æфснайд у, сывæллæттæ? Йæ дарæс та?
*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц нывмæ гæсгæ.*
**Хъ.** Сымах та уæ дарæсæн сæ бынæттæ зонут? Зæгъут, цавæр чызг равдыстой абон телевизоры?
**С**. Зивæггæнаг *(магуса, æнæфснайд).*
**Хъ**. Цæмæй бæрæг у, зивæггæнаг кæй у, уый?
**С**. Йæ дарæс уаты къуымты пырхытæй лæууынц.
**Хъ**. Геор, йæ къæхтыл та цы ис?
**Г**. Иу къахыл – цъында.
**Хъ**. Светæ, йæ иннæ къахыл та цы скодта чызг?
**С**. Йæ иннæ къахыл скодта батинкæ.
**Хъ**. Фатимæ, худ æркодта æви худ скодта?
*Кæд сывæллæттæн зын уа дзуапп раттын, уæд хъомылгæнæг йæхæдæг дзуры: «Чызг йæ сæрыл æркодта худ, йæ къахыл та скодта батинкæ». Домы, цæмæй сывæллæттæ архайдæй*

*равдисой худ æркæнын, батинкæ скæнын къахыл. Сывæллæттæ архайынц æмæ иугай дзурынц.*

**Дзырдтæй хъазт «Æркæнын – скæнын»**

**Хъ**. *(хъазæн чындзыл кæны хæлаф).* Цы ми кæнын æз, сывæллæттæ?

**С**. Хъазæн чындзыл хæлаф кæныс.

**Хъ**. Йæ сæрыл та йын цы æркæнын хъæуы?

**С**. Йæ сæрыл ын æркæнын хъæуы худ.

**Хъ**. Зæгъут-ма иу хатт, цы скæнæм нæ уæлæ?

**С**. Къаба, пъалто, хæдон, цъындатæ, батинкæтæ…

**Хъ**. Нæ сæрыл та цы æркæнæм?

**С**. Худ, къепкæ, шляпæ…

**Хъ.** Сывæллæттæ, иу ахæм зивæггæнаг чызг махмæ дæр ис. Ацагурут-ма йæ. (*Хъазæн чындзы уаты, йæ иу къахыл цъында, иннæ къахыл дзабыр, йæ сæрыл хъарм худ, ахæм чындз, йæ дарæс къуымты пырхытæ.)*

**Хъ**. Ссардтат æй, сывæллæттæ? Чи у?

**С**. Нæ хъазæн чындз Мæдинæ.

**Хъ.** Кæсут-ма, йæ дарæс куыд ныххæлиутæ кодта, сæмхæццæ сæ кодта: бæрæг нал у, кæм – йæ зымæгон дарæс и, кæм та – йæ сæрдыгон дарæс. Раст телевизоры цы чызг федтам, ахæм у, æвæццæгæн. Йæ сæрыл цы æркодта? (*Хъомылгæнæг домы, цæмæй сывæллæттæ æххæст дзуаппытæ дæттой.)*

**Хъазт «Равзар дарæс»**

**Хъ.** Æрæмбырд кæнут Мæдинæйæн йæ дарæс æмæ сæ афæдзы афонтæм гæсгæ къоппыты æвæрут афтæ:

*Цъæх къоппы* – зымæгон хъарм дарæс.

*Сырхы* – сæрдыгон дарæс.

*Бур къоппы* – сæрыл даргæ.

*(Сывæллæттæ дарæс къоппыты æвæрынц, хъомылгæнæг та хъазæн чындз йæ къухмæ систа.)*

**Хъ.** Мæдинæ, кæс-ма, дæ дарæс дын куыд хорз бафснайдтой, мауал сæ ныппырхытæ кæн. (*Сывæллæттæ хъомылгæнæгимæ дзурынц Дауырæйы æмдзæвгæ «Цъындатæ».)*

*Хæрзбон.* Нæ иннæ фембæлдмæ, сабитæ.

**20-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «МЕБЕЛЬ».**

**Нысантæ:**

– Зонгæ кæнын сывæллæтты, сæ алфамбылай цы мебель ис, уыдонимæ. Цæмæн хъæуынц. Сбæрæг кæнын иумæйаг дзырдтæ *«мебель æмæ мебелы дукани»*-йы нысан. Парахат кæнын хъуыдыкæнынад.

– Номивджытæ нырыккон æмæ ивгъуыд афоны мивдисджытимæ раст дзурыныл архайын.

Мыр [къ] раст æмæ сыгъдæг дзурын.

– Архайын, цæмæй сабитæ сæ уаты мебельмæ зилой зæрдиагæй.

**Цæстуынгæ æрмæг**: мебель – *скъапп, сынтæг, фынг, бандон.* «Мебелы дуканийы» – алыхуызон хæдзары дзауматæ хъазæн чындзы уатæй; хъазæн чындз, мебелы нывтæ.

**Дзырдуат:** мебель, мебелы дукани, æлхæнын, уæй кæнын, *скъапп, фынг, сынтæг, бандон.*

**Ахуыры сахаты нывæст**

**Хъ.** Уæ райсом хорз! (*Сывæллæттæ салам дæттынц.)*

**Хъ.** Сывæллæттæ, æрзилæм та нæ уаты, фæнды уæ? *Сывæллæттæ радыгай дзуапп дæттынц.*

**Хъ.** *(амоны фынгмæ).* Ай цы у, сывæллæттæ? (*Сывæллæттæ дзуапп дæттынц. Хъомылгæнæг домы йæ фæрстытæн æххæст хъуыдыйадæй дзуапп раттын.)*

**Хъ**. Иу хатт ма йæ зæгъут, цы у?

**С**. Уый у фынг.

**Хъ**. *(дарддæр амоны скъапмæ)*. Ай та цы у? **(***Сывæллæттæ дзуапп дæттынц.)*

**Хъ**. Светæ, цал сты фынгтæ, анымай-ма сæ.

**Св**. Иу, дыууæ, æртæ, цыппар.

**Хъ.** Цал фынджы ис, Алан, нæ уаты? Æххæст дзуапп мын ратт.

**А**. Нæ уаты ис цыппар фынджы.

**Хъ**. (*амоны бандонмæ*). Мæнæ ай та цы у, Заремæ?

**З**. Бандон. (*Хъомылгæнæг домы æххæст дзуапп.)*

**Хъ.** Зæгъ-ма, Заремæ, иу хатт, цы у ай? (*Бандонмæ та амоны.)*
**З**. Уый у бандон.
**Хъ.** Кæсут-ма, цас нывтæ ис! (*Стъолыл алыхуызон предметты нывтæ.)* Нæ уаты цы предметтæм бацамыдтат, уыдон сты *мебель.* Зæгъæм иумæ – *мебель. (2–3 хатты, стæй алы саби дæр дзуры йæхæдæг.)*

**Хъазт «Цы ис ныві уæлдай»**

**Хæслæвæрд.** Ацы мебелимæ цы уæлдай предмет ис, уый ссар.

**Цæстуынгæ æрмæг:** скъапп, диван, сынтæг, къаба æмæ хæдоны нывтæ.

*Сывæллæттæ фæлварынц мебель æвзарыныл æмæ сын сæ нæмттæ дзурынц. Чи рæдийа, уымæн та хъомылгæнæг æххуыс кæны.*

**Хъ.** Мæнæ та нæ хъазæн чындз Мæдинæ. Мæдинæйы цыдæр зæгъын фæнды. *Йæ хъусмæ йæ хæстæг систа æмæ сывæллæттæм дзуры.*

**Хъ.** Мæдинæ нæ йемæ хоны дуканимæ. Цымæ, цæмæн? Цомут-ма, базонæм, цы дзы ис. (*Бахуыдта сывæллæтты, сюжетон хъазт «Дукани» кæм æвæрд ис, уырдæм. Тæрхæгыл – алыхуызон мебель.)*

**Хъ.** Сывæллæттæ, кæдæм æрбацыдыстæм, уый у дукани. Зæгъут-ма, цы уæй кæнынц ацы дуканийы? (*Амоны мебель иугай.)*

**С**. Скъапп, фынг, сынтæг, бандон.

**Хъ.** Ацы дукани хонынц мебелы дукани. Зæгъут-ма иумæ – мебелы дукани. Мæдинæйæн ног хæдзар саразтой, фæлæ йæ уат у афтид. Цæй, балæвар ын кæнæм мебель, æрмæст, Мæдинæйы цавæр хъæуа, ахæм. Лæмбынæг хъусут. (*Хъомылгæнæг чындзы бæсты дзуры.)* Балхæн мын, бадгæ цæуыл фæкæнынц, ахæм дзаума.

**Хъ.** Цæуыл баддзæн Мæдинæ, цы йын балхæндзынæ, Зелим, нæ дуканийы?

**З.** Æз Мæдинæйæн балхæндзынæн *бандон, къæлæтджын бандон.*

**Хъ**. Хæргæ та цæуыл кæндзæн нæ хъазæн чындз, Сослан?

**С**. Хæргæ фæкæнынц *фынгыл.*

**Хъ**. Уæдæ цы балхæндзынæ хъазæн чындзæн, Сослан?

**С**. Æз ын балхæндзынæн *фынг.* (*Рахæссы фынг.)*

**Хъ.** Цы балхæндзынæ ды та, Маринæ, хъазæн чындзы уатмæ.
**М**. *Æз* ын балхæндзынæн *скъапп.*
**Хъ**. Цæмæн хъæуы Мæдинæйы уаты, Зинæ, скъапп?
**З**. Йæ дарæс æфснайдзæн скъаппы.
**Хъ.** Фатимæ, зæгъ-ма, фынæй та цæуыл кæндзæн хъазæн чындз?
**Ф**. *Сынтæгыл.*
**Хъ**. Уæдæ йын ды та цы балхæндзынæ мебелы дуканийы?
**Ф**. *Æз* та йын балхæндзынæн *сынтæг (рахæссы сынтæг).*
**Хъ.** Мæнмæ гæсгæ, хъазæн чындзæн æхсызгон у, йæ уатмæ йын ног мебель кæй балхæдтат, уый.
**Хъ**. Цавæр мебель балхæдтат дуканийы?
*Сывæллæттæ иугай ранымайынц, цы дзаумæттæ балхæдтой, уыдоны нæмттæ.*
**Хъ.** Скъапп, фынг, бандон æмæ сынтæг, сывæллæттæ, иумæйагæй сты мебель. Балхæдтам сæ мебелы дуканийы. Зæгъут-ма иумæ: *«Мæдинæйы уатмæ мебель балхæдтам мебелы дуканийы».*
**Хъ.** Мебелы дуканийы ма ноджы цы уæй кæнынц, уый та базондзыстæм иннæ хатт.
Ныр та Мæдинæйы уат бафснайæм.

## 21-аг ахуыры сахат
## Темæ: «МЕБЕЛЬ».

**Нысантæ:**

– Сфæлхат кæнын сывæллæттимæ иумæйаг дзырд *«мебель»*-ы нысаниуæг.

– Ахуыр кæнын тагъддзуринæгтæ мыртæ раст æмæ сыгъдæг дзурынæн. Мыртæ [къ] [хъ].

Сывæллæтты ныхас хъæздыгдæр кæнын ног дзырдтæй.

– Амонын мебелы хæйттæ æмæ, цавæр æрмæгæй конд сты, уый.

– Искæй куыстæн аргъ кæнын зонын æмæ архайын алы мебелы хай дæр йæ бынаты æвæрыныл.

**Дзырдуат:** *фынг* – фынджы къæхтæ, *сынтæг* – сынтæджы къухтæ, *авдæн* – авдæны къæлæттæ, *хъæдын, æфсæйнаг, пластмассæ.*

**Цæстуынгæ æрмæг:** зиллакк, амонæн фæйнæгыл фидаргондæй мебелы нывтæ; предметон нывтæ: *фынг, скъапп, сынтæг, бандон, авдæн æд хъазæн чындз.*

### Ахуыры сахаты нывæст

**Хъ.** Уæ райсом хорз! Сабитæ, лæмбынæг-ма æрбакæсут. *Амоны, амонæн фæйнæгыл цы зиллакк фидаргонд ис нывтимæ, уымæ***.** Адон цы сты?

*Сывæллæттæ иугай дзурынц дзаумæтты нæмттæ.*

**Дидактикон хъазт «Ссар дзаумайæн йæ къай»**

**Хъ.** Стъолыл цы нывтæ ис, уыдонæн ссарут сæ къæйттæ, фæйнæгыл цы нывтæ ис, уыдоны æхсæн.

*Сывæллæттæ иугай бацæуынц стъолы размæ. Нывтæ къæйттæй æвæрынц, сæ нæмттæ сын дзурынц, афтæмæй. Стъолыл ма баззад авдæны ныв.*

**Хъ.** Сабитæ, мæнмæ гæсгæ, цыдæр ферох кодтат? Зæгъут-ма иу хатт, уæ нывты цы предметтæ ис, уыдонæн сæ нæмттæ. *Сывæллæттæ дзурынц: фынг, бандон, скъапп, сынтæг.*

**Хъ.** *(амоны авдæны нывмæ)***.** Ацы нывы та цы уынæм?

*Кæд сывæллæттæ дзуапп нæ раттой, уæд хъомылгæнæг йæхæдæг зæгъы авдæны ном æмæ равдисы гыццыл хъазæн авдæн æд хъазæн чындз.*

**Хъ.** Сабитæ, ай у *авдæн.* Зæгъæм-ма иумæ – *авдæн.* Авдæн дæр у хуыссæн. Чи фынæй кæны авдæны? (*Равдисын, группæйы цы хъазæн авдæн ис, уый.)*

**С**. Хъазæн чындз.

**Хъ**. Чи уæ федта, сывæллæттæ, авдæн?

*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц.*

**Хъ.** Авдæны чи фынæй кæны, Сæлимæт?

**С.** Авдæны фынæй кæны гыццыл сывæллон.

**Хъ.** Сымах та рæвдауæндоны цæуыл фынæй кæнут?

*Сывæллæттæ иугай дзуапп дæттынц.*

**Хъ.** *(равдисы хъазæн сынтæг).* Æркæсут-ма лæмбынæг авдæн æмæ сынтæджы кондмæ. Цæйас у сынтæг, Геор? (*Сынтæг у стыр.)* Цæйас у авдæн, Зæринæ? (*Гыццыл. Авдæн у гыццыл æмæ ныллæг.)*

**Хъ.** Сывæллæттæ, цавæр къæхтæ ис авдæнæн? *Кæд æй нæ зоной, уæд хъомылгæнæг йæхæдæг дзуапп дæтты.*
Иумæ-ма зæгъут: къæлæт къæхтæ. *Мыр «къ» куыд дзурынц, уымæ хъус дарын.*
**Хъ.** Чи уæ зæгъдзæн, авдæны къæхтæ къæлæт конд цæмæн сты? Нæ зонут?
**Хъ.** Цæмæй авдæн аузæн уа. (*Узы авдæн.)* Мæнæ йæ афтæ аузæм. Цæмæй конд сты сынтæг æмæ авдæн?
*Сывæллæттæ дæттынц алыхуызон дзуаппытæ: æфсæйнаг, пластмассæ, хъæдын.*
**Хъ.** Цæмæй гыццыл саби бафынæй уа, уый тыххæй ма йын йæ мад заргæ дæр фæкæны. (*Хъомылгæнæг равдисы, авдæн куыд узын хъæуы, уый.)*

**Авдæн**
Цæуы, цæуы æдзухæй,
Фæузæм æй нæ къухæй,
Фæлæ æнцад куы ’рлæууы.
Уæд та саби ныккæуы.

*Дауыраты 3.*

*Сывæллæттæй алкæмæн дæр бар раттын авдæн аузынæн, æмдзæвгæйы ныхæстæ та иумæ дзурынц.*
**Хъ.** С-с-с, сывæллæттæ, гыццыл саби бафынæй, уадзæм æй ам æмæ цомут, нæ хъазæн чындз Мæдинæйæн цы мебель балхæдтам, уый фенæм. Цымæ сæм куыд зилы.
*Ацæуынц хъазæн чындзы уатмæ.*
**Хъ.** Сабитæ, кæсут, цы æнæфснайд та у Мæдинæйы уат. Æркæсут-ма мебельмæ.
*Сывæллæттæ лæмбынæг кæсынц.*
**Хъ**. Светæ, фынгæн цы нæ фаг кæны?
**С**. Фынгæн йæ иу къах саст у.
**Хъ**. Къоста, бандон та цы хъуаг у?
**К**. Бандонæн дæр йæ къæхтæ саст сты.
**Хъ**. *(хъазæн чындз Мæдинæмæ дзуры).* Мæдинæ, цæй тагъд асастай дæ мебель?
– Уæртæ сæ бырæттæм акалут. Æз ныр зонын, мебель кæм уæй кæнынц, уый. Ацæудзынæн æмæ ногтæ балхæндзынæн. *Дзуры хъомылгæнæг Мæдинæйы бæсты.*

**Хъ.** Раст у Мæдинæ, сабитæ? (*Сывæллæттæ дзуапп дæттынц.)*
**Хъ.** Раст нæу. Ацы мебелæн сцалцæг кæнæн ис? Цавæр æрмæгæй конд сты?
**С**. Хъæдæй. Ис сын срæвдзгæнæн.
**Хъ**. Хъæдын мебель та цæмæй æмбæлы цалцæг кæнын?
**С**. Дзæбуг æмæ зæгæлтæй.
**Хъ.** Бавдæлæм уæдæ, æмæ сæ сцалцæг кæнæм. (*Дзуры æмæ амоны йæ архæйдтытæ.)* Иу тымбыл къухæй иннæ къухы армы тъæпæн æрхойæм, цыма дзæбугæй зæгæл хойæм, афтæ, æмæ дзурæм:

Дзæбуг, дзæбуг – къупп-къупп-къупп.
Хъахъхъæ, хъахъхъæ – къух-къух-къух. *(2 хатты)*

*Астемыраты Изет*

*(Мыр **хъ** куыд дзурынц, уымæ хъус дарын.)*
**Хъ.** Сног та кодтам Мæдинæйы уаты мебель. (*Дзуры хъазæн чындзмæ.*) Мæдинæ, мебельмæ зилын хъæуы, дæхимæ куыд зилыс, афтæ. Радзурут-ма, сабитæ, Мæдинæйæн, куыд зилын хъæуы мебельмæ, уый.
***С.*** (*иумæ дзурынц*). Хъеллау ма кæн бандоныл, гæппытæ ма кæн сынтæгыл. Сæ рыг сын-иу асæрфын фæхъæуы.
**Хъ.** Мæнмæ гæсгæ, Мæдинæ ныр йæ мебель хорз дардзæн. Бузныг уын, сабитæ.

**22-аг ахуыры сахат**
**Темæ: «МÆ МАД».**

**Нысантæ:**

– Ахуыр кæнын хъомылгæнæджы фæрстытæн æххæст дзуаппытæ дæттыныл; хъомылгæнæджы æххуысæй аразын цыбыр радзырдтæ, нывтæй пайда кæнгæйæ.
– Архайын аргъауы мидисмæ гæсгæ миногонтæй пайда кæнын: *рæсугъддæр, хæрзконддæр*.
– Рæзын кæнын сабиты зæрдæты уарзондзинады æнкъарæнтæ ныййарджытæм.

**Дзырдуат***:* *уарзæгой,* амонæн фæйнæг, *рæвдаугæ, мæстджын.*
**Цæстуынгæ æрмæг:** амонæн фæйнæг; 3 зиллаччы цæсгомы нывтимæ, сырх гæххæттæй конд зæрдæ. Стъолыл – хъазæн

театр Джимиты Кларæйы аргъаумæ «Хъазы лæппын йæ мады куыд агуырдта».

**Ахуыры сахаты нывæст**

**Хъ.** Уæ бон хорз, сабитæ! Чи уæ æрбакодта абон рæвдауæндонмæ?

*Сабитæ иугай дзуапп дæттынц.*

**С.** – Мæн æрбакодта мæ мад.

– Мæн æрбакодта мæ хо.

– Мæн æрбакодта мæ нана.

*(Афтæ дарддæр алы сывæллон дæр дзуры, рæвдауæндонмæ йæ чи æрбакодта, уый ном.)*

**Хъ.** Уæ фылдæры рæвдауæндонмæ æрбахонынц уæ мадæлтæ æмæ нанатæ. Иугай-ма мын радзурут уæ мадæлтæ æмæ уæ нанаты нæмттæ.

*Сывæллæттæ иугай дзурынц.*

**Хъ.** Цы рæсугъд нæмттæ ис уæ мадæлтæн. Сабитæ, уæ нанатæ æмæ уæ мадæлты уарзут æви нæ?

*Сывæллæттæ иумæ дзуапп дæттынц: «О!»*

**Хъ.** Уæ къухтæй-ма равдисут, цæйбæрц сæ уарзут, уый.

*Сывæллæттæ равдисынц къухтæй, куыд уарзынц сæ мадæл-ты, уый.*

**Хъ.** Тагъд уыдзæн нанатæ æмæ мамæты бæрæгбон. Фæнды уæ, æмæ сын исты балæвар кæнæм?

*Сывæллæттæ разыйы дзуапп дæттынц.*

**Хъ.** Кæсут-ма, мæнæ сырх гæххæттæй скодтон «зæрдæ». Хуымæтæг «зæрдæ» нæу, ам ис сæвæрæн мамæ æмæ нанайæн фæлмæн ныхæстæ. Мæн фæнды, цæмæй сымахæй алчидæр йæ мад æмæ йæ нанайæн «фæлмæн» дзырд балæвар кæна, æз та сæ мæнæ ам æвæрдзынæн *(амоны гæххæттæй конд «зæрдæ»-йы дзыпмæ.)*

*Сабитæ архайынц хъомылгæнæджы фæрстыты руаджы дзурын. «Фæлмæн» дзырд зæгъгæйæ, сывæллон йæ къухæй андзæвы гæххæттæй конд «зæрдæ»-йыл.*

**Хъ.** Фатимæ, дæ мад дын ахъæбыс кæны, хоны дæ йæ гыццыл хур. Цавæр у дæ мад?

**Ф.** Уарзæгой. (*Æндзæвы къухæй «зæрдæ»-йыл.)*
**Хъ.** Уарзæгой, лæгъзæвзаг, рæвдауаг. Дзурæм иумæ – *лæгъзæвзаг, рæвдауаг, уарзæгой. (2–3 хатты.)*
**Хъ.** Алан, дæ мад аив къаба скодта? Цавæр у дæ мад?
**А.** Мæ мад у рæсугъд. (*Æндзæвы къухæй «зæрдæ»-йыл.)*
**Хъ.** Агуындæ, кафгæ кæнæ заргæ куы фæкæныс, уæд дыл дæ мад цинтæ нæ фæкæны? Цавæр у дæ мад? (*Хъомылгæнæг аххуыс кæны сабитæн дзуапп раттынмæ.)*
**А.** Мæ мад у цингæнаг. *Æндзæвы къухæй «зæрдæ»-йыл.*
**Хъ.** Зæлинæ, дæ нана дæ бирæ уарзы, йæ гыццыл къона дæ фæхоны? Цавæр у, Зæлинæ, дæ нана?
**З**. Мæ нана у фæлмæнзæрдæ, уарзæгой.
**Хъ.** Лæгъзæвзаг, уарзæгой. Зæгъæм-ма иумæ: *«Нана у фæлмæнзæрдæ, лæгъзæвзаг». (2–3 хатты.)*
**Хъ.** Уæ нанатæ æмæ уæ мадæлты кæй уарзут, уый куыд бамбарын кæндзыстут дзургæйæ?
*(Сабитæн кæд сæ бон нæ уа зæгъын, уæд сын хъомылгæнæг æххуыс кæны.)*
**Хъ.** Мæ уарзон, мæ зынаргъ мад. Мæ фæлмæн нана. Дзурæм иумæ: «Мæ уарзон, мæ зынаргъ мад. Мæ фæлмæн нана».
**Хъ.** Уе ’ппæты фæлмæн ныхæстæ дæр сты «зæрдæйы» æмæ æнæмæнг бахæццæ уыдзысты уæ нанатæ æмæ уæ мадæлтæм.

**Хъазт «Равзар ныв»**

**Хъ.** Ме стъолыл, сабитæ, ис зиллæччытæ алыхуызон цæсгæмтты нывтимæ. Лæмбынæг хъусут мæ фæрстытæм. Фарстмæ гæсгæ равзарын хъæудзæн, зиллæччытыл цы цæсгæмтты нывтæ ис, уыдонæй иу. Æркæсут-ма сæм.
**Хъ.** Нана йæ мидбыл худы, цинтæ дыл кæны. Цавæр цæсгомы ныв равдисдзынæ, Геор? Цæмæн?
**Г.** *(райсы стъолæй хъæлдзæг цæсгомы ныв).* Хъæлдзæг цæсгомы ныв. Худгæ кæны.
*Хъомылгæнæг ныв фидар кæны амонæн фæйнæгыл.*
**Хъ.** Зауыр фыдуаг кæны, коммæ нæ кæсы, рæвдауæндонмæ нæ комы. Йæ мад æм мæсты кæны. Цавæр цæсгомы ныв равдисын хъæуы? Цæмæн?
*Сывæллæттæ æвзарынц ныв æмæ йæ дæттынц хъомылгæнæгмæ.*

**Хъ.** Раст равзæрстат ныв. Мад у мæстджын. Мæстджын, тызмæг. Зæгъут-ма иумæ – *тызмæг, мæстджын.*

**Хъ.** Светæ, дæ мад бафæллад хæдзары куыстытæй, цавæр ныв равзарын хъæуы?

*Сывæллон, æнкъард цæсгомы ныв цы зиллаккыл ис, уый радта хъомылгæнæгмæ.*

**Хъ.** *(фланелеграфмæ амоны).* Æрбакæсут-ма ныр ардæм. Бацамонут, ацы нывтæй кæцы сæвæрæн ис «зæрдæ»-йы? Цæмæн?

*Сывæллæттæ æвдисынц нывтæ æмæ дзуапп дæттынц.*

**Хъ.** Цы хорз у, алкæмæн дæр уæ мамæ æмæ нана кæй ис, уый. Цæй, ныр цæрæгойты мадæлтимæ дæр базонгæ уæм.

*(Стъолыл – хъазæн театр аргъау* ***«Хъазы лæппын»****-мæ гæсгæ.)*

**Хъ.** Абон уæ æз базонгæ кæндзынæн иу хъазы лæппынимæ. Сбадут æмæ лæмбынæг байхъусут. *(Хъазæн мæргътæй театр æвдисы æмæ дзуры.)*

Хъазы лæппын ма айчы мидæг уыдис, афтæмæй алы бон дæр хъуыста йæ мады хъæлæс. Тынг æй бауарзта. Иу бон мадæл хъаз бафынæй, лæппын айкæй рагæпп кодта. Азгъордта кæртмæ. Агуры йæ мады. Кæрты йыл сæмбæлдис карк.

**Хъазы лæппын.** Ды мæ мад нæ дæ, мыййаг?

**Карк.** Æмæ цыхуызæн у дæ мад?

**Хъазы лæппын.** Æппæтæй рæсугъддæр, хæрзконддæр, зарагдæр.

**Карк.** О! Уый æз дæн. Æппæтæй рæсугъддæр æмæ зарагдæр.

**Хъаз.** Азар-ма уæдæ.

**Карк.** Хъо-хъо-хъо! Хъо-хъо-хъо!

**Хъазы лæппын.** Нæ! Нæ! Ды мæ мад нæ дæ. Мæ мадæн фæлмæн хъæлæс ис. Мæ мад у æппæтæй рæсугъддæр. Æппæтæй хæрзконддæр. Зары æппæтæй хуыздæр.

*Аргъау кæронмæ радзурын иннæ ахуыры сахат.*

**Хъ.** Цæй, куыд, уæ зæрдæмæ цæуы аргъау? Куыд зæгъы хъазы лæппын йæ мадæй?

**С**. Æппæтæй рæсугъддæр, хæрзконддæр, зарагдæр.

**Хъ**. Сымах-та цы зæгъиккат уæ мадæлтæй?

*Сывæллæттæ дзурынц иумæ, стæй-та иугай: «Мæ мад у æппæтæй рæсугъддæр, хæрзконддæр».*

**Хъ.** Уæ мадæлтæ æмæ уæ нанатæ уарзынц сымахæн рæвдауæн ныхæстæ ракæнын æмæ уæ ахуыр кæнынц, цæмæй сымах дæр дзурат рæвдауæн ныхæстæ. Цавæр арфæйы ныхæстæ ракæнын хъæуы абон мадæлтæ æмæ нанатæн?
*Сывæллæттæ дзурынц хъомылгæнæгимæ иумæ: «Бузныг, мæ фæлмæнзæрдæ нана. Стыр бузныг дын уæд, мæ уарзон, мæ зынаргъ мад».*
**Хъ.** Мæнмæ гæсгæ, ацы арфæйы ныхæстæ абонæй фæстæмæ сымах кæндзыстут уæ нанатæ æмæ уæ мадæлтæн алы бон дæр.

**23-аг ахуыры сахат**
**Темæ: «ДОХТЫР».**

**Нысантæ:**
– Сюжетон хъазты архайгæйæ ахуыр кæнын вазыгджын дзырдтæй пайда кæнын, диалог дзургæйæ.
Фарст *цæмæй?*-æн раст дзуапп дæттын.
Пайда кæнын миногонтæ æмæ мивдисджытæй.
– Мыр [цъ] сыгъдæг дзурыныл архайын.
Сывæллæтты дзырдуатмæ бахæссын медицинон терминтæ: *бинт, бæмбæг, йод, цъæххос, тæвдбарæн.*
– Архайын арфæйы ныхæстæ дзурыныл нанайæн, мадæн, чызгæн, дохтырæн.
**Цæстуынгæ æрмæг:** сюжетон хъазт «Рынчындон»-æн æрмæг*: бинт, бæмбæг, цъæххос, тæвдбарæн, хъазæн чындз;* 3 зиллаччы алыхуызон цæсгæмтты нывтимæ.
**Ахуыры сахаты нывæст**
**Хъ.** Уæ райсом хорз, сабитæ. Чи уæ уыди рынчын? Искуы уыдыстут дохтырмæ?
*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц.*
**Хъ**. Чи дæ адзæбæх кодта, Зæлинæ?
**З**. Мæ мад. Мæн адзæбæх кодта мæ мад.
**Хъ**. Алинæ, дохтырмæ цæмæ уыдтæ?
**А**. Мæ къух рысти.
**Хъ**. Дæуæй та цы рысти, Алан?

**Ал**. Мæнæн рысти мæ хъус.

**Хъ.** Уæдæ зонут, дохтырмæ цы инструменттæ вæййы, уыдон. Кæсут, мæнæ адон цы сты? (*Амоны, стъолыл цы предметтæ æвæрд ис, уыдонмæ иугай.*) Ай цы у, Сослан? *(Шприц.)*

**Хъ**. Цæмæн хъæуы шприц?

**С**. Укол кæнынæн.

**Хъ.** Ай та цы у? (*Амоны бæмбæгмæ.)* Цæмæн хъæуы?

*Сывæллæттæ дзуапп дæттынц иугай.*

**Хъ**. Сабитæ, адонæй чи фæпайда кæны? *Сывæллæттæ дзуапп дæттынц.*

**С**. Дохтыр, мамæ, хъомылгæнæг. (*Æнæнхъæлæджы дуар «чидæр æрбахоста». Хъомылгæнæг ракаст æмæ йæ къухы æрбахаста хъазæн чындз.)*

**Хъ.** Мæнæ та нæм Мæдинæ æрбацыди. Цыдæр æнкъард у. Цы кодта, цымæ, Мæдинæ?

*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц: «Фынæй кæнын æм нæ цæуы, йæ мадмæ йæ фæнды…»*

**Хъ.** Мæнмæ гæсгæ дзы цыдæр риссы. Ды-ма йæ афæрс, Заремæ, цы дæ риссы, Мæдинæ, зæгъгæ? (*Афтæ цалдæр сывæллоны фæрсынц хъазæн чындзы. Хъомылгæнæг йæхæдæг дзуапп дæтты сывæллæтты фæрстытæн.)*

**Алан**. Мæдинæ, дæ сæр риссы?

**Хъ**. Нæ, мæ сæр нæ риссы.

**З.** Дæ дæндаг риссы, Мæдинæ?

**Хъ**. Нæ, мæ дæндаг дæр нæ риссы.

**Хъ.** Сывæллæттæ, уæ къухæй-ма фенут, кæд æм, мыййаг, тæвд ис Мæдинæмæ?

*Сывæллæттæ сæ къухтæ чындзы ныхыл авæрынц, хъомылгæнæг сæ домы дзуапп. Алы сывæллоны дзуапмæ дæр байхъусы æмæ сын кæм хъæуа, уым æххуыс кæны.*

**Хъ.** *(равдисы тæвдбарæн).* Ай та цы у, сабитæ?

*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц.*

**Хъ.** Ахæм дзаума дохтырмæ дæр æмæ алы хæдзары дæр ис. Махмæ дæр ис рæвдауæндоны. Исчи куы фæрынчын вæййы, уæд ын æй йæ дæларм авæрынц, цæмæй йын йæ буары тæвд сбæрæг кæной. Хонынц æй «тæвдбарæн». (*2–3 хатты дзурынц иумæ*

*дзырд «тæвдбарæн», стæй та – иугай.)*
**Хъ.** Ныртæккæ уын æз дæр уæ тæвд сбардзынæн. *Алы сывæллоны дæларм дæр æвæры хъазæн тæвдбарæн. Æркæсы йæм æмæ дзуры.*
**Хъ**. Тынг хорз. Иумæ дæр уæ тæвд нæй.
*Æвæрынц тæвдбарæн хъазæн чындзæн дæр.*
**Хъ.** Мæдинæмæ дæр тæвд нæй.
*Хъазæн чындз уа-уа, уа-уа кæны.*
**Хъ**. Цæмæ кæуы уæдæ Мæдинæ? Цы йыл æрцыд, цымæ?
*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, кæсут-ма, Мæдинæйы къух тугæйдзаг куы у.
*Хъазæн чындзы æнгуылдз – сырх ахорæнæй ахуырст.*
**Хъ.** Æвæццæгæн, йæ къух риссы, сабитæ. Цы йын кæнын хъæуы?
*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц.*
**Хъ.** Рынчынтæ чи дзæбæх кæны, загътат?
**С**. Дохтыр.
**Хъ.** Уæдæ йæ рæвдздæр дохтырмæ ахонæм.
**Сюжетон хъазт «Рынчындон»**
*Уаты, сюжетон хъазт «Рынчындон» цы къуымы ис, уырдæм араст сты хъазæн чындзимæ. Дохтыры бæсты дзуры рæвдауæг.*
**Хъ**. – Æгас цæут, сывæллæттæ.
– Чи уæ у рынчын?
– Цы дзы риссы?
*Домы сывæллæттæй, цæмæй æххæст дзуаппытæ дæттой фæрстытæн, æмæ сын æххуыс кæны.*
**С**. – Дæ бон хорз, дохтыр.
– Мæдинæ нын у рынчын.
– Алыг кодта йе 'нгуылдз.
**Хъ.** Æрбад, Мæдинæ, бандоныл, æз дын де 'нгуылдз адзæбæх кæнон.
*Рæвдауæг дзуры æмæ архайы дохтыры бæсты йæхæдæг: æркаст æнгуылдзмæ, асæрфта йæ бæмбæгæй, байсæрста æнгуылдз цъæххосæй æмæ йæ бинтæй бабаста.*
**Хъ**. Цæмæй байсæрста дохтыр Мæдинæйы æнгуылдз?

**С**. Хосæй.
**Хъ**. Хос та цыхуызæн уыд, Батрадз?
**Б**. Цъæх.
**Хъ.** Мæдинæйы æнгуылдз цы хосæй байсæрста дохтыр, уый хонæм цъæххос. Зæгъæм-ма иумæ – *цъæххос (2–3 хатты дзурынц.)*
**Хъ**. Тæвд та цæмæй сбарстам, Геор?
**Г.** Тæвдбарæнæй. (*Домы æххæст хъуыдыйæдтæй дзуаппытæ.)*
**Хъ.** Сывæллæттæ, амонæн фæйнæгыл цы цæсгæмтты нывтæ ис, уыдонæй равзарут æнкъард цæсгом æмæ йæ бавдисут. Цы хуызæнæй нæм æрбацыд Мæдинæ? (*Сывæллæттæ райстой ныв æмæ йæ хъомылгæнæгмæ радтой.)*
**Хъ.** Фатимæ, Мæдинæйы æнгуылдз адзæбæх æмæ худы. Кæцы ныв райсдзынæ ды? (*Сывæллон æвзары хъæлдзæг цæсгомы ныв.)*
**Хъ.** Цæмæ уыд æнкъард Мæдинæ? (*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц: «рынчын уыди»; «йæ къух рисгæ кодта»; «йæ къух алыг кодта».)*
**Хъ**. Хъæлдзæг та цæмæн у?
**С**. Дохтыр ын йе ’нгуылдз бабаста. Нал ын риссы.
**Хъ.** Сывæллæттæ, Мæдинæйæн кæй баххуыс кодтат, уый тыххæй уын дохтыр дæтты витаминтæ. (*Алкæмæн дæр ратты витамин.)*
**Хъ.** Цæй æмæ, сабитæ, дохтырæн иумæ зæгъæм бузныг. Хæрзбон.

**24-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «ТРАНСПОРТ».**

**Нысантæ:**

– Ахуыр кæнын сывæллæтты æххæст хъуыдыйæдтæй сæ курдиат æмбарын кæнын хъазты архайгæйæ.
– Амонын иумæйаг дзырд «транспорт»-ы нысан æмæ сæ хуызты нæмттæ. Фарстатæ *цæйас?* æмæ *цæмæн?-æн* раст дзуапп дæттыныл архайын транспорты хуызтыл дзургæйæ.
Сывæллæтты ныхасы ныффидар кæнын ног дзырдтæ: *ивæнхай, аразæн, гуыффæ, адæмласæн, уæзласæн.*

– Транспорты цæугæйæ хидарыны æгъдæуттыл дзурын.

**Цæстуынгæ æрмæг:** амонæн фæйнæгыл – адæмласæн транспорты нывтæ: *автобус, троллейбус, трамвай;* алыхуызы ивæнхæйттæн сæ нывтæ; хъазæн машинætæ.

**Ахуыры сахаты нывæст**

**Хъ.** Уæ райсом хорз, сабитæ! Чи уæ цæуыл æрбацыд рæвдауæндонмæ?

*Сывæллæттæ дзуапп дæттынц.*

**Хъ.** Рæвдауæндонмæ хæстæг чи цæры, уыдон æрбацæуынц къахæй. Дард чи цæры, уыдон та машинæтыл æрбацæуынц. *Фидар кæны амонæн фæйнæгыл адæмласæн транспорты нывтæ.*

Ранымайут, сабитæ, ацы машинæтæн сæ нæмттæ. (*Иугай амоны нывтæм, сывæллæттæ та сын иугай дзурынц сæ нæмттæ: автобус, трамвай.*)

**Хъ.** Автобус, троллейбус, трамвай æмæ такситæ кæй ласынц?

*Сывæллæттæ дзуапп дæттынц: адæмы, сывæллæтты, папæты, наннаты, дадаты, мамæты æмæ афтæ дарддæр.*

**Хъ.** Сывæллæттæ, ацы машинæтæ: *автобус, трамвай, троллейбус, такси* сты адæмласæн. Иу ныхасæй сæ хонæм – адæмласæн транспорт.

Зæгъæм-ма иумæ: цалх – цæлхы**тæ**
рудзынг – рудзгуы**тæ**
бандон – бандæт**тæ**

**Хъ.** *(амоны рульмæ):* Мæнæ ацы хай та машинæйæн хонынц аразæн.

Зæгъæм-ма иумæ: *аразæн (2–3 хатты).*

Кæдæм ма ис ацæуæн адæмласæн транспорты?

*Сабитæ дæттынц алыхуызон дзуаппытæ.*

**Хъ.** Абон нæ рæвдауæндонмæ æрбаласын хъæуы ног мебель. Цавæр машинæйæ æрбаласдзыстæм мебель, сывæллæттæ?

*Сывæллæттæ дзурынц алыхуызон транспорты нæмттæ.*

**Хъ.** Алан, ссар-ма нæ хъазæнтимæ, мебель цы машинæйы æрбаласдзыстæм, ахæм. (*Алан раласта хъазæн машинæ.)*

**Хъ.** Радзурут-ма, цавæр хæйттæй конд у ацы машинæ та?

*Иугай амоны машинæйы хæйттæ.*

**Хъ.** Ай цы у? (*Амоны кабинæ.)*
**С.** Кабинæ.
**Хъ.** Машинæйы кабинæ. *(Домы, цæмæй сывæллæттæ æххæст хъуыдыйæдтæй дзуапп дæттой фарстæн.)*
**Хъ.** *(амоны гуыффæмæ)***.** Ай та машинæйæн йæ кæцы хай у, Хетæг?
*Сывæллæттæ дзуапп дæттынц.*
**Хъ.** Зæгъæм-ма иумæ – машинæйы гуыффæ. (*Афтæ алы хайæн дæр йæ ном дзурынц иумæ цалдæр хатты.)*
**Хъ.** Ацы машинæйы адæм ласын æмбæлы, сывæллæттæ?
*Сывæллæттæ дæттынц алыхуызон дзуаппытæ.*
**Сюжетон хъазт «Шофыр»**
*Хъомылгæнæг хъазæн чындз машинæйы гуыффæйы сбадын кодта æмæ сывæллæттæй иу машинæ аласта йæ фæдыл. Сывæллон машинæ ласы, æмæ хъазæн чындз рахаудта зæхмæ.*
**Хъ.** Цæмæн ахаудта хъазæн чындз зæхмæ? (*Сывæллæттæ дæттынц алыхуызон дзуаппытæ.)* Цавæр машинæйы сбадын кæнын хъуыди хъазæн чындзы? (Адæмласæны – автобусы…) Ацы машинæйы та ласæм алыхуызы уæзæгтæ. Хонæм æй уæзласæн машинæ. Зæгъæм-ма иумæ: *уæзласæн машинæ. (2–3 хатты.)*
**Хъ.** Равдисут амонæн фæйнæгыл адæмласæн æмæ уæзласæн транспорт æмæ ма сын иу хатт сæ нæмттæ зæгъут.(*Дзурынц иумæ.)*
Ацы машинæ та, сывæллæттæ, у уæзласæн. Зæгъут-ма иумæ – уæзласæн машинæ *(2–3 хатты).*
**Хъ.** Бирæ уæзласæн машинæтæ дæр сты транспорт. Куыд уæм кæсы, сывæллæттæ, ацы машинæтæ сæхæдæг цæуынц? *Сывæллæтты дзуаппытæм байхъусын æмæ хатдзæг скæнын.*
**Хъ.** Раст зæгъут. Машинæ тæры шофыр. Æнæ шофырæй иу машинæ дæр йæ бынатæй нæ фезмæлдзæн. Шофыр машинæйæн йæ алы хай дæр зоны. Зилы йæм, йæхимæ куыд зилы, афтæ. Машинæйæ исты куы асæтты, уæд уый балхæны ног ивæнхай æмæ уайтагъд ацалцæг кæны машинæ.
Ныр цомут æрдзмæ. Мæнæ нæ уæзласæн машинæ дæр райсдзыстæм немæ æмæ дзы кæрты ахъаздзыстæм.

**25-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «УАЛДЗÆГ».**

**Нысантæ:**

– Уалдзæг æрдзы цы ивддзинæдтæ æрцæуы, уыдонимæ базонгæ кæнын сабиты, сюжетон нывмæ кæсгæйæ.

– Сахуыр кæнын цыбыр æмдзæвгæ наизусть.

Сывæллæтты базонгæ кæнын ног дзырдтимæ: *ихындзæг, уалдзæг, нау;* архайын номдар æмæ миногонтæ раст бæттынил.

– Уалдзыгон æрдзы рæсугъддзинæдтæм уарзондзинады æнкъарæнтæ равзæрын кæнын.

**Цæстуынгæ æрмæг:** сюжетон ныв «Ралæууыд уалдзæг», гæххæттæй конд наутæ, хъазæн чындзытæ алы сывæллонæн дæр.

**Ахуыры сахаты нывæст**

**Хъ.** Уæ бон хорз, сабитæ! (*Йæ къухы – хъазæн чындз.)* Сабитæ, ракæсæм-ма рудзынгæй, цавæр у боныхъæд абон?

*Сывæллæттæ æмæ хъомылгæнæг кæсынц рудзынгæй æмæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц.*

**Хъ.** Чи зæгъдзæн, афæдзы афонтæй кæцы ралæууыд? Нæ йæ зонут? Мæдинæ йæ зоны. Æмдзæвгæ дæр ма сахуыр кодта. Байхъусут-ма йæм. (*Хъазæн чындзы хуызы дзуры хъомылгæнæг.)*

| | |
|---|---|
| Атадысты миттæ, | Хуссæртты фæзынди |
| Бахъæлдзæг ис бон, | Цъæх-цъæхид кæрдæг, |
| Ихæй аræзт хидтæ | Гæлæбу æрзылди |
| Фестадысты дон… | М‘ алыварс цæрдæг. |

*Цæрукъаты В.*

*Хъомылгæнæг ауындзы ныв амонæн фæйнæгыл.*

**Хъ.** Æрбакæсут-ма мæнæ ацы нывмæ, Мæдинæ йæ æрбахаста. Цы уынут, сывæллæттæ, нывы?

*Сывæллæттæ дзуапп дæттынц: хур кæсы; миттæ æмæ ихтæ тайынц; чызг, лæппу.*

**Хъ.** *(амоны ихтæдзынджытæм).* Адон та цы сты?

*Сывæллæтты дзуаппытæм байхъусын, стæй хатдзæг скæнын.*

**Хъ.** Адон сты ихындзæгтæ. Ихындзæгтæ хуры хъарммæ тайынц, æмæ цыма кæугæ кæнынц, афтæ зæхмæ æртæхгай хауынц.
Зæгъæм-ма иумæ – *ихындзæгтæ тайынц (2–3 хатты).*
**Хъ.** Цæмæ тайынц миттæ, ихындзæгтæ, сывæллæттæ?
*Сывæллæттæ дæттынц алыхуызон дзуаппытæ, хъомылгæнæг сæ æххæст кæны æмæ домы, цæмæй архайой æнæхъæн хъуыдыйæдтæй дзуапп дæттыныл.*
**Хъ.** Раст у, сабитæ, хур тынгдæр тавы, мит тайы, рæстæг фæхъарм. Цæй æмæ мах дæр нæхи хуры хъарм тынтæм батавæм.
**Улæфты минут**
Хур тавы: кæрæдзи къухтыл æрхæцæм. (*Хъомылгæнæг дзуры æмæ амоны. Сывæллæттæ йæ фæзмынц.)* Къухтæ хæрдмæ сивазæм, къахфындзтыл слæууæм, хурмæ нæхи батавæм *(2–3 хатты).* Цы хорз нæ батавта хур! Схъарм стæм? Хорз. Æрбакæсутма, сабитæ, нывмæ иу хатт.
**Хъ.** Чи у, Зауыр? (*амоны нывмæ). Лæппу.*
**Хъ.** Ай та чи у, Зæлинæ? (Чызг.) Цы кусынц чызг æмæ лæппу?
*Сывæллæттæ дзуапп дæттынц.*
**Хъ**. Мæнæ уый та цы у? Цæмæн ныззылынтæ?
*Сывæллæттæм лæмбынæг байхъусын æмæ сын сæ дзуаппытæ баххæст кæнын.*
**Хъ.** Цæмæй бæрæг у, Митын дада тайын райдыдта, уый?
**С**. Хур æй батавта æмæ йæ рæбынтæй дон уайы.
**Хъ.** Афæдзы афонтæй кæцы ралæууыд, уый нæма базыдтат, сабитæ?
*Кæд сывæллæтты бон нæ бауа, уæд хъомылгæнæг йæхæдæг зæгъы.*
**Хъ.** Сывæллæттæ, ралæууыд уалдзæг. Хур тынгдæр тавы. Мит тайы. Кæрты алырдыгæй дон уайы уынгмæ. Зæгъæм-ма иумæ – *ралæууыд уалдзæг. (2–3 хатты.)*
Цы кусынц мæнæ ацы чызг æмæ лæппу та? (*Сывæллæтты æргом та раздахын нывмæ.)*
**Хъ.** Чызг æмæ лæппу доны нау уадзынц. Зæгъæм-ма иумæ – *нау; уадзынц нау. (2–3 хатты.)*
**Хъ.** *Æ*з дæр уын, сабитæ, скодтон гæххæттæй наутæ. (*Æвдисы наутæ сывæллæттæм.*) Фæлæ ма Мæдинæимæ æмдзæвгæ иу

хатт куы радзуриккат, уый мæ фæнды. *(Хъомылгæнæг æмæ сывæллæттæ дзурынц æмдзæвгæйы ныхæстæ иумæ.)*
**Хъ.** Иннæ ахуыры сахаты мах ацы æмдзæвгæ кæронмæ сахуыр кæндзыстæм, ныр та цомут кæртмæ æмæ нæ наутæ доны ауадзæм.

**26-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «УАЛДЗÆГ».**

**Нысантæ:**

– Амонын сывæллæттæн уалдзыгон æрдзы фæзындтæ.

– Ахуыр кæнын сабиты аргъаумæ хъусын æмæ йын йæ мидис фæрстытæм гæсгæ дзурын («Хиппæлой тæрхъус»).

Базонгæ кæнын сывæллæтты дзырдтимæ: *фæдаргъ, фæхъарм, æппæлын – хиппæлын,* æмæ сæ ныхасы ныффидар кæнынил архайын.

– Хорз æмæ æвзæр хъуыддæгтæн аргъ кæнынил ахуыр кæнын сабиты.

**Цæстуынгæ æрмæг:** хъазæн чындз; хъазæн тæрхъус.

**Ахуыры сахаты нывæст**

**Хъ.** Уæ райсом хорз, сабитæ! Чи зæгъдзæн, афæдзы афонтæй кæцы ралæууыд? Цавæр у абон боныхъæд та?
*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц. Æнæнхъæлæджы дуар чидæр æрбахоста, хъомылгæнæг рахаста хъазæн чындз Мæдинæйы æмæ хъазæн тæрхъусы.*
**Хъ**. Сывæллæттæ, чи нæм æрбацыд уазæгуаты?
**С.** Хъазæн чындз Мæдинæ æмæ тæрхъус.
**Хъ**. Салам сын раттут.
**С.** Æгас нæм цæут, нæ зынаргъ хъазæнтæ.
**Хъ**. Сабитæ, чи уæ зоны, кæм цæры тæрхъус?
**С**. Тæрхъус цæры хъæды.
**Хъ.** Йæ сыхæгтæ та чи сты хъæды?
**С**. Арс, бирæгъ, рувас, æхсæрæг.
**Хъ.** Кæсут-ма, нæ тæрхъус куыд зыр-зыр кæны, йæ хъустæ

æруагъта. Цымæ, цы кодта, цæмæй фæтарст тæрхъус?
*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц.*
**Хъ.** Мæдинæ зоны, цæмæй фæтарст тæрхъус, уый. Байхъусут-ма йæм лæмбынæг.
*Сывæллæттæ æрбадынц хъомылгæнæджы алыварс æмæ сын уый дзуры аргъау хъазæн чындзы хуызы.*
**Аргъау «Хиппæлой тæрхъус»**
Ацы тæрхъус цæры хъæды (*амоны хъазæнмæ*). Ралæууыд уалдзæг. Бон фæдаргъдæр. Хур тынгдæр тавы. Сырдтæ райхъал сты. Мадæл арс йæ лæппынтимæ лæгæтæй ралæст.
Нæ тæрхъус æрæмбырд кодта йе 'мбæлтты, слæууыд къуыбырыл æмæ йæхицæй æппæлы: «Хъусут-ма, тæппудтæ! Нал тæрсын æз бирæгъæй, бирæгъы мæ хъилхъустæй æз фæсурдзынæн нæ хъæдæй!»
Гæппытæ кæны. Æнæнхъæлæджы бирæгъ нæ, фæлæ рувас кæцæйдæр рагæпп кодта. Нæ тæрхъус фыртæссæй къуыбырæй ратылди. Хорз æмæ йыл Мæдинæ сæмбæлд.
*Равдисы-ма иу хатт тæрхъусы зырзыргæнгæ.*
**Хъ.** Бирæгъ æй фæтæрсын кодта æмæ йыл зырзырæг бафтыд. Тæригъæд у. Æрсабыр-ма йæ кæнут, сабитæ. Цы йын зæгъдзынæ ды, Светæ?
**С.** Ма тæрс, тæрхъус, мах дæ бирæгъæн нæ ратдзыстæм.
**Хъ.** Нæ тæрхъус у хиппæлой æмæ йыл уымæн æрцыд ахæм цау. Зæгъæм-ма иумæ – *хиппæлой тæрхъус (2–3 хатты).*
**Хъ.** Сывæллæттæ, æппæлын хорз у?
*Сывæллæттæ алыхуызон дзуаппытæ дæттынц.*
**Хъ.** Барæвдауæм-ма нæ тæрхъусы æмæ йын азарæм.
**Хъ.** Мæдинæйы æмдзæвгæмæйы ныхæстæ.
*Хъомылгæнæг æмæ сабитæ иумæ фæлварынц зарын.*

Атадысты миттæ,
Бахъæлдзæг ис бон,
Ихæй арæзт хидтæ,
Фестадысты дон.
Дон, дон, дон.
Дон, дон, дон.
Зæххы та цы хъæуы?

Дон, дон, дон.
Хуссæртты фæзынди,
Цъæх-цъæхид кæрдæг.
М‘ алыварс æрзылди
Гæлæбу цæрдæг.

*Цæрукъаты В.*

**Хъ.** Бузныг дын, Мæдинæ. Хæрзбон, нæ иннæ фембæлдмæ уал.

**27-æм ахуырты сахат**
**Темæ: «УАЛДЗÆГ».**

**Нысантæ:**

– Ахуыр кæнын сабиты хъомылгæнæджы фæрстытæн æххæст хъуыдыйæдтæй дзуапп дæттыныл.

– Æмбарын кæнын базон-базонты мидис æмæ сын дзуапп ссарыныл архайын. Сабиты хъуыдыкæнынад рæзын кæныныл архайын.

Бафидар кæнын сывæллæтты ныхасы дзырдтæ: *къуыбар, уалдзыгон, тæрхъус-хъилхъус, хъарм бæстæ.*

– Æрдзы рæсугъддзинæдтæ хъахъхъæныныл ахуыр кæнын сабиты.

**Цæстуынгæ æрмæг:** сюжетон нывтæ: «Зымæг хъæды», «Уалдзæг хъæды», хъазæн – стыр тæрхъус.

**Ахуыры сахаты нывæст**

**Хъ.** Зымæгæй ардæм нæма уыдтæн хъæды. Знон ацыдтæн æмæ йæ нал базыдтон. Кæсут-ма, куыд аивта йæхи.

*Ауындзы амонæн фæйнæгыл æрдзы нывтæ: «Зымæг хъæды», «Уалдзæг хъæды». Сывæллæтты æргом здахы фыццаг нывмæ.*

**Хъ**. Цы уынут ацы нывы?

*Сывæллæттæ дзуапп дæттынц.*

**Хъ.** *(амоны 2-г нывмæ).* Ацы нывы та цы уынут? Цы фæци мит? Цы фæзынди бæлæстыл? Цавæр цъиутæ æрбатахтысты хъарм бæстæй?

*Сывæллæттæ архайынц дзуапп дæттыныл, хъомылгæнæг сын æххæст кæны сæ дзуаппытæ.*

**Хъ.** Базонут-ма, уæдæ, уый кæд вæййы?
**Базон-базон**
Миттæ тайынц,
Дæттæ уайынц.
Хуры тынтæ тавынц зæхх.
**С.** Уалдзæджы.
**Хъ.** Раст у, сабитæ, ралæууыд уалдзæг, æрдз бонæй-бонмæ рæсугъддæр кæны. Цæрæгойтæ базмæлыдысты. Цымæ, цæмæн, чи зæгъдзæн?
*Сывæллæттæ дзуапп дæттынц, хъомылгæнæг сын æххуыс кæны.*
**Хъ.** Цæрæгойтæ ивынц сæ зымæгон дарæс. Кæсут-ма, мæнæ нæ тæрхъус дæр скодта уалдзыгон дарæс. (*Равдисы фæныкхуыз хъазæн тæрхъус.*) Ахъазæм-ма йемæ.
**Хъазт «Тæрхъустæ»**
*Хъомылгæнæг дзуры æмæ архайдæй амоны хъазты мидис, сывæллæттæ йæ фæзмынц.*
**Хъ.** Хъæды цæрынц тæрхъустæ.
Уыдон ысты хъилхъустæ.
Иу тæрхъус фæхъæр кодта:
«Ауадзут мæ, тæппудтæ,
Нал тæрсын æз бирæгъæй.
Бирæгъы мæ хъилхъустæй
Æз фæтæрон а хъæдæй».
**Хъ.** Кæсут-ма, сабитæ, нал зыр-зыр кæны нæ тæрхъус. Схъил кодта йæ хъустæ. Цомут ныр æрдзмæ, немæ айсæм нæ хъазæнтæ, Мæдинæ æмæ нæ тæрхъусы, уадз æмæ уыдон дæр уалдзыгон хуры тынтæм сæхи батавой.

**28-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «УАЛДЗÆГ».**

**Нысантæ:**

– Дарддæр ахуыр кæнын сабиты сюжетон нывтæм гæсгæ цыбыр радзырдтæ дзурынил хъомылгæнæджы æххуысæй.

– Архайын сывæллæтты дзырдуат хъæздыг кæнын миногонтæ æмæ мивдисджытæй. Сабиты хъуыдыкæнынад рæзын кæнын.

Мыр (*хъ*) раст æмæ сыгъдæг дзурын тагъддзуринæгты руаджы.

– Уарзондзинады æнкъарæнтæ æвзæрын кæнын сабиты зæрдæты цæрæгойтæ æмæ мæргътæм.

**Дзырдуат:** *уасæг, къоппа, карк, хъуыдатт, хъахъхъæнын.*

**Цæстуынгæ æрмæг:** ныв «Хæдзары мæргътæ» – амонæн фæйнæгыл фидаргондæй.

### Ахуыры сахаты нывæст

*Хъомылгæнæг равдисы ныв «Хæдзары мæргътæ».*

**Хъ.** Сабитæ, бакæсут-ма нывмæ лæмбынæг.

– Цавæр афæдзы афон æвдыст цæуы нывы? *(Уалдзæг.)*

– Цы у мæнæ ай? *(Амоны уасæгмæ.)*

– Цы у ай уасæгæн? *(Амоны уасæгæн йæ къоппа, йæ къæдзилмæ.)*

– Цыхуызæн у уасæгæн йæ къоппа?

– Цавæр къæдзил ис уасæгæн?

*Сывæллæттæ архайынц хъомылгæнæджы фæрстытæн дзуапп дæттыныл.*

**Хъ.** Кæй уæ фæнды уасæджы тыххæй радзурын? *Байхъусын 2–3 сывæллонмæ. Æххæст сын кæнын сæ дзуаппытæ.*

Зæгъæм-ма иумæ: мæнæ уасæг. Ис ын сырх къоппа, рæсугъд къæдзил. Уасæг зары: «Хъи-хъри-хъо!»

**Хъ.** Ныззарæм-ма иумæ: «Хъи-хъри-хъо!» *(2–3 хатты.)*

*Сывæллæттæ зарынц æмæ хъомылгæнæджы амындмæ гæсгæ æвдисынц, уасæг йæ базыртæ куыд æрцæгъды, уый.*

*Хъомылгæнæг дарддæр нывы æвдисы цъиутæ.*

– Адон цы сты? (*Цъиутæ.)*

– Цæйас сты? (*Гыццылтæ.)*

– Цыхуызæн сты? *(Бур, сау, хъулон-мулон.)*

**Хъ.** Фæлмæн, хæмпус цъиутæ. Куыд зарынц гыццыл хæмпус цъиутæ?

**С.** Цъипп-цъипп *(2–3 хатты)*.

**Хъ**. Чи нын радзурдзæн цъиуты тыххæй та?

*Байхъусын 1–2 сывæллонмæ. Баххæст сын кæнын сæ дзуаппытæ. Хъомылгæнæг равдисы карчы ныв.*
**Хъ.** Цъиутæ иунæгæй сты кæрты?
**С**. Сæ мадимæ.
**Хъ.** Цы ми кæны мадæл карк?
**С**. Амоны цъиутæн холлаг агурын, кæрдæгыл хизын.
**Хъ.** Мадæл карк ма ноджы хъахъхъæны йæ цъиуты. Зæгъæм-ма иумæ – *карк хъахъхъæны йæ цъиуты (2–3 хатты дзурынц иумæ, стæй иугай дзурынц: карк хъахъхъæны.)*
**Хъ**. Махæн та карк цы ратты? (*Айк.)*
**Хъ.** Ракурæм-ма каркæй айк. Фыццаг уал мæнмæ байхъусут, стæй дзурдзыстæм иумæ.
Карк – хъуыдатт!
Карк – хъуыдатт!
Айк мын ратт.
Айк мын ратт.
Фыдæбон – дæуæн,
Айк та – мæнæн!
*Хъомылгæнæг алы сывæллонæн дæр ратты айк æмæ сын хæрзбон зæгъы.*

**29-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «ДИДИНДЖЫТÆ».**

**Нысантæ:**

– Ахуыр кæнын сывæллæтты хъомылгæнæджы фæрстытæн дзуаппытæ дæттыныл.

– Амонын лыггонд нывтæй æнæхъæн ныв æрæмбырд кæнын æмæ йын йæ мидис радзурыныл архайын.

Сывæллæтты дзырдуаты ныффидар кæнын ног дзырдтæ: *уарди, дидинсыфтæ, зæнг.*

– Æрдзмæ уарзондзинады æнкъарæнтæ парахат кæнынын.

**Цæстуынгæ æрмæг:** чыргъæды – алыхуызы дидинджытæ; дидинджыты нывтæ – амонæн фæйнæгыл фидаргонд: дидинджыты нывтæ лыггондæй – алы сывæллонæн дæр.

## Ахуыры сахаты нывæст

*Хъомылгæнæг æрбахаста уатмæ дидинджытæ.*

**Хъ.** Сабитæ, кæсут-ма, цы рæсугъд дидинджытæ ис чыргъæды. Цæмæн хъæуынц дидинджытæ? Цавæр дидинджытæ вæййы?

*Сывæллæттæ архайынц дзуапп дæттыныл.*

**Хъ.** Æркæсут-ма сæм иу хатт лæмбынæг. Цыхуызæн сты дидинджытæ?

**С.** Сырх, урс, бур...

**Хъ.** Цавæр сты ацы дидинджытæ?

С. Алыхуызон.

*Сывæллæттæ дзуапп дæттынц.*

**Хъ.** Сослан, мæнæ ацы дидинджытæ цавæр сты? *(Амоны лыстæг урс дидинтæм.)*

**С**. Лыстæг.

**Хъ.** Ноджы ма цавæр сты? (*Урс*.)

*Афтæ 3–4 сывæллоны бафæрсын æмæ сын сæ дзуаппытæм байхъусын.*

**Улæфты минут.**

**Дидинæг**

Дидинджытæ куыд сырх сты,
Куыд цъæх æмæ куыд буртæ!
Талынг хъуырæй ысхызтысты
Рухсы чысыл хъæбултæ…

*Æлборты Хадзумар*

*Сывæллæттæ ныллæг бадынц сæ уæрджытыл, сындæггай фестынц, слæууынц сæ къæхтыл; къухтæ уæлæмæ сисынц, стæй сæ фæйнæрдæм ивазынц. Хъазынц 2–3 хатты.*

**Дидактикон хъазт «Æрæмбырд кæн дидинæг».**

**Хъ.** Стъолыл лыггонд нывтæй æнæхъæн æрæмбырд кæнут. Радзурут, цы æрæмбырд кодтат. *(Сывæллæттæ архайынц.)*

**Хъ.** Ирæ, цы æрæмбырд кодтай? *(Дидинæг.)*

Цыхуызæн дидинæг у? **(***Сырх***.)**

**Хъ.** Зауыр, дæумæ та цы рауад? *(Дидинæг.)*

Дæуæн та цавæр у дæ дидинæг? **(***Стыр сырх.)*

**Хъ**. Мæнæ ай та цы у дидинæгæн? *(Амоны зæнгмæ.)*

**Хъ**. Сывæллæттæ, ай у дидинæгæн йæ зæнг.

Зæгъæм-ма иумæ: *дидинæджы зæнг.* (*2–3 хатты*.)

**Хъ.** Зæринæ, мæнæ ай та цы у дидинæгæн? *(Амоны дидинсыфмæ.*

*Кæд нæ зоной фарстæн дзуапп, уæд дзуры хъомылгæнæг йæхæдæг.)*

**Хъ.** Мæнæ дидинсыф. Дидинæгæн ис бирæ дидинсыфтæ.Зæгъæмма иумæ: *дидинсыф, дидинсыфтæ.*

**Хъ.** Цы уарзынц дидинджытæ? Цы сæ хъæуы, цæмæй уой рæсугъд?

**С**. Хур. Дон. Хъарм.

**Хъ.** Сæвæрут дидинджытæ вазæйы æмæ сыл дон ныккæнут.

*Сывæллæттæ дидинджытæ иугай исынц чыргъæдæй вазæмæ æмæ сыл кæнынц дон.*

**Хъ.** Ныр дидинджытæ бирæ фæлæудзысты нæ уаты æмæ нын сæ уындæй нæ зæрдæтæ рухс кæндзысты. Сымахæн та бузныг, сабитæ. Нæ иннæ фембæлдмæ.

**30-æм ахуыры сахат**
**Темæ: «УÆЗДАН НЫХАС.**
**РÆВДАУÆН ДЗЫРДТÆ».**

**Нысантæ:**

– Ахуыр кæнын сывæллæтты уæздан ныхасы руаджы курдиат æххæст кæнын. Монологтæ аразыныл архайын.

– Амонын рæвдауæн дзырдтæ: *табуафси, æхсызгон мын у, дæ хорзæхæй.*

– Архайын, цæмæй сабитæ хуыздæр æнкъарой æрдзы рæсугъддзинæдтæ.

**Цæстуынгæ æрмæг**: хъазæн чындз.

### Ахуыры сахаты нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, абон уæ рæвдауæндонмæ куы æрбакодтой, уæд кæрæдзийæн салам куыд лæвæрдтат?

**С.** Дæ райсом хорз; салам; æгас цу.

**Хъ.** Æз ма ноджыдæр иу ныхас зонын, фæзæгъын æй, фылдæр кæй уарзын, уыцы æмбæлттæн. Æхсызгон мын у дæ фенд. Зæгъæм-

ма иумæ – *æхсызгон мын у дæ фенд. (2–3 хатты дзурынц иумæ, стæй алы сывæллон дæр – хицæнæй.)*

**Дзырдтæй хъазт**

Сабитæ, ахъазæм-ма иумæ: чызджытæ иуырдыгæй слæууæнт, лæппутæ та – сæ бакомкоммæ. Фыццаг дзуры чызг.

**Ч.** Дæ райсом хорз!

**Л.** Æгас цу! Æгас æрцу!

**Ч.** Æхсызгон мын у дæ фенд. *(Афтæ цалдæр къайы фæкæнын сабиты.)*

*Уыйфæстæ дзуры лæппу:* «Дæ райсом хорз!»

**Ч.** Æгас цу!

**Л.** Æхсызгон мын у дæ фенд.

*Æнæнхъæлæджы чидæр дуар æрбахоста. Хъомылгæнæг йæ къухы æрбахаста хъазæн чындз. Дзуры хъазæн чындзы хуызы.*

**Хъазæн чындз Мæдинæ.** Уæ райсом хорз! *(Хæстæг балæууыд сывæллæттæм.)*

Мæнæ уæм цас хъазæнтæ ис! Хъазæн мебель; хъазæн чындзытæ, машинæтæ, пуртитæ, алыхуызон ахорæнтæ. Хъомылгæнæг уæм фæдæтты хъазæнтæ? Æмæ уæм ахорæнтæ дæр ратты?

**С.** О! Раттынц нæм хъазæнтæ дæр, ахорæнтæ дæр æмæ кърандæстæ дæр.

**М.** Цы хорз у! Алы хъазæнæй дæр уæ бон у ахъазын. Куы уæ бафæнда, уæд ныв кæнут ахорæнтæй. Мæнмæ та мæ хо ахорæнтæ нæ фæдæтты. Хыл мæм фæкæны.

**Хъ.** Ахъуыды-ма кæн, Мæдинæ, цæуылнæ дæм фæдæтты дæ хо йæ ахорæнтæ, йæ хъазæнтæ?

**М.** Чъынды у.

**Хъ.** Раст у Мæдинæ? Цавæр ныхæстæ зæгъын фæхъæуы, цæмæй уæм ахорæнтæ раттон?

*Сывæллæттæ нæма сарæхсдзысты ацы фарстæн дзуапп раттынмæ, уымæ гæсгæ хъомылгæнæг дзуры йæхæдæг.*

**Хъ.** Зæгъын хъæуы уæздан ныхæстæ: *табуафси, дæ хорзæхæй.* Зæгъæм-ма иумæ – дæ хорзæхæй. *(2–3 хатты дзурынц иумæ, стæй алы сывæллон дæр. )*Ныр та зæгъæм – *табуафси, ратт мæм дæ хъазæн. (2–3 хатты.)*

**Хъ.** Ирæ, райс Светæйæ сырх кърандас.

**И.** Дæ хорзæхæй, Светæ, ратт-ма мын сырх къарандас.
**С.** Ирæ, табуафси, айс сырх къарандас.
**Хъ.** Азæ, Хетæгæй ракур гæххæтт.
**А.** Хетæг, дæ хорзæхæй, ратт-ма мын гæххæтт.
Х. Азæ, табуафси, айс гæххæтт.
**Хъ.** Азæ, Хетæг дын радта гæххæтт, цы йын зæгъын хъæуы?
**А.** Бузныг, Хетæг.
**Хъ.** Ныр та ды ракур, Мæдинæ, Аликкæй машинæ. *(Дзуры хъазæн чындзмæ.)*
**М.** Алик, мæн дæ машинæ хъæуы.
**Хъ**. Раст дзуры Мæдинæ, сывæллæттæ?
**С.** Нæгъ. Зæгъын хъæуы афтæ: «Алик, дæ хорзæхæй, ратт-ма мæм дæ машинæ».
**Мæдинæ (***дзуры хъомылгæнæг***).** Ныр æз дæр базыдтон, мæ хойæ ахорæнтæ куыд ракурын хъæуы, уый. Æз ын зæгъдзынæн: «Дæ хорзæхæй, ратт-ма мæм дæ ахорæнтæ». Стæй йын зæгъдзынæн: «Бузныг».
**Хъазæн чындз Мæдинæ.** Мæнæн тынг æхсызгон уыд, уæздан ныхæстæ дзурыныл мæ кæй сахуыр кодтат, уый, æмæ уын зæгъын: «Стыр бузныг».
**Хъ.** Сывæллæттæ, сымах дæр ма рох кæнут алы бон дæр кæрæдзийæн уæздан ныхæстæ дзурын.

# СÆРГÆНДТÆ

ПЕРСПЕКТИВОН-ТЕМАТИКОН ПЪЛАН КÆСТÆР КЪОРДÆН (ИРОН ÆВЗАГ)....4
1-аг ахуыры сахат. Темæ: «Бинонтæ»....9
2-аг ахуыры сахат. Темæ: «Бинонтæ»....11
3-аг ахуыры сахат. Темæ: «Нæ рæвдауæндон»....12
4-æм ахуыры сахат. Темæ: «Фæззæг»....14
5-æм ахуыры сахат. Темæ: «Фæззæг»....17
6-æм ахуыры сахат. Темæ: «Халсартæ»....21
7-æм ахуыры сахат. Темæ: «Дыргътæ»....23
8-æм ахуыры сахат. Темæ: «Нæ цæрæнбынат»....26
9-æм ахуыры сахат. Темæ: «Адæймаджы буары хæйттæ»....29
10-æм ахуыры сахат. Темæ: «Адæймаджы æмæ цæрæгойты уæнгтæ»....31
11-æм ахуыры сахат. Темæ: «Хъазæнтæ»....35
12-æм ахуыры сахат. Темæ: «Зымæг нæ кæрты»....37
13-æм ахуыры сахат. Темæ: «Заз бæлас»....41
14-æм ахуыры сахат. Темæ: «Ног азы бæрæгбон»....44
15-æм ахуыры сахат. Темæ: «Зымæг æмæ цæрæгойтæ»....47
16-æм ахуыры сахат. Темæ: «Хæдзары мигæнæн дзауматæ»....50
17-æм ахуыры сахат. Темæ: «Хæринаг»....53
18-æм ахуыры сахат. Темæ: «Дарæс»....56
19-æм ахуыры сахат. Темæ: «Дарæс»....58
20-æм ахуыры сахат. Темæ: «Мебель»....61
21-аг ахуыры сахат. Темæ: «Мебель»....63
22-аг ахуыры сахат. Темæ: «Мæ мад»....66
23-аг ахуыры сахат. Темæ: «Дохтыр»....70
24-æм ахуыры сахат. Темæ: «Транспорт»....73
25-æм ахуыры сахат. Темæ: «Уалдзæг»....76
26-æм ахуыры сахат. Темæ: «Уалдзæг»....78
27-æм ахуыры сахат. Темæ: «Уалдзæг»....80
28-æм ахуыры сахат. Темæ: «Уалдзæг»....81
29-æм ахуыры сахат. Темæ: «Дидинджытæ»....83
30-æм ахуыры сахат. Темæ: «Уæздан ныхас. Рæвдауæн дзырдтæ»....85

*Учебное-методическое издание*

Дзадзаева Римма Муратовна

РАЗВИТИЕ ОСЕТИНСКОЙ (ИРОНСКОЙ) РЕЧИ КАК РОДНОЙ

*(МЛАДШАЯ ГРУППА)*

*Редактор* **И.Х. Джанаева**
*Корректор* **А.Б. Гусалова**
*Технический редактор* **Е.Н. Маслов**
*Компьютерная верстка* **А.Ю. Цопанова**

Сдано в набор 15.08.2009. Подписано в печать 03.09.2009.
Формат бумаги 60×84 $^{1}/_{16}$. Бум.офс.65 гр.
Гарнитура шрифта “Warnock”. Печать цифровая.
Усл. п. л. 5,4. Тираж 50 экз. Заказ № 179.

Отпечатано *ИП* Валиевой И.С.
362019, г. Владикавказ, ул. Годовикова, 8